

Mardi Jawi

PIWULANG BASA JAWI
SISWA SMP

adhedhasar
KURIKULUM SMP
GBPP BAHASA DAERAH
1987

2

CBSA



Penerbit
WIDYA DUTA
Surakarta



80/2
1700
Drs. Soetarno

bobby
II 10/20

Mardi Jawi

PIWULANG BASA JAWI
SISWA SMP

adhedhasar
KURIKULUM SMP
GBPP BAHASA DAERAH
1987

2

CBSA




Penerbit
WIDYA DUTA
Surakarta
Jl. Honggowongso 139
T. 6053 Surakarta

THE UNIVERSITY OF CHICAGO

Handwritten signature or initials in the top left corner.

Large, faint, stylized decorative script or calligraphy in the center of the page.

Faint, illegible text or a stamp located below the decorative script.



Faint, illegible text or a stamp on the right side of the page, possibly a date or reference number.

Faint, illegible text or a stamp at the bottom center of the page.

PURWAKA

Nuwun kangge mbantu nyekapi kabetahan mucalaken Basa Jawi ing SMP kula ndhapuk buku MARDI JAWI ingkang adhedhasar *KURIKULUM SMP, Garis-garis Besar Program Pengajaran Bahasa Daerah* ingkang kadhapuk dening Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta Agustus 1987.

Esthining manah, mugi-mugi buku MARDI JAWI punika sageda dados *cepeganipun para siswa ing SMP* anggenipun sami gumregut anampi piwucaling gurunipun ing babagan basa Jawi pusaka saking leluhur kita ingkang kedah dipun emi-emi turun-temurun.

Minangka pamecuting pasinaonipun para siswa, pandhapukipun buku punika ing pangarah migunakaken cara "pendekatan CBSA" kanthi prasaja, antawisipun arupi :

- *katerangan-katerangan ingkang gampil katampi,*
- *tugas-tugas klompok piyambakan ing griya,*
- *srasehan klompok,*
- *latihan-latihan.*

Mugi-mugi buku MARDI JAWI punika sageda dados ancer-ancer tumrapipun kanca-kanca guru ing SMP anggenipun sami nenuntun lan nenangi para siswanipun amrih saged ngginakaken Basa Jawi kanthi : *teteh, titis, leres, tuwin sageda maos lan nyerat* mawi aksara Latin/Jawi ingkang leres.

Buku MARDI JAWI punika dumados saking 3 jilid, inggih punika :


- Jilid 1 kangge siswa kelas I
- Jilid 2 kangge siswa kelas II
- Jilid 3 kangge siswa kelas III

Wasana minangka panutuping atur, mugi-mugi wontena paring panjenengan pitedah saha panyaruwe ingkang tumuju dhateng sampurnaning buku MARDI JAWI punika.

Surakarta, April 1989

aturipun

Pandhapuk




ISI BUKU

WAOSAN

Kaca

1. Sinau	7
2. Tlaga Sarangan	18
3. Koran Masuk Desa	28
4. Hari Kesaktian Pancasila	42
5. Transmigrasi	53
6. Reyog Ponorogo	64
7. Listrik Masuk Desa	76
8. Sultan Agung Anyakrakusuma	89
9. Taqwa Marang Allah Ta'ala	98
10. Bale Segala-gala	110
11. Gugur Gunung	120
12. Palang Merah Indonesia	129





WULANGAN 1

I. WACAN

A. Wacanen sajroning batin !

S I N A U

- Darti* : (lagi maca buku, sedhela-sedhela ketara rada go-reh atine, kaya-kaya ana sing dienteni).
- Aminah* : (liwat ngarepe *Darti*). "Lho, kok Mbak *Darti* sinau dhewe ! Apa Mbak *Kun* ora mreng ?"
- Darti* : "Ah, embuh Am. Mau ing kelas wis kandha, manawa dheweke mesthi mreng. Nanging . . . ora ngerti ah . . . gek . . ."
- Aminah* : "Gek . . . lali ?!"
- Darti* : "Ora Am. Biasane *Kun* kae oranate lali. Ora nate mblenjani janji."
- Aminah* : "Ah, Mbak . . . uwong kuwi ya duwe lali. Utawa ana alanganliyane. Arep mangkat sepedhane nggembos bane, apa kepriye ? Rak ya bisa uga ta ?"
- Darti* : "Wis ! Wis Am ! Gek lunga kana ! Aja crita bae ! Aku daknerusake ngapalke wulangan iki. Sesuk wis wi-wit semesteran kok."
- Aminah* : (gojeg) "Oooo . . . inggih Den Ayu . . ."
- Darti* : (mbesengut).

Saka kadohan keprungu swara radio ngumandhangake lagu-lagu langgam Jawa. Lamat-lamat. Lan ing dalan ngarepan kalakala uga keprungu swarane bakul bakso-liwat. Sawatara keprungu ana swara mesin sepedha motor. Mandheg sedhela banjur nggeblas maneh.

- Kuntarni* : (durung katon, mung keprungu swarane) "Kulanuwun !"
- Darti* : "Sapa ya ? (alon) Manggaaaa . . . ! (menyat). Eeee, Mbak *Kun* . . . mangga, mangga Mbak !"
- Kuntarni* : "Wah . . . nuwun sewu ya dhik. Rada telat sethithik iki mau."
- Darti* : "Ya . . . ora apa-apa Mbak. Nanging temene wis wi-wit mau nggonku nunggu."

Kuntarni : "Apa iya ? Wah mesakke yen ngono."

Darti : "Ya wis mangga pinarak !"

Bocah loro padha lungguh. Ngadhep buku, lan ngolak-alik lembaran dluwang.

Kuntarni : "Prye ? Wis diwiwiti nggarap apa ?"

Darti : "Wis Mbak. Iki mau aku nyoba nggarap. Mbokmenawa bener. Yen luput mengko diowahi maneh." (*ngulungake buku tulis marang Kuntarni*).

Kuntarni : (*Nampani buku*). "Wah, tulisanmu . . . rajin banget Dhik. Aku ora bisa nulis tharik-tharik kaya ngene."

Darti : "Ah, Mbak Kun. Apa iya ta ? Yen dialebana terus, klambiku bisa bedhah lho."

Aminah : "Lhaaa saiki rak bisa mesem ngguyu, ta ! (*guyon*). Mau nalika Mbak Kun durung rawuh, adhuuuh ! Mendhunge peteng banget lho ! Tujune ora sida udan !"

Darti : (*mleroki Aminah*). "Ah, Am ! Kowe kok bisa-bisa bae."

Kuntarni : "Apa iya ta Dhik Am ?"

Darti : "Ora dhing, Mbak. Aminah pancen pinter ngaco."

Aminah : "Tenan, Mbak. Pancen, aku bola-bali ngaco. Nanging pisan ji iki, tenan !"

Kuntarni : "Ah, ya wis ! Ora perlu diterusake ! Sing penting aku wis tekan kene. Lan sinau bisa diwiwiti. Wis ya, ora dirembug maneh. Stop !"

Aminah : (*Ngguyu jalaran geli*)

Darti : (*Isih ketara anyel karo Aminah*)

Kuntarni : (*Nglirik Darti. Banjur nglirik Aminah*). "Lho, kok da-di prengut-prengutan ta ?" (*gumun*)

Aminah : "Biyasa, Mbak ! Biyasa ! Wis ora kaget !" (*gumuyu karo mlayu mlebu*).

Kuntarni : "Dhik Darti ! Dhik Aminah sajake pancen pinter nglucu. Ora sah digagas. Lan aku dhewe luwih seneng karo watak-wantune sing blak-blakan."

Darti : "Iya, Mbak ! Nanging iku lho, sok gawe anyel !"

Kuntarni : (*Mesem*)

Kekarone banjur njlingut sinau. Mbukak buku, nyathet lan gumuyu bebarengan. Nanging ana kalane katon serius manawa ana bab-bab kang klebu wigati.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana !

1. Sing padha sinau iku sapa bae lan ana ngendi ?
2. Geneya Darti rada goreh nalika lagi maca buku ?
3. Darti iku anyel marang sapa lan apa sababe ?
4. Kuntarni iku nduweni sesipatan kepriye ? Buktine apa ?
5. Sing padha prengut-prengutan iku sapa lan marga apa ?
6. Sing duwe wewatakan ora sabar iku sapa ? Buktine apa ?
7. Darti karo kancane iku manawa sinau serius apa ora ? Buktine apa ?

C. Pocapan / panulisan

1. Ucapna sing bener !

lara – *laraku* – *laramu* – *larane*
dosa – *dosaku* – *dosamu* – *dosane*
kutha – *kuthaku* – *kuthamu* – *kuthane*
andha – *andhaku* – *andhamu* – *andhane*
kandha – *kandhaku* – *kandhamu* – *kandhane*
tangga – *tanggaku* – *tanggamu* – *tanggane*
kompa – *kompaku* – *kompamu* – *kompane*
domba – *dombaku* – *dombamu* – *dombane*

wahana – *wahanane* *sagara* – *sagarane*
dahana – *dahanane* *wanara* – *wanarane*

2. Bukumu tutupen, ayo dhikte kaya ing dhuwur iku !

II. KAWRUH BASA

- A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

menyat = wiwit ngadeg saka palinggihan
nggeblas = lunga bablas, minggat
dialembana = dialem
watak wantune = watak sarta dhasaring wewatakan
blak-blakan = tanpa nganggo ditutupi

B Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Saben awal sasi Juli sekolahan-sekolahan nganakake pendaptaran murid anyar kang diarani . *PMB*
2. Murid pindhahan saka sekolahan liya iku lumrahe di *tes* dhisik.
3. Wektu pasinaone murid SD ing dalem setaun diperang dadi telung . *catu wulan*
4. Wektu pasinaone murid SMP ing dalem setaun diperang dadi rong . *semester*
5. Murid-murid sing ora mlebu sekolah dicatheti ana
6. Saben guru kagungan daptar kanggo nyatheti murid-murid sing mlebu sekolah kang diarani daptar
7. Daptar kang isi urutan piwulang ing saben dinane diarani
8. Saben dina Jumuah esuk murid, guru, karyawan wajib nindakake senam kang diarani . *SKJ*
9. Saben akhir semester murid-murid wajib melu ulangan kang diarani
10. Saben pertengahan semester ing SMP lumrahe dianakake ulangan kang diarani
11. Ulangan kanggo njajagi apa kang ndadekake kangelane saben murid tumrap wulangan kang wis terangake diarani
12. Ulangan kang kanggo dhasar mbecikake "proses belajar mengajar" diarani
13. Tes kang jawabane kudu milih jawaban-jawaban kang cumawis utawa ngisi titik-titik kang wis sumadhiya iku diarani
14. Tes wujud pitakonan-pitakonan kang kudu dijawab kanthi nerangake sacetha-cethane (uraian) iku diarani
15. Saben "kelompok belajar" kudu kerep nganakake ngrembug wulangan-wulangan kang sakira angel.

<i>tes</i>	<i>tes sumatif</i>	<i>diskusi</i>
<i>tes obyektif</i>	<i>tes subsumatif</i>	<i>caturwulan</i>
<i>tes essay</i>	<i>SKJ</i>	<i>semester</i>
<i>tes diagnostik</i>	<i>jadwal pelajaran</i>	<i>absensi</i>
<i>tes formatif</i>	<i>PMB</i>	<i>presensi</i>

C. Gawe ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki !

- proses belajar mengajar - EBTA
- kokurikuler - EBTANAS
- ekstra kurikuler - STTB
- klompok belajar - DANEM
- diskusi klompok - PKS

D. Apa tegese tembung-tembung kang kacithak kandel ing ngisor iki ?

1. Narto iku **dhasare** pinter temenan. *pasogen*
- 2. Indonesia iku nagara kang **adhedhasar** Pancasila. *dwawafon*
3. Dalane ora mblethok, amarga **dhasare** watu. *vorherine / andherine*
- ngelar* - 4. Minah anggone **dhasar** dodolane ana pinggir dalan. *ngelara*
5. Kula sampun **manggih** akal. *nganti / dadi / kolah / anggot*
6. Kula wau **kepanggih** Abas. *kelatun / kepanggih*
7. Mantenipun sampun dipun **panggihaken**. *ditampilake*
8. **Panggih** wau dipun-alem gurunipun. *gurunipun wau*
- 9. Anggenipun sami **pepangghian** benjing dinten Rebo. *repat*
10. Kula tumut memuji mugu piyambakipun **manggiha** kamulyan. *bikantula / anasula*
- kobahogian* 11. Kula wonten ngrika boten **pinangghih** Ali. *kelatun*
12. **Kepanggih** boten **kepanggih** bab punika kula borong-aken sampeyan. *kelatun boten kelatun*

III. PARAMASASTRA

UKARA TANDUK INTRANSITIP (TANPA LESAN)
UKARA TANDUK TRANSITIP (MAWA LESAN)
UKARA TANGGAP

A. Tuladha-tuladha iki gatekna !

- a. *Adhiku nangis.* *krya tanduk intransitif.*
- b. *Adhiku nangisi ibu.* *tanduk transitif*
- c. *Ibu ditangisi adhiku.* *tanogop tripurusa (dak ko di)*

Katrangan :

- (1). Ukara (a) ing dhuwur iku kagolong ukara tanduk intransitip (tanpa lesan), marga wasesane (*nangis*) awujud tembung tanduk intransitip (kata kerja aktif intransitif).

- **tembung tanduk intransitip** iku manawa dadi *wasesaning ukara* (predikat) ora mbutuhake **lesan** kaya ta :

- (a). *Adhiku njoget.* (tanpa lesan, bener)
- (b). *Narta teka.* (tanpa lesan, bener)
- (c). *Aku wis kandha.* (tanpa lesan, bener)
- (d). *Kancaku ndhodhok.* (tanpa lesan, bener)

- Tuladha **tembung tanduk intransitip** (tanpa lesan) liyane :

<i>turu</i>	<i>ngguyu</i>	<i>mlaku-mlaku</i>
<i>adus</i>	<i>ndhingkluk</i>	<i>manthuk-manthuk</i>
<i>tangi</i>	<i>ndengengek</i>	<i>tabok-tinabok</i>
<i>singsot</i>	<i>sedhakep</i>	<i>tabok-tabokan</i>

- Tembung-tembung tanduk intransitip ing dhuwur iku gawenen *ukara tanduk intransitip* !

(2). Ukara (b) ing dhuwur iku kagolong **ukara tanduk transitip** (*mawa lesan*), marga wasesane (*nangisi*) awujud **tembung tanduk transitip** (aktif transitif)

- **tembung tanduk transitip** iku manawa dadi *wasesaning ukara* (predikat) mbutuhake **lesan**, yen tanpa lesan, ukarane ora ganep lan salah, kaya ta :

- (a). - *Aku ngandhani.* (tanpa lesan, salah)
- *Aku ngandhani adhiku.* (mawa lesan, bener)
- (b). - *Asu nggondhol.* (tanpa lesan, salah)
- *Asu nggondhol balung.* (mawa lesan, bener)
- (c). - *Nardi nyumed.* (tanpa lesan, salah)
- *Nardi nyumed diyan.* (mawa lesan, bener)

- Tuladha **tembung tanduk transitip** liyane :

<i>mangan</i>	<i>nggodhog</i>
<i>nggebug</i>	<i>nyekel</i>
<i>mbalang</i>	<i>nyumed</i>
<i>njupuk</i>	<i>nggarap</i>
<i>nggawa</i>	<i>ngecet</i>

(Goleka tuladha liyane 10 bae !)

- **tembung tanduk intransitip** bisa didadekake *tembung tanduk transitip* sarana dipanambangi i utawa ake, kaya ta :

nangis → nangisi, nangisake
njoged → njogedi, njogedake
njupuk → njupuki, njupukake
ngguyu → ngguyoni, ngguyokake

(Goleka tuladha liyane 10 bae !)

- Tembung-tembung tanduk transitip ing dhuwur iku gawenen ukara-ukara tanduk transitip !

- (3). Ukara (c) ing dhuwur iku kagolong **ukara tanggap**, margawasesane awujud *tembung tanggap lan jejering ukara ketaman kriyaning wasesa*.

- Wujud **tembung tanggap** iku warna-warna, kaya ta :

- (1). *dagawa, dagawani, dagawakake*
- (2). *kogawa, kogawani, kogawakake.*
- (3). *digawa, digawani, digawakake.*
- (4). *kagawa, kagawani, kagawakake.*
- (5). *kegawa.*
- (6). *ginawa.*

(Tembung-tembung ing dhuwur iku gawenen ukara tanggap !)

- **Ukara tanduk** bisa dadi *ukara tanggap*, manawa lesane kageser ana ing wiwitaning ukara lan wasesane didadekake **tembung tanggap**, kaya ta :

- (1). - *Aku ngandhani adhiku*. (ukara tanduk)
- *Adhiku dakkandhani*. (ukara tanggap)
- (2). *Asu nggondhol balung*. (ukara tanduk)
- *Balung digondhol asu*. (ukara tanggap)
- (3). - *Nardi nyumed diyan*. (ukara tanduk)
- *Diyan disumet Nardi*. (ukara tanggap)

B Latihan :

Ukara-ukara tanduk iki dhapuken supaya dadi ukara-ukara tanggap !

1. Aku ngukur gegere kancaku.
2. Aku ngukur jembare sawahku.
3. Juru ukur ngukuri jembare sawah-sawah.
4. Nanti macani buku-bukuku.
5. Narto ngirimake layang marang kancane.
6. Sapa sing mbebeda adhiku ?
7. Ibu lagi nggoreng empal.
8. Aku mau nyuwil rotimu sethithik.
9. Sapa sing nuthuk kaca jendhela mau ?
10. Bocah kelas 3 nantang bal-balan bocah kelas 2.

IV. NULIS

NULIS NGANGGO SANDHANGAN PANYIGEGING WANDA

A. Tamatna, wacanen, banjur turunen !

- | | | | | |
|----|-------|-----------|-------|----------|
| 1 | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = gajah | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = sugih |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = suruh | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = geseh |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = uwoh | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = goroh |
| 2. | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = damar | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = kecer |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = pager | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = sumur |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = gigir | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = obor |
| 3. | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = padhang | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = daging |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = surung | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = pereng |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = gosong | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = peteng |
| | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = ireng | ᑲᑲᑦᑦᑦ | = meleng |

4	ꦏꦫꦱ	= krasa	ꦥꦿꦶꦪ	= priya
	ꦥꦿꦁꦁ	= prunggu	ꦏꦿꦠ	= kreta
	ꦏꦿꦠꦲ	= krodha	ꦒꦿꦮꦺꦁ	= growong

5	ꦏꦺꦤꦺꦁ	= kreneng	ꦱꦺꦒꦺꦥ	= sregep
	ꦧꦺꦒꦱ	= bregas	ꦒꦺꦤꦺꦁ	= grengseng
	ꦠꦺꦤꦺꦃ	= trenyuh		

6	ꦱꦩꦶ	= samya	ꦲꦧꦺꦴꦂ	= abyor
	ꦏꦶ	= kyai	ꦱꦺꦢ	= sedya
	ꦱꦺꦢ	= setya	ꦏꦺꦥꦸꦂ	= kepyur

B. Tulisen nganggo aksara Jawa sing bener !

pados gangsa
 dakgunggung
 ngajak ngrusuhi
 arep ngranggeh
 kerep ngonggrong
 kemproh
 mompyor
 sampun trubus
 klengsreh lemah
 dluwang klomoh

cruwat cruwet
 Sulistrya pinter
 krenggas krenggos
 Tarjan longgor
 boten langkung
 nyekel trebang
 klomoh
 lumayu nggendring
 gendruwo

V. UNGGAH-UNGGUH

v : 110011

Salinana nganggo basa *ngoko andhap* !

1. Panjenengan kala wau punapa sampun dhahar saestu ? Manawi boten dhahar mangga ta lenggah rumiyin !
2. Kula kala wau ugi sampun sowan mriki, nanging panjenengan boten wonten dalem.
3. Kula sampun mangertos punapa ingkang panjenengan kersakaken !
4. Mangga ta kula aturi pinarak rumiyin, boten ketang namung sakedhap, sokur kersa nyare pisan.
5. Kagunganipun sepedha motor enggal punika pundhutan pinten ? Toko pundi ingkang panjenengan pundhuti ?
6. Prayoginipun siram wonten ngriki kemawon, lajeng mangke sami sesarengan mriksani ringgit tiyang.
7. Sampun kondur rumiyin, punika wonten prekawis wigatos ingkang perlu panjenengan wuningani.
8. Kula nyuwun priksa, punapa panjenengan benjing-enjing saestu kersa paring sesuluh dhateng sedherek-sedherek tani
9. Kala wingi ingkang putra sampun kepanggih kula, ngendikanipun eyang ngersakaken rawuh ing Sala.
10. Kula sampun nate matur dhateng ingkang ibu, manawi dipun parengaken kula badhe nyuwun ngampil kagunganipun sepedha kalih dinten kemawon.

VI. KASUSASTRAN

A. Saben bocah majua ing ngarep kelas, pacelathon ing dhuwur iku tirokna nganggo lagu lan mimik kang luwes !

B. Nganggo purwakanthi apa unen-unen iki ?

1. Raras ririh rereh ngarih-araih.
2. Si pengung kumlungkung anggung gumunggung.
3. Ratih ratu ratune wong Cakrakembang, kembang wijaya kusuma asih mring kula.
4. Watak-wantune wanita utama, tindak-tanduke tansah titi ngati-ati.
5. Bisa mbrastha kabeh rubeda kang ngreribedi.

6. Ati tatag, watak teguh langgon, tan tinggal tata-trapsila, adate bisa ngentasi karya.
7. Watak mugen, ati tegegen, tandang rigen, genah agawe sugih guna kaya.
- 8. Wong kang awatak sareh, polatane sumeh, adate mi-trane akeh.
9. Ati jujur, budi luhur, pantes dadi wong dhuwur.
10. Pemudha ora gumendhung, dhadhag wani ndhadha kaluputan, pantes ginadhang-gadhang dadi panggedhe.



WULANGAN 2

I. WACAN

A. Wacanen batin !

TLAGA SARANGAN

Manawa disawang saka kutha Ngawi, utawa disawang saka kutha Sala, Gunung Lawu blegere kaya buta turu. Ndlujur anteng mrebowani. Nanging manawa diparani engga tekan pucuke jebul mengku kaendahan kang anglam-lami.

Ing ereng tembing kulon, tinemu papan wisata Tawangmangu kang kondhang kanthi sesawangane rupa Grojogan Sewu. Dene ing ereng tembing wetan rinengga kaendahan mligi, arupa tlağa Sarangan. Crita bab kaendahaning Gunung Lawu kaya-kaya ora ana enteke. Apamaneh nyritakake kaanane Tlağa Sarangan.

Tlağa kang jembar ngilak-ilak iki klebu wewengkon Kabupaten Magetan. Dene dhuwure papan endah iki udakara 1.287 meter saka lumuhe segara. Ora beda karo Tawangmangu ing tembing kulon, munggah tekan Sarangan hawane adhem trecep-trecep, atis ing kulit. Miturut cathetan manawa wanci bengi suhu ing kana bisa nganti 16° Celsius.

Manawa kapinujon libur utawa ana wektu longgar, para andon wisata bisa tindak Sarangan. Saka kutha Magetan isih munggah ndeder udakara 17 km. Utawa manawa tetumpakan kang dijak lumaku arupa mobil kang sehat, bisa liwat Tawangmangu. Terus munggah udakara 15 km. Dalane alus, menggak-menggok, lan sesawangane nengsemake.

Miturut katrangan saka Dinas Pariwisata Kabupaten Magetan, ing saben dinane ora kurang 500-an para andon wisata, iya sing domestik apadene wisatawan manca, padha ngendhangi Tlağa Sarangan. Kanthi mangkono pehak Dinas Pariwisata sajake sengkut mbudidaya amrih Tlağa Sarangan bisa katon tansaya nengsemake lan narik kawigaten. Pambudidaya mau awujud pelayanan wisata kang tansah becik, apadene mranata papan-papan panginepan, losmen lan villa-villa ing babagan kaendahan lan karesikane. Mula aja kaget manawa ing papan

babagan : hal / perkara
ndeder : munggah terus
nengsemake : elang / saya jelas
tansaya : makin
nengsemake : semangap
nengsemake : eloke : aneh
nengsemake : duwe jeneng

iki panjenengan mirsani ana jaran-jaran kang dijangkepi sandhangan arupa kanthong-kanthong regedan ing pener ngisor buntute.

Mesthi bae iki mujudake pambudidaya amrih tlethong jaran ora pating bececer sadalan-dalan. Lan kang kedadeyan durung suwe iki para pelayan jasa tetumpakan jaran sarta tukang potret ing Sarangan wis kasil gawe wadhah organisasi sarta koperasi. Diajab kanthi wadhah organisasi lan koperasi mau bisa tansaya nggrengsengake pakaryan lan dadi pamecut tumrap kemajuane jagad ing Sarangan kana.

Mula bukane Tlaga Sarangan

Miturut gotheking ngakeh duk ing nguni tliga Sarangan mau awujud sawah kang jembar. Ing kono dedunung sawijining Ulama kang apearab Kyai Pasir. pancen Kyai Pasir mau dudu asli pedunung kono. Kyai saka desa Sawunggondhang iki dhedhepok ing kono jalaran kepengin nggarap sawah lan methik asile tanem tuwuh ing laladan kono. Apa maneh Kyai Pasir nduweni gegayuhan luhur, kepengin melu-melu nyebarake agama Islam ing pereng sisih wetan Gunung Lawu.

Suwening-suwe Kyai Pasir mau klakon ketemu jodhone. Ora adoh saka papan padunungane. Bojone Kyai Pasir iya bocah desa kono bae, kang sateruse katelah Nyai Pasir. Nanging iya saka kersane Gusti Kang Maha Kuwasa, anggone jejodhohan Kyai lan Nyai Pasir mau kena diarani gabug. Ora bisa nurunake anak siji-sijia. Mula kanggo ngregengake balewisma banjur mupu anak lanang siji kang aran Jaka Linglung, utawa asring diparabi Jalilung.

Anggone urip tembayatan ayem tentrem, tansah mong-kinemong lan sih-sinihan, senajan pakaryan saben dinane mung tetanen. Nuju sawiji dina Kyai Pasir antuk osiking Gusti Kang Maha Kuwasa, gelema njupuk endhog cacah loro kang dumunung ing tunggak kayu satengahe sawah kono. Endhog mau sawise diwenehake Nyai Pasir banjur digoreng. Asile dipangan bebarengan Kyai Pasir lan Nyai Pasir.

Nanging eloke kaanan, sawise mangan endhog mau sakojur awake Kyai lan Nyai Pasir banjur ngrasa gatel-gatel. Ora leren-leren anggone tansah kukur-kukur supaya rasa gatel mau dadi ilang. Rasa gatel mau ora ilang dhestun saya ngranuhi.

gabug = racun ising
 mleodora = wujud / bentuk
 nenosamake = nyetienake
 mrebawani = dowe perbawa
 notanuhi = milih saya tambah / banoet
 dibrampuna = ditepatake
 laladan = wilayah / daerah
 osino = ilham
 dhestun = saya / banoet
 norengake = gawe rame / rano
 rinengua = diapik - apik / diopani

Saking jibeg lan bingunge Kyai lan Nyai Pasir banjur lumayu menyang sawah, karepe kepengin kungkum ing lendhut supaya gatele mau bisa saras. Nanging apa kang dumadi ? Kyai lan Nyai Pasir ilang musna ing satengahe sawah kono. Kosok baline saka papan musnahe Kyai lan Nyai Pasir mau banjur metu sumber banyu kang gedhe banget, saengga sawah kang jembar mau malih dadi telaga kang jembar.

Mula ora aneh dening pedunung sakiwa tengene kono tlaga mau banjur diarani Tlaga Pasir. Ewasemono gandheng manggone ing desa Sarangan ana maneh kang ngarani Tlaga Sarangan. Iya saka kedadeyan aneh mau, wekasane Tlaga Pasir mau banjur dikramatake pedunung Sarangan. Saben dina Jum'at Pon wulan Ruwah akeh kang padha caos sesaji lan ngajab supaya bisa antuk kawilujengan. Ora kaya nasibe Kyai lan Nyai Pasir kang musna mau.

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki !

1. Ngaranana papan-papan wisata kang dumunung ana ing gunung Lawu ! *Inggih merika tembing kulan*
2. Tlaga Sarangan iku dumunung ana ngendi lan kepriye kaanane ? *ana ing areng !! g. lawu tembing kulan*
3. Apa pamrihe Dinas Pariwisata anggone sengkut mbudidaya amrih Tlaga Sarangan bisa saya nengsemake ? Kepriye rekadayane ?
4. Critakna apa bae kang bisa narik kawigatene para wisatawan tumraping Tlaga Sarangan iku !
5. Coba critaa kanthi cekak kepriye legendane Tlaga Sarangan iku !

C. Lagu / pocapan

Ukara-ukara ing ngisor iku ucapna nganggo lagu kang luwes !

1. Saiki anggonmu sekolah ana ing ngendi, Dar !
 - Ing SMP.
 - Wonten ing SMP.
 - Anggen kula sekolah sapunika wonten ing SMP.

2. Rak iya uwis klas loro ta, kowe ?
 - Sampun, Pak.
 - Inggih, sampun, Pak.
 - Kasinggihan, Pak.
 - Saweg nembe kemawon, Pak.
 - Leres makaten, Pak.
3. Ana kelas loro kowe rak ya luwih sregep sinau, ta ?
 - Inggih, Embah.
 - Kedah makaten, Embah.
 - Inggih, kula nyuwun pangestunipun Embah.
 - Inggih, dhawuhipun Embah badhe kula estokaken.
4. - Bapak sampun tindak ?
 - Punapa bapak sampun tindak ?
 - Bapak punapa sampun tindak ?
5. - Olehmu ndokok topiku, ana ngendi, Ja ?
 - Ja, olehmu ndokok topiku, ana ngendi ?
 - Ana ngendi, Ja, olehmu ndokok topiku ?
6. - Utama iku, apa nyata nakal ?
 - Apa nyata nakal, Utama iku ?
 - Utama iku, apa nyata nakal ?

II. KAWRUH BASA

V. A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>para andhon wisata</i>	= para plancongan
<i>wisatawan domestik</i>	= wisatawan jeron negara dhewe
<i>mituru goteking ngakeh</i>	= mituru kandhane wong akeh
<i>dhedhepok</i>	= dedunung
<i>bale wisma</i>	= omah sarta pakarangan
<i>tembayatan</i>	= rerukunan samad-sinamadan
<i>osiking Gusti Kang Ma-</i>	= dielingake dening Gusti Kang Ma-
<i>ha Kuwasa</i>	ha Kuwasa
<i>destun saya ngranuhi</i>	= nanging malah saya banget
<i>musna</i>	= ilang tanpa lari

B. Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisore sing mathuk !

1. Manawa liburan akeh wong-wong saka kutha menyang pegunungan perlu . . . lan ngisep . . . kanggo mulihake rasa kesel.
2. Ing Tawangmangu kerep ana pedhut mlaku kang diarani . . .
3. Rasane hawa ing pagunungan yen bengi lumrahe mulane akeh pendhudhuk ngangetake awake kanthi kemul utawa
4. Para hartawan akeh kang gawe ana ing pagunungan kanggo palereban kulawargane.
5. Pamarentah uga kagungan ana Tawangmangu kanggo patirahaning para pegawai.
6. Nalika ibu gerah wis nate ana ing Kopeng.
7. Wit pinus lan cemara ing pagunungan iki bisa mujudake sesawangan kang apa maneh sawah-sawah kang diatur sacara bisa muwahi pandulu.

3 adhem njekut	7 pasanggrahan	6 tetirah
2 ampak-ampak	3 api-api	7 reseping
1 hawa seger	7 edi peni	7 terasering
1 ngenggar-enggar		4 vila

C. Tembung-tembung ing ngisor iki ganepana supaya dadi tembung camboran ! Sabanjure gawenen ukarane !

- | | |
|---------------------------------|--------------------|
| - adhem | - udan |
| - sepi <i>nyenyet</i> | - gremis |
| - ijo | - tanem |
| - ayem | - sato |
| - seger | - omah |

D. Isenana nganggo tembung-tembung kang ateges kabeh !

1. Bok bumi langit ora ganep loro wong kang aneh kaya ngono kuwi.
2. Wartawan tingkat internasional iku mesthi wis njajah desa milang kori ing **bawana**.
3. Majua bareng **abang** aku ora wedi. *saonakmu*
4. Obat sing disuntikake mau wis rumasuk ing **angga**. *sarandunino*
5. Bareng aku mangan urang **awak** krasa gatel kabeh.

6. . . . urip durung tau aku nemoni lelakon kaya ngene iki.
7. Olehku ngrampungake gambaran iki nganti **sadina**
8. Anggonku nunggoni embah gerah nganti **sawengi**
9. Kandhamu mung sadhela, kok nganti **sasore** . . . lagi teka.
10. Olehku ngenteni **sakesuk** . . . , nanging ketok Irunge bae ora. *edhipani, andoh, asri*

III. PARAMASASTRA

UKARA BAWA

*nominal
wasesa dud u tembung kriya*

A. Tuladha iki gatekna !

- (1). Bocah iku / *nakal*
- (2). Pedhangku / *agaran gadhing*
- (3). Narta / *malumah bae*
- (4). Sirahe / *kethuthuk*
- (5). Wong iku / *kumalanda*
- (6). Drijine / *kamiseseten*
- (7). Suwarane / *gumuruh*

Katrangan :

- Ukara-ukara ing dhuwur iku wasesane awujud **tembung kaanan**, yaiku arupa :
 - tembung lingga
 - tembung andhahan mawa ater-ater **a, ma, ke, kuma, kami**, lan seselan **um**.
- Ukara kang wasesane awujud tembung kaanan kaya ing dhuwur iku diarani **ukara bawa**.

B. Coba gawea ukara bawa nganggo tembung-tembung ing ngisor iki !

kumemping
kumedom
maguru
madhukun
akembang
atudhung
rumujak
jimambak
kepacul
kebentus

wulu labi meh

kumrujak
kumawasa
kamigilan
kamibocah
kमितenggengen
asesaji
apeputra
mangidul
manjalma
maujud

*oita barad / weta
kaya bocah*

asesanhi slogan

*pitik kumangano
puri kumempir*

C. Ukara-ukara ing ngisor iku endi sing kalebu *ukara bawa*, *ukara tanduk transitip*, *ukara tanduk intransitip*, *ukara tanggap* !

1. Bapak wis rawuh.
2. Mencoku pinter ngoceh saiki.
3. Aku nggawa buku wacan.
4. Buku wacan dakgawa.
5. Bocah-bocah padha nembang
6. Aku bisa nembangake tembang gedhe.
7. Narti disangoni eyang putri.
8. Eyang putri nyangoni Narti.
9. Pamanku apeputra telu.
10. Krambile lagi kumrempah.
11. Saiki aku ngantuk banget.
12. Aku arep turu sedhela.
13. Udane kumrosak.
14. Lakune mangetan.
15. Gagasane biyen kae wis maujud.
16. Mangga kita sami asesanti.
17. Aku lagi nggendhong Tono.
18. Pitikku lagi ngendhog.
19. Sampeyan kula ampiri kemawon.
20. Artanipun adhi kula dipun celengi.

IV. NULIS

TULISAN NGANGGO PANJINGAN LA (- - - - -)

A. Tamatna, wacanen, banjur turunen !

- | | |
|--------|----------|
| ꦏꦭꦱ | = klasa |
| ꦏꦭꦶꦭꦶꦥ | = klilip |
| ꦏꦭꦸꦫꦏ | = kluruk |
| ꦏꦭꦺꦭꦺꦥ | = klelep |
| ꦏꦭꦩꦺꦴꦃ | = klomoh |

VI. KASUSASTRAN

A. Rumpakan adhapur pulsi Jawa gagrag anyar iki wacanen alon, rasakna temenan !

SADAWANE DALAN

Kakang . . .
yen ing kutha wis lingsir wengi
delengen ta kakang
Sing padha turu gumlethak neng tritis
wengi iki dheweke turu kepati
kinemul mendhung kinancan ratri
O, kakang . . . penggalihen
yen wengi saya tintrim
kekes, adhem, cumlekit dadi siji
Banjur . . . subuh
kang padha turu kepati . . . krungu
ambal-ambalan bedhug tinabuh
wengine wis dadi esuk
srengenge jumedhul
Aweh esem sandhuwuring gumuk
bedhug bali keprungu maneh tengah rina
badan sapata . . . wis adoh gumregah
pangan . . .
njur sambat . . . nyuwun pangan
jroning ati nangis . . . sadawaning dalan
O, kakang . . . wigatekna
dheweke uga umat . . .
padha karo kita

Pethikan saka : Bunga Rampai
SASTRA JAWA MUTAKHIR
J.J. RAS

- B. Ucapna ana ngarep klas kanthi lagu lan mimik kang cocog karo isine rumpakan !

PASRAH

Pandongan konjuk ing Pangeran

*Rikala sakupeng kula sepi
O, Gusti pepundhen mami
Kawula nothok gapura suci
Kaparingana kawula toya*

*Lir sangsam ngajeng-ajeng toya
Makaten alum nyawa kawula
Mangka tan wonten saweneh toya
Kwagang nyirep ngoronging donya
Anjawi kang saking paduka*

*O, Gusti Rajaning Raja
Mugi keparenga amelasana
Aparing tentrem nyawa
Kawula nyuwun regeming asta
Sarta ayoming swiwi paduka*

S. Pant


*Medan Bahasa – Basa Jawi
nomer 7 tahun II*

Tembung-tembung :

*sangsam = menjangan
mami = aku, kula
saweneh = ing sawatara
kwagang = kiyat*

C. Terangna !

1. Apa bedane rumpakan puisi Jawa gagrag anyar karo puisi Jawa tradhisional ?
2. Ngaranana rumpakan puisi Jawa kang kagolong puisi tradhisional !
3. Parikan lan wangsalan iku kagolong rumpakan puisi Jawa gagrag anyar apa tradhisional ?
Terangna kang cetha !



WULANGAN 3

I. WACAN

A. Wacanen batlin !

KORAN MASUK DESA

Manawa kita njinggleng angka-angka statistik kang magepokan karo cacahing pendhudhuk ing Indonesia, kurang saka 20% cacahé pendhudhuk mau dedunung ing kutha-kutha. Dene punjul 80% saka cacahé pendhudhuk dedunung ing karang-padesan. Ngelingi bab kasbut ngancik Pelita ka III diajab media pers kejaba ngrambah laladan kutha iya anduweni reng-rengan perlune ngrambah alam karang-padesan. Kanthi mangkono istingarah prikanca tani kang manggon ing desa-ngadesa bisa kasasaban, mangerteni lan melu njinggleng mungguh tuwuh pangrembakane kawruh ing sadhengah babagan.

Kanggo ngawekani bab mau mula Departemen Penerangan banjur cancut taliwanda gawe ada-ada mungguh perlune nyebar koran-koran lumebu desa kang luwih kondhang diarani Koran Masuk Desa (dicekak KMD). Ada-ada iki alelandhesan mawa kekancingan SK Menteri Penerangan No. 203 A/Kep/Menpen/1979.

Mesthi bae kanthi laire kekancingan kasbut diajab penyebaran informasi bisa luwih warata, lire desa-desa pelosok iya melu ngilo koran lan maca pawarta kang dumadi ing negarane dhewe apadene pawarta saka manca. Yen digagas kanthi premati temene dikepriye bae bebrayan padesan nyata adoh sunggate manawa katandhing klayan bebrayan ing kutha-kutha. Senajan waktu iki sing jeneng radhio apadene televisi wis mratah ing padesan, nanging keh-kehane bebrayan padesan mung luwih nengenake hiburan kang digiyarake ing radhio apadene televisi.

Uga ing babagan ekonomi, senajan prikanca tani ing padesan mau iya cekel dhuwit saupamane, nanging rumangsa eman manawa dhuwit mau ditanjakake kanggo tuku koran lan majalah kang uga piguna. Dhestun dhuwit mau ditukokake sandhangan kang asipat moderen, utawa dianggo nragadi anggone ngudi undhaking tetanen.

Pancen wis dudu wadi maneh, manawa kasenangan memaca tumrap bebrayan padesan isih perlu diunggar maneh, senajan durung suwe iki wis kepara akeh padesan kang dibiwarakake wis Bebas Tiga Buta. Mula kanthi kawicaksanaan pemerintah anggone gawe ada-ada Koran Masuk Desa kang disengkuyung dening subsidi kang ora sethithik, diajab kasenangan memaca tumrap prikanca padesan bisa luwih digrengsengake maneh.

Presiden Suharto piyambak wis nate elik-elik, kanggo ngunggar gegayuhan kasile ada-ada Koran Masuk Desa, peran pers daerah dibisa dadi kunci wigati mungguh suksese mengko. Awit gelar yektine bebrayan padesan racake padha karem memaca manawa pawarta lan prastawa kang magepokan nggepok-senggol desane iya dipacak ing koran. Mesthi bae piweling saka Presiden mau untuk penyengkuyung saka jajaran pers, utamane pers daerah. Awit-adoh sadurunge Presiden nelakake bab mau koran lan majalah ing daerah kayata *Panyebar Semangat, Jaya Baya, Jaka Lodang, Kandha Raharja, Parikesit* (kabeh mawa basa Jawa), *Mangle* lan *Sipatahunan* (kekaroné abasa Sunda) wis biyèn-biyen sumusup lan ngrambah padesan awèh susuluh marang prikanca tani lan pamong ing desa-ngadesa.

Lumbune koran ing alam padesan kang sinartan grengsengé masarakat kang wiwit seneng memaca jalaran wis lepas saka belunggu wuta sastra, istingarah bisa muwahi ajuning bebrayan padesan. Iya ana ing babagan perekonomian, tetanen, kabudayan, kawanitan, lan liya-liyane. Mula wektu iki manawa panjenengan tindak menyang kantor kalurahan, ing kono wis kapasang papan pajangan koran kang gedhe banget guna padeha tumrap kemajuan prikanca padesan kang wis wiwit bangkit sedyane, nyecep sadhengah ilmu kang kapacak ing ariwarti apadene kalawarti.

Pancen nyata ! Ing jaman apa be seneng memaca pancen tansah dibutuhake, lan iya kawiwitane saka seneng memaca mau gegayuhan lan kekudangane bangsa, yaiku masarakat adil lan makmur bakal enggal kasambadan. Dadi cekak aose, lumbune koran ing tlatah padesan bakal nuntun masarakat dadi bebrayan kang maju. Iya maju lair batine iya maju ing babagan kawruh lan pikirane.

Handwritten notes in Indonesian:
 - Top left: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Top middle: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Top right: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Middle left: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Middle right: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Bottom left: *namalake nanti permata : nginjoo lepo*
 - Bottom middle: *...nanti permata : nginjoo lepo*
 - Bottom right: *...nanti permata : nginjoo lepo*

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana !

1. Mumpangate 'Koran Masuk Desa' iku gedhe banget. Coba terangna !
2. 'Koran Masuk Desa' iku ada-adane sapa lan mawa lelandhesan apa ?
3. Anane radhio lan televisi ing desa ngadesa isih perlu 'Koran Masuk Desa', Apa sababe ?
4. Apa sababe kasenangan memaca tumrap bebrayan padesan isih kurang senajan wis dibiwarakake wis Bebas Tiga Buta ?
5. Kepriye reka dayane saben kalurahan, supaya bebrayan ing kono bisane kagugat supaya seneng memaca ?
6. Kanthi seneng memaca, masarakat adil lan makmur bakal kasembadan. Jlentrehke kepriye ?

C. Pocapan / panulisan

1. Tembung-tembung kang kandel pangecape iki ucapna kang bener lan cetha !
 - **Jurnalis** iku uga diarani **wartawan**.
 - Ing wektu iki **jurnalistik** ing Indonesia wis kagolong-maju.
 - **Jurnal olah raga** tansah digiyarake metu TVRI.
 - Bareng jaman merdika layang kabar utawa **ariwarti** bisa sumebar tekan ing desa-desa sing mencil-mencil.
 - Majalah utawa **kalawarti** kang didhasarake ana ing toko iku warna-warna.
 - Saben perusahaan surat kabar duwe seksi **administrasi**, **redaksi**, uga pimpinan kang diarani **redaktur**.
 - Yen maca surat kabar aja lali maca ing **rubrik tajuk rencanane** !
 - **Karikatur** uga kerep kapacak ana ing ariwarti.
 - Ing saben kalawarti lan ariwarti mesthi ana **iklan** kang kapacak.

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki golekna, banjur gawene ukara !

jurnal

= cathetan padinan (harian), buku bantu tumraping buku harian lan buku gedhe.

<i>jurnalistik</i>	= bab kang ana gegayutane karo kewar-tawanan lan pekabaran.
<i>jurnal olah raga pers</i>	= cathetan padinan (harian) bab olah raga = pambudidaya ngumpulake lan nyebar-ake pawarta.
<i>rubrik</i>	= irah-irahaning karangan (kolom) ing la-yang kabar utawa majalah.
<i>redaksi</i>	= seksi ing perusahaan layang kabar kang tinanggenah milih lan ngracik pawarta kang arep kapacak ing layang kabar.
<i>redaktur</i>	= pengarang ing layang kabar utawa ma-jalah, pimpinan kang ngurusi layang ka-bar/majalah.
<i>karikatur</i>	= gambar olok-olok kang ngemu surasa pasemon.
<i>administrasi iklan (pariwara)</i>	= urusan tata usaha, urusan pembukuan. = wara-wara marang bebrayan umum tum-rap barang/jasa kang ditawakake.
<i>ariwarti</i>	= layang kabar padinan (harian)
<i>kalawarti</i>	= majalah kang metune pendhak wektu kang wis ditemtokake (minggon, sasen, kwartalan, lsp).
<i>topik rencana</i>	= karangan pokok ing ariwarti utawa kala-warti.

B. Isenana nganggo tembung camboran kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Tukang nglakokake prau arane *juru mudhi*
2. Wong sing pagaweane nyabrangeke wong nganggo prau arane *juru tambang*
3. Wong sing nglantarake pagunemane wong loro sing pa-dha dene ora mangerti basane diarani *juru basa*
4. Wong sing pinatah ngreksa pakuburan utawa papan sing kramat diarani *juru kunci*
5. Wong sing pinter memethak (memeca) sarana palintang-an arane *juru rugini*
6. Wong sing pagaweane nindakake tulis-tinulis ana kantor-kantor arane *juru tulis*
7. Wong sing pakaryane dadi tukang adang diarani *juru adang*

8. Lurahing pelanyahan iku arane *jurugalah*
9. Wong kang duwe kapinteran tansah nganggit crita (karangan) diarani *jurug crita*
10. Wong kang pakaryane ngumpulake pawarta, kang calor kapacak ing ariwarti iku arane *jurug warta*

<i>jurug kunci</i>	<i>jurug mudhi</i>	<i>jurug ngarang</i>
<i>jurug basa</i>	<i>jurug nujum</i>	<i>jurug dang</i>
<i>jurug tambang</i>	<i>jurug tulis</i>	<i>jurug jalir</i>
<i>jurug warta</i>		

C. Apa pakaryane tukang kang kasebut ing ngisor iki ?

- | | |
|-------------|--------------|
| - jlagra | - kusir |
| - gemblak | - masinis |
| - greji | - pilot |
| - gamel | - kondaktur |
| - blandhong | - niyaga |
| - sayang | - waranggana |
| - pekathik | - dhalang |
| - blantik | - penyumping |

D. Isenana nganggo unen-unen/bebasan kang cumawis ing ngisore !

1. Yen kowe sinau mepeng marga nduweni gegayuhan kepengin dadi dhokter, lan wong tuwamu saguh nragadi iki jeneng wis *keplak lan gumbel*
2. Kowe iku gelem melu seneng-seneng kok ora gelem udhu, iki bebasane *keplak ora tembak*
3. Yen kowe nulungi wong kang kasangsaran iku malah nambah kasangsarane iku bebasane *tolong mabur*
4. Wong tuwa kang tansah nguja sapanjaluke anak iku bebasane *welas, tanpa elis*
5. Sapa bae kang duwe gegayuhan kudu mbudidaya kapriye amrih kaleksanane, bebasan kudu direwangi *slat mabur*
6. Ing samubarang gawe iku aja sok njagakake pitulungane liyan, kaya dene unine bebasan . . . iku ora becik.

*ngagalake mabur
si blorok*

- 7. Barang kang sepele ngono kok padha ko-anggo padudon rame ora karuwan, kuwi rak kaya dene bebasan.
- 8. Sanajan katone angel nanging ya coba dak-lakonane mbok manawa bisa kasil.

njagakake endhoge si blorok ; ulat mandhlep ati karep ;
 keplok lan jumbuh ; madu balung tanpa isi ; tulung men-
 thung ; kalah cacak menang cacak ; keplok ora tombok ;
 welas tanpa alis

III. PARAMASASTRA

PANAMBANG "i" + hanuswana /tripuruso

1. Pangrimbaging tembung mawa panambang i

a. Panambang i manawa karaketake ing tembung kang wandane pungkasan arupa wanda sigeg, wandane sigeg ora owah, kayata :

Panulise nganggo aksara Latin :

- pacul + i → paculi
- jupuk + i → jupuki
- gered + i → geredi
- bethet + i → betheti
- leren + i → lereni

Kimbag: ikriya
 am } + lingga + i → tanduk
 an
 ang
 any

Panulise nganggo aksara Jawa sesigege dirang-kep :

- ꦥꦕꦸꦭꦶ + ꦲꦶ → ꦥꦕꦸꦭꦶꦶ
- ꦗꦸꦥꦏꦶ + ꦲꦶ → ꦗꦸꦥꦏꦶꦶ
- ꦒꦼꦫꦺꦢꦶ + ꦲꦶ → ꦒꦼꦫꦺꦢꦶꦶ
- ꦧꦺꦠꦺꦠꦺ + ꦲꦶ → ꦧꦺꦠꦺꦠꦺꦶ
- ꦭꦺꦫꦺꦤꦶ + ꦲꦶ → ꦭꦺꦫꦺꦤꦶꦶ

dak } + lingga + i → tanggap
 lo
 di

ditulis lanu
 → sambahing ing 16 kang wasanane "i"

b. Panambang I manawa karaketake ing tembung kang wandane pungkasan arupa wanda menga (a, i, e, u, o) :

- wandane pungkasan owah dadi e utawa o
- panambang I → ni (lingga + an + i)

Tuladha :

pati + i → *pati + an + i* → *paten + i* → *pateni*
laku + i → *laku + an + i* → *lakon + i* → *lakoni*
sade + i → *sade + an + i* → *sade + i* → *sadeni*
bodho + i → *bodho + an + i* → *bodhon + i* → *bodhoni*
gawa + i → *gawa + an + i* → *gawa + i* → *gawani*

Panulise nganggo aksara Jawa :

pateni → ꦥꦠꦺꦤꦶ
lakoni → ꦭꦏꦺꦤꦶ
sadeni → ꦱꦢꦺꦤꦶ
bodhoni → ꦧꦺꦝꦺꦤꦶ
gawani → ꦒꦮꦤꦶ

2. Pangrimbaging tembung mawa ater-ater anuswara + i :

a(N) + sapu + i → *nyaponi*
a(N) + waca + i → *macani*
a(N) + tuku + i → *nukoni*
a(N) + uni + i → *nguneni*
a(N) + sade + i → *nyadeni*
a(N) + bodho + i → *mbodhoni*
a(N) + pasa + i → *masani*
a(N) + ronce + i → *ngronceni*
a(N) + loro + i → *ngloroni*

3. Tegese panambang i

- a. *ngleboni guwa* = mlebu ing guwa
- ngunggahi gunung* = munggah ing gunung.
- b. *ngirimi layang marang bapake* = kirim layang marang bapake
- mbasani wong cilik* = basa marang wong cilik.

- | | |
|--|--|
| c. <i>ngoncati</i> bebaya
<i>ngedohi</i> maksiyat | = oncat <i>saka ing</i> bebaya
= ngadoh <i>saka ing</i> maksiyat |
| d. <i>mriyayeni</i>
<i>ndesani</i> | = kaya priyayi
= kaya (wong) desa |
| e. <i>nuthuki</i> paku
<i>naboki</i> bocah | = <i>marambah-rambah</i> nuthuk paku
= <i>marambah-rambah</i> nabok bocah |
| f. <i>ngandeli</i> garise
<i>ngurangi</i> tadhahe | = gawe luwih kandel garise
= gawe supaya kurang tadhahe |
| g. <i>ngratoni</i> negara
<i>nglurahi</i> padesan | = dadi ratu ing negara
= dadi lurah ing desaku |
| h. <i>nggateli</i> awak
<i>maregi</i> weteng | = gawe gatel ing awak
= njalari wareg ing weteng |

PANAMBANG AKE / AKEN

1. Pangrimbaging tembung mawa panambang ake

- a. Panambang **ake/aken** manawa karakterake ing tembung kang *wandane wekasan sigeg*, ora ngowahi tembung. Dene panulise nganggo aksara Jawa, sigege dirangkep.

Tuladha :

<i>sawat + ake</i> → <i>sawatake</i>	ꦱꦮꦠꦠꦏꦺ
<i>suwun + aken</i> → <i>suwunaken</i>	ꦱꦸꦮꦸꦤꦏꦺꦤ꧀
(di) <i>edum + ake</i> → <i>edumake</i>	(ꦢꦶ)ꦒꦺꦩꦠꦏꦺ
(di) <i>jupuk + ake</i> → <i>jupukake</i>	(ꦢꦶ)ꦗꦸꦥꦏꦏꦺ
(di) <i>kuras + ake</i> → <i>kurasake</i>	(ꦢꦶ)ꦏꦸꦫꦱꦏꦺ

- b. Panambang **ake/aken** manawa karaketake ing tembung kang wandane wekasan sigeg n, n mau owah dadi k.

Tuladha :

(di) jajan + ake → (di)jajakake (ꦗꦗꦏꦏꦏꦺ)
 (di) pakan + ake → (di)pakakake (ꦥꦏꦏꦏꦏꦺ)
 (di) takon + ake → (di)takokake (ꦠꦏꦏꦏꦏꦺ)

- c. Panambang **ake/aken** manawa karaketake ing tembung kang wandane wekasan menga (a, i, u, e, o), wandane wekasan kudu disigegake k, lan kang aswara u → o lan i → e

Tuladha :

(di)padha + ake → (di)padhak + ake → (di)padhakake
 (di)bali + ake → (di)balek + ake → (di)balekake
 (di)payu + ake → (di)payok + ake → (di)payokake
 (di)seje + ake → (di)sejek + ake → (di)sejekake
 (di)bodho + ake → (di)bodhok + ake → (di)bodhokake

Panulise nganggo aksara Jawa ake/aken katulis kayata :

dipadhakake → ꦢꦶꦥꦢꦲꦏꦏꦺ lingga ꦭꦶꦁꦒꦏꦏꦺ
 dibalekake → ꦢꦶꦧꦭꦺꦏꦏꦺ ,, ꦢꦶꦧꦭꦺꦏꦏꦺ
 dipayokake → ꦢꦶꦥꦪꦺꦏꦏꦺ ,, ꦢꦶꦥꦪꦺꦏꦏꦺ
 disejekake → ꦢꦶꦱꦺꦗꦺꦏꦏꦺ ,, ꦢꦶꦱꦺꦗꦺꦏꦏꦺ
 dibodhokake → ꦢꦶꦧꦺꦝꦺꦏꦏꦺ ,, ꦢꦶꦧꦺꦝꦺꦏꦏꦺ

2. Pangrimbaging tembung mawa ater-ater anuswara + ake

a(N) + padha + ake → madhakake
 a(N) + bali + ake → mbalekake
 a(N) + payu + ake → mayokake
 an(N) + seje + aken → nyekaken
 an(N) + bodho + aken → mbodhokaken
 an(N) + puji + aken → mujekaken
 an(N) + tuku + ake → nukokake
 an(N) + gawa + ake → nggawakake
 an(N) + jupuk + ake → njupukake
 an(N) + edum + aken → ngedumaken

3. Tegese panambang ake / aken

- | | |
|--|---|
| a. nyusahake wong tuwa
ndhuwurake lampu | = gawe supaya susah wong tuwa
= gawe supaya dhuwure lampu |
| b. mbodhokake liyan
ngluputake kanca | = nganggep bodho marang liyan
= ngarani luput marang kanca |
| c. mlayokake sepedha
nglungakake dhuwit | = nggawa mlayu sepedha
= nggawa lunga dhuwit |
| d. nulisake adhine
njalukake adhine | = nulis kanggo adhine
= njaluk kanggo adhine. |

L A T I H A N

Tembung-tembung kang dikurung ing ukara-ukara iki rimba-
gen nganggo *ater-ater anuswara* lan *panambang i, ake/aken,*
banjur tegesana pisan !

1. Aku (weneh) dhuwit marang adhiku.
2. Bapak wingi (ili) banyu ing sawah.
3. Aku uga tau (ili) sawah saka kalen.
4. Adhiku wis pinter (tempel) potret-potret ana album.
5. Pemain akrobat wani (kalung) ula ana ing gulune.
6. Aku didhawuhi ibu supaya (patri) ceret.
7. Sesasi sepisan ibu (jamu) adhiku nganggo tamu lawak.
8. Kowe biyen (janji) aku arep (tuku) sepatu anyar.
9. Kula inggih sagah (bekta) koper sampeyan.
10. Eyang mau (dangu) kowe, geneya kowe ora (tonton) sekaten adhi-adhine.

IV. NULIS

PANULISE TEMBUNG-TEMBUNG KANG MAWA PANAMBANG I, AKE/AKEN NGANGGO AKSARA JAWA

A Panulise tembung-tembung mawa panambang i (اڤي)

اڤي اڤي

— اڤي اڤي اڤي اڤي

اڤي اڤي

— اڤي اڤي اڤي

اڤي اڤي اڤي

— اڤي اڤي اڤي اڤي

2. Manawa pungkasaning lingga awujud wanda sigeg, sigege karanqkep, kava ta :

- | | | |
|------------|---|--------------|
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |
| lana lanya | - | lanana lanya |

C. Tulisen nganggo aksara Jawa sing bener !

- | | |
|-------------|------------|
| ndondomake | nyemoni |
| ngedolake | ngudhuni |
| nuthukake | nggoleki |
| njurusake | nggondheli |
| nganggokake | ngladosi |
| ngresmekake | mbunderi |
| nutokake | mbetheti |
| nyontokake | ngregedi |
| nggadhekake | nganthongi |
| nggolekake | nyalami |
| nambakake | nyarapi |

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa madya ngoko iki salinana nganggo basa krama !

Mbok Sardi : "Dika esuk-esuk kok empun mruput teng pasar. Onten prelu napa ta ?"

Ni Merta : "Ajeng nempur, nek rada kamanan, sok boten komanan, dene sing padha tuku boten ngemunglake wong mriki mawon."

ora wang kene tok

ing inggih sa... mawon... Nanging... sabm... wong...

Mbok Sardi : "Kula niki temene mawon enggih butuh beras kaya dika. Ning kula srantekake! Njing dina pasaran mawon. Dadi regane rada mboten kelarangan."

Ni Merta : "Ngotena nika pasaran ngarep niki rak dereng kena dipesthekake kehing bakul sing adol beras, awit dene seg nengah-nengahi mangsa rendheng kaya ngeten ! Adat sing empun-empun beras parine wong desa sami disimpen mawon."

Mbok Sardi : "Mula bener kandha dika ngoten niku. Tujokna butuh kula beras boten akeh."

Ni Merta : "Nek ming ajeng tuku beras 10 beruk mawon, kula bisa ngeteri."

Mbok Sardi : "Lah enggih becik ta nek ngoten. Ning regane salumrahe mawon !"

Ni Merta : "Enggih ta. Mengke awan-awanan kula eteri 10 beruk."

** Mula leras... triyos... sampayan... nekaten... put...*

tugonipon betah kala **Karti Basa kaca 69**

** Manami namung... baehe... tumpak... wong... boten... katha...*

sedopo beruk... kluwawon... kula...

VI. KASUSASTRAN

A. Wedharing rasa pangrasa iku bisa katulis nganggo :

- 1. basa gancaran**, yaiku basa kaya kang kanggo cecaturan ing saben dina, layang kabar, crita, lsp.
- 2. basa iketan**, yaiku kang kaiket ing wewaton, tuladhane parikan, wangsalan, guritan, tembang, lsp.

tembang tangkrima

Basa kang kanggo ana ing layang kabar (hariwarti) lan ana ing majalah (kalawarti) mesthi katulis nganggo **basa gancaran**.

B. Layang kabar iku warna-warna. Ana sing diarani Hariwarti kang metune saben dina. Ana sing diarani Kalawarti kang metune mangsa kala. Iku kabeh sing baku nganggo basa gancaran. Dene yen ana tembange lsp. iku mung awujud isen-isen, kanggo ganep-ganep. Amarga hariwarti apa dene kalawarti iku ngemot sawarnaning kawruh, kaya ta :

- kawruh bab tembang (puisi)
- kawruh bab dedagangan
- kawruh bab perusahaan

*beruk = takutan beras saka batha
utawa ganthang*

- kawruh bab tetanen
- kawruh bab peternakan
- kawruh bab politik
- kawruh bab teknik
- kawruh bab sejarah
- kawruh bab kabudayaan lsp.

C. Ing jaman kang wis kapungkur **hariwarti** kang nganggo basa Jawa, kaya ta :

1. Hariwarti Sedyatama, iku malah kacithak nganggo aksara Jawa.
2. Kalawarti Kejawen, iya kacithak nganggo aksara Jawa. Kawetokake dening Balai Pustaka ing taun 1926 – 1942. Marga nalika jaman Jepang dilarang.
3. Panyebar Semangat, babaran Surabaya, kawetokake wiwit taun 1933. Nalika jaman Jepang uga disetop. Ing taun 1949 lagi kena ngetokake maneh nganti tekan seprene.

D. Saiki **hariwarti** lan **kalawarti** kang nganggo aksara Jawa wis ora ana. Malah hariwarti Jawa bae wis ora ana. Sing ana mung kari **kalawarti**, kaya ta :

4. Jaya Baya, kalawarti terbitan Kediri wiwit taun 1945, saiki pindhah ana ing Surabaya.
5. Waspada, kalawarti babaran Yogyakarta wiwit taun 1952.
6. Mekar Sari, kalawarti weton Yogyakarta kang wiwit taun 1957.
7. Cendrawasih, kalawarti saka Surabaya, kawetokake wiwit taun 1957.
8. Crita Cekak, weton Surabaya wiwit taun 1955.
9. Gotong Royong, saka Surabaya wiwit taun 1963.
10. Candra Kirana, weton Surabaya wiwit taun 1964.

SURI



Kunandhono

Parikesip

Darma kanda

Paha kawan

Mekar Sari

Pispa

/ Pispa sala

(2 minggu pisan)

WULANGAN 4

I. WACAN

A. Wacanen batin sing premati !

HARI KESAKTIAN PANCASILA

Pancasila kang adil dadi dhasare negara Republik Indone-
sia iki nyata-nyata sekti mandraguna. Lire wis makaping-kaping
ana sawenehing pawongan lan golongan kang gething keburu
gething sangel sengit nedya njongkeng Pancasila, banjur diganti kanthi dhasar
liya, ewasemono kabeh mau cabar tanpa gawe. *ngamburake*

Yen dietung-etung, wiwit kobare Prastawa Madiun kang di-
dhalangi PKI Muso lan kanca-kancane, banjur pemberontakan
RMS ing Maluku kang dipandhegani Soumokil, uga pemberon-
takan DI/TII ing Jawa Kulon lan saperangan Jawa Tengah kang
didhalangi Sekarmaji Marijan Kartosuwiryo, PRRI/Permesta
ing Sumatra Kulon lan Sulawesi kang dipandhegani Andi Azis
lan Kahar Muzakar, kabeh mau kasil ditingkes dening ABRI lan
mbuk tekake Rakyat. Iki mracihnani manawa saperangan gedhe bangsa In-
donesia isih nresnani Pancasila minangka gegondhelan, kapri-
baden, filsafat sarta dhasaring negarane. *pemberontakan*

Nanging prastawa-prastawa kabeh mau pancen durung
rampung semono bae. PKI kang nate gawe ontran-ontran rikala
Prastawa Madiun 1948 lan diapura saengga bisa dadi parta
kang ngrembaka jebul sulaya ing janji lan cidra ing ubaya. Ang-
gone nampa Pancasila jebul mung dianggo lamis bae. Lire ing
sawise taun 1960-an akeh prastawa-prastawa cilik ing dhaerah
kang didhalangi lan digedhek-gedhekake dening PKI. Dene mi-
nangka punjere prastawa yaiku rikala kedadeyan ontran-ontran
ing Lubang Buaya tanggal 30 September 1965. PKI kanthi G 30
S nyata-nyata mrengkang paprentahan lan ngemohi Pancasila.

Tragedi nasional ing Lubang Buaya kang katindakake de-
ning G 30 S / PKI iki dadi tandha yekti, manawa PKI pancen wis
ora bisa disanak maneh. Tumindake cengkah karo kapribaden
lan jiwa Pancasila. Pemuda Rakyat kang bebarengan karo sa-
perangan Pasukan Cakrabirawa nyulik para Jendral Angkatan
Darat, kayata : Jendral Ahmad Yani, Letjen Haryono MT, Letjen
S. Parman, Letjen R. Suprpto, Mayjen. Sutoyo, Mayjen D.
Panjaitan, Kapten Piere Tendean, lan Ajun Inspektur Polisi Ka-
rel Sasuit Tubun, mujudake tumindak kang cengkah kalayan

kata = nalika
 ngkalah = kudu balen sawiring = salabehing
 asobet = diarani disengkuyung = dibantu / didukung
 baya = gandi bantala = lemah / prastawa /

penghayatan lan pengamalan Pancasila. Apa maneh sawise kasil diculik, para kurban mau banjur disiksa lan dipilara engga dadi lan tiwase. Lan sawise tinemu tiwas kanthi patrap deksiya jisime para kurban mau banjur dilebokake ing sajroning sumur tuwa satengahe Lubang Buaya kono.

gon mazah

Kaya mangkono mau trekahe Pemuda Rakyat, Gerwani lan Anggota BTI kang disengkuyung dening PKI. Mesthi bae iki ora uwal saka gegayuhane Letkol Untung kang dadi dhalang prastawa. Awit iya Letkol Untung mau kang kepengin ngelun panguwasa, kepengin mrengkang pranatan sarta Pancasila, kang sabanjure bisowa diganti mawa lelandhesan komunisme

-tal a, woli

Nanging senjata dibudidaya kepriye bae, pemudha-pemudha kang ajiwa Pancasila ora bakal kengguh ing ubaya. Kanthi dipandhegani dening Letjen TNI Suharto, kang dibiyantu dening pasukan RPKAD kang dipimpin dening Kolonel Sarwo Edhie Wibowo, Pemuda Rakyat dalah Cakrabirawa kang kasil nguwasani lan ngejeki panggonan-panggonan wigati ing Jakarta kabeh kasil ditingkes. Pencen ora lidok, kabeh mau lumaku jalaran dikomandho dening para pemimpin PKI. Kanthi sesanti rawe-rawe rantas malang-malang putung, kang kasil dibrastha dening ABRI lan Rakyat orang mung para paraga prastawa G 30 S / PKI bae, nanging jangkep sak benggol-benggole pisan kasil dibrastha.

an

Mula ora jeneng keladuk manawa wiwit prastawa mau, tanggal 1 Oktober 1965 pihak Pancasila wis kasil ningkes sakabehing mungsuh. Iya mungsuh kang nyata-nyata kepengin ngrubuhake Pancasila apadene mungsuh kang kanthi sesidheman kepengingawe cilakaning bangsa lan negara sarana laku cidra. Mula kanggo pepenget tumrap kita kabeh tanggal 1 Oktober tetep kita pengeti minangka Dina Kesaktian Pancasila. Lan iya ing dina kasbut wis wajib kita kabeh mawas dhiri, apa iya Pancasila wis kita amalake ing dalem pribadi kita ing sajroning urip bebrayan sadina-dina ?

Bangsa Indonesia wis sabaya-pati nedya mbela wutuhe negara Republik Indonesia kanthi wani ndhepani bantala amrih tansaya luhur lan arume bangsa. Jaya-jaya dwipantara tetep jaya ngadhepi salwiring bebaya, ngono sesantine, kejaba Bhinneka Tunggal Ika kang wis dadi tekad bebarengan kang tansah dileluri.***

ra lidok = tenan (ora ngapusi)
 mrengkang pranatan = temindake pranatan
 laduk = kebacut
 mungsuh = mung lahiri (balinga bolan)
 mbarsto = mbrantas
 benggol !! = pambungah

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki !

1. Buktine apa manawa Pancasila kang dadi dhasar negara Republik Indonesia iki sekti mandraguna ?
2. Tumraping bangsa Indonesia Pancasila iku bisa nggambarake apa ?
3. Saperangan gedhe bangsa Indonesia tresna marang Pancasila. Buktine iku kepriye ?
4. Tumindake PKI nyata cengkah karo kapribaden lan jiwa Pancasila. Tuduhna buktine !
5. Golongan pemudha endi kang nyata keblinger marga kengguh marang janji muluk-muluk nganti direwangi gelem tumindak nglawan Pancasila ?
6. Saben tanggal 1 Oktober tetep kita pengeti minangka Hari Kesaktian Pancasila. Apa pamrihe ?

C. Pocapan

Tembung-tembung kang kaecap kandel ing ukara-ukara iki ucapna sing bener !

1. *Koperasi Unit Desa iku kacekak dadi KUD.*
2. *Adu cepat-tepat liwat TVRI gedhe mampangate tumraping para siswa SD, SMP, SMA.*
3. *PLN, Telekom, Perumtel iku kabeh kalebu "perusahaan umum negara"*
4. *Layang katrangan bebas G 30 S/PKI dibutuhake kanggo kaperluan lamaran dadi punggawaning negara.*
5. *Koperasi iku saben taun wajib lapuran marang para anggota lan sabisa-bisa dibarengi ngedum SHU.*
6. *Kanggo nulungi marang golongan "ekonomi lemah". Bank pemerintah bisa menehi kredit modhal KCK, KMKP, KIK lan sapanunggalane.*

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>sekti</i>	= duwe kaluwihan ngungkuli kodrat
<i>mandraguna</i>	= wasis (digdaya) banget
<i>ditingkes</i>	= ditumpes

prastawa	= kadadean
ngrembaka	= mekar, dadi gedhe
punjere pras-tawa	= underane kadadean
sulaya	= ora cocog / <i>cangkah</i>
cidra	= ora setya, ora nuhoni janji <i>mbengani</i>
ubaya	= janji, kasaguhan
lamis	= mung laire thok ning batine ora
mrengkang	= ora manut <i>aturan sing ana</i>
tragedi nasional	= prastawa kang nyedhihake bangsa
cengkah	= sulaya

B. Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Yen wayah lingsir wengi aja seru-seru anggonmu ngunekake tape, sabab kowe kudu
2. Swasana kampung bisa tentrem lan aman, manawa para wargane bisa srawung kanthi . . . lan . . .
3. Pasrawungan ing kampung bisa . . . manawa para wargane padha duwe . . . , ing antarane siji lan sijine padha . . . lan padha gelem nindakake . . . ngayahi kebutuhane kampung. *gotong royong*
4. Ngedohi larangan lan nindakake dhawuhe Gusti Allah iku diarani
5. Yen kepengin nyingkiri anane padudon ing antarane siji lan sijine kudu dianakake . . . , aja nganti mung waton tumindak. *golek menange dhewe*

musyawarah ; ngelingi butuhing liyan ; takwa ; ajeningajenan ; sumadulur ; jaga-jinaga ; gotong royong ; mong kinemong ; tepa slira ; golek menange dhewe

C. Tembung-tembung saroja ing ngisor iki gawenen ukara kang mathuk !

<i>gugur gunung</i>	<i>sugih miskin</i>
<i>bau suku</i>	<i>gedhe cilik</i>
<i>darma bekti</i>	<i>enom tuwa</i>
<i>tindak tanduk</i>	<i>gawe parigawe</i>
<i>solah tingkah</i>	<i>ruwed renteng</i>

D. Apa kosok baline ?

1. wong kang *alus bebudene*.
2. wong kang *luhur bebudene*.
3. wong kang *dhiri*.
4. wong kang *gumedhe*.
5. wong kang *kajen keringan*.
6. wong kang *kumalungkung*.
7. wong kang *lembah manah*.
8. wong kang *pradhah*.
9. wong kang *andhap asor*
10. wong kang *blaba*.

E. Tegese ukara-ukara ing ngisor iki golekana paribasane nganggo tembung kang dikurung ing burine !

1. Wong kang disenengi dening wong akeh (*cepaka*) ^{kembang}
2. Wong kang laire katon anteng, nanging tibake ala atine. (*widara*)
3. Wong kang kakehan kasaguhane nanging ora tau ana nyatane. (*gludhug*) ^{kececekan}
4. Wong kang ala rupane apa maneh ala bebudene. (*ganja*)
5. Wong kang rupane ala nanging akeh kabisane. (*madu*)
6. Wong kang apik rupane lan becik bebudene. (*manis*)

III. PARAMASASTRA

UKARA CAMBORAN WUDHAR
(KALIMAT MAJEMUK SETARA)

A. Gatekna !

Wis diterangake ing ngarep manawa :

1. Ukara lamba (ukara prasaja)

Yaiku ukara kang **jejere** mung siji lan **wasesane** mung siji (1 pola ukara)

- a. *Aku maca buku.*
- b. *Adhiku mangan kacang.*
- c. *Bapak ngendikan karo ibu.*

ukara lamba

" rowa /

camboran /
rangkep

jejere lan wasesane
jejere

2. Ukara camboran wudhar

Yaiku ukara kang kadadean saka pola-pola ukara kang sejajar. Marga siji-sijining pola ukarane ora dadi katranganing pola ukara liyane (kadadean saka 2 pola ukara utawa luwih)

Tuladha :

- a. *Aku maca buku, adhiku mangan kacang, bapak ngendikan karo ibu.*
- b. *Aku maca buku **LAN** adhiku mangan kacang.*
- c. *Aku maca buku, adhiku mangan kacang, **LAN** bapak ngendikan karo ibu.*
- d. *Aku maca buku **LAN** adhiku mangan kacang, **DENE** bapak ngendikan karo ibu.*

Katrangan :

- (1). Ukara camboran a, b, c, d ing dhuwur iku kadadean saka 3 ukara lamba kasebut ing dhuwur.
- (2). Carane ndhapuk dadi *ukara camboran wudhar* (Kalimat majemuk setara) ing tuladha iku mangkene :
 - (a). Kadhapuk sarana kaucapake kanthi **lagu** kang ing panulisan diwenehi **tandha koma**. Dadi tanpa tembung pangiket.
 - (b). Kadhapuk sarana **lagu** lan **tembung pangiket LAN**.
 - (c). Kadhapuk sarana **lagu** lan **tembung pangiket LAN**.
 - (d). Kadhapuk sarana **lagu** lan **tembung pangiket LAN, DENE**

B. Ukara-ukara lamba iki dhapuken supaya dadi *ukara camboran wudhar sarana lagu bae* !

1.
 - a. *Aku mangan nangka.*
 - b. *Adhiku ngombe wedang.*
2.
 - a. *Bapak tindak menyang kantor.*
 - b. *Ibu resik-resik ana ndalem.*
 - c. *Aku karo adhiku menyang sekolah.*
3.
 - a. *Adhiku sregep sinau.*
 - b. *Kakangku kesed banget.*

C. Ukara-ukara lamba iki dhapuken nganggo tembung pangiket kang cumawis ing ngisor, supaya dadi ukara camboran wudhar !

1. Kowe mau saka ngendi ?
Wayah mene lagi mulih.
2. Redi Merapi punika sampun inggil.
Meksa kawon kaliyan redi Semeru.
3. Aku iki wis tuwa.
Isih mepeng anggonku marsudi kawruh.
4. Aku diarani njupuk buku.
Aku weruh bae ora.
5. Kali iki cilik.
Iline banter temen.
6. Dhateng kula radi kasep.
Kebetheng wonten margi.
7. Mangke dalu kula boten saged sowan mriki.
Kadhawuhan ndherek bapak.
8. Anggen kula damel sabun boten saged dados.
Kekathahen toyanipun.
9. Sedulur tuwa wajib dibekteni.
Dadi gegentining wong tuwa.
10. Aku lagi ora duwe dhuwit.
Ora bisa mitulungi.
11. Kowe dakundang mrene.
Arep dakkandhani dhewekan.
12. Darna punika radi cadhok mripatipun.
Manawi maos kerep klentu.

Tembung pangiket :

sarehne	dene	margi	mangka
mulane	ewadene	jalaran	nanging
milanipun	suprandene	sabab	awit

IV. NULIS

A. Nulis angka nganggo aksara Jawa

Angka Jawa iku gunane kanggo nengeri *cacah* utawa *urut-urutaning* barang. Sarehne angka Jawa iku wujud aksara Jawa mula panulise kudu dipisah karo aksarane ing sakiwa tengene sarana *pada pangkat* (=)

Wujude angka Jawa :

ᮘ = 1	ᮚ = 6	ᮘᮘ = 11
ᮙ = 2	ᮛ = 7	ᮙᮙ = 25
ᮛᮙ = 3	ᮜ = 8	ᮙᮐᮘ = 201
ᮞ = 4	ᮝ = 9	ᮘᮐᮙᮛ = 1027
ᮟ = 5	ᮞᮐ = 10	ᮘᮙᮛᮟᮟ = 1955

Tuladha panulise :

ᮘᮙᮛᮟᮟ ᮞᮐᮙᮛ : 600 : ᮙᮛᮙᮛᮟᮟ

ᮙᮛᮙᮛᮟᮟ ᮞᮐᮙᮛ : ᮘᮙᮛᮟᮟ

ᮘᮙᮛᮟᮟ ᮞᮐᮙᮛ : ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ : ᮙᮛᮙᮛᮟᮟ

ᮘᮙᮛᮟᮟ ᮞᮐᮙᮛ : ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ : ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ

B. Nulis tembung kang nganggo aksara swara.

Wujude aksara swara yaiku :

ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ ᮞᮐᮙᮛ ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ ᮙᮙᮙᮛᮟᮟ
A; I; U; E; O;

Panganggone aksara swara :

Mung kanggo nulisi **tembung manca**. Aksara swara iku ora-wenang dadi pasangan.

Tuladha :

- | | |
|--------------------|-------------------|
| 1. ꦱꦲꦱꦸꦗ꧀ | = Allah |
| 2. ꦭꦺꦒꦏꦺꦤ꧀ | = Eropa |
| 3. ꦱꦲꦠꦺꦤꦶꦏꦏꦺꦤ꧀ | = Amerika |
| 4. ꦭꦺꦒꦺꦤ꧀ | = Eng Bo |
| 5. ꦭꦶꦱꦏꦏꦺꦤ꧀ | = Iskak |
| 6. ꦭꦶꦁꦒꦼꦂꦶꦱꦶ | = Inggris |
| 7. ꦸꦩꦂ | = Umar |
| 8. ꦸꦱꦩꦤ | = Usman |
| 9. ꦸꦏꦺꦩꦺꦤ꧀ | = Oktober |
| 10. ꦸꦫꦺ | = Orde |
| 11. ꦮꦸꦭꦤ꧀ ꦱꦺꦱꦶꦥꦼꦫꦶ | = wulan April |
| 12. ꦮꦺꦠꦸꦤ꧀ ꦺ | = taun Ehe |
| 13. ꦤꦩꦤꦶꦥꦸꦤ꧀ ꦸꦱꦩꦤ | = namanipun Usman |
| 14. ꦗꦩꦤ꧀ ꦺꦫꦁꦒꦏꦺ | = jaman Erlangga |
| 15. ꦤꦸꦭꦶꦱꦏꦏꦺꦤ꧀ | = nulis angka |
| 16. ꦩꦺꦢꦭꦸꦱꦠꦺꦫꦶ | = medal Ustrali |
| 17. ꦨꦶꦱꦺꦏꦱꦿꦺꦱꦶꦥꦼꦫꦶ | = bis ekspres |
| 18. ꦮꦸꦭꦤ꧀ ꦸꦏꦺꦩꦺꦤ꧀ | = wulan Oktober |

C. Tullsen nganggo aksara Jawa sing bener !

1. sapunika taun 1989
2. Celenganipun 1743530 rupiyah
3. 28, 109, 7320, 4973, 16792
4. nagara Arab
5. wulan Agustus
6. karsanipun Allah
7. agaminipun Islam
8. nagarinipun Indonesia
9. Rabiulawal
10. namanipun Edris
11. nulis angka.

V. UNGGAH-UNGGUH

A. Gawe ukara *sasanti* banjur wacanen nganggo lagu kang luwes !

1. Rawe-rawe rantas malang-malang putung
 2. Sabaya pati,
 3. Sadumuk bathuk
 4. Rukun agawe santosa
 5. Sepi ing pamrih,
 6. Nglurug tanpa bala,
 7. Sapa salah
 8. Sura dira jayanirat
 9. Becik ketitik,
 10. Jer basuki
- Handwritten notes:*
 1. lebu
 3. sangari tumi
 4. crah agawe bubrah
 5. rawe ing gawe
 6. sugih tanpa tandha (munang dothang ngeserake)
 7. salah
 8. lebur dning pangastuh
 9. ala ketara
 10. wawa bea
 9. Ala utawa becik bakal ketara
 sura dira gayanikat, swob brasta tekabning ulah darmastuh
 7. Sing salah bakal kalah

B. Sasanti ing dhuwur iku tegesana banjur trapna ing ukara !

Tuladha : 8. Tumindak kang angkara murka welasan tula dning tindak utama sirna

Sing padha rukun bae karo sedulur-sedulurmu aja seneng congkraham, elinga marang unen-unen rukun agawe santosa, crah gawe bubrah

1. Apa wae kang mundangi bakal disirnakake
2. Anggon ngrewangi nganti mati
3. Mlirangka kanggo mbelani kaormatan bangsa
6. Wani ngalah supaya menang
5. Belem korban kanthi tanpa konslikan

VI. KASUSASTRAN

Ngaranga tembang KINANTHI kang surasane mangkene :


- Pancasila dadi dhasaring negara
- Pancasila iku jiwa lan kapribadening bangsa Indonesia.

Panuntun :

1. Manut surasane kang kacekak dadi 2 ukara ing dhuwur iku, ateges ukara 2 ing dhuwur iku bisa dadi 2 topik paragraf = 2 ukara baku.
2. Saben topik paragraf (ukara baku) bisa diwenehi ukara-ukara tambahan saperlu, supaya dadi 2 paragraf kang cacahing la-rikan ana 6, marga tembung Kinanthi iku ana 6 gatra.
3. Saben sagatrane kudu karingkes supaya dadi 8 wanda kanthi ora ngowahi surasaning gatra, kanthi cara :
 - tembung kang dawa diganti tembung kang cekak.
 - mancah tembung
 - yen bisa migunakake tembung kawi.
4. Swaraning pungkasane gatra kacocogake karo paugeran gu-ru lagu (dhong-dhing) Kinanthi (8u,8i,8a,8i,8a,8i) kanthi cara :
 - malik dhapukaning gatra
 - ngganti tembung kang swarane cocog karo sing di-karepake kanthi ora owah tegese.

5. Cengkorongane tembung Kinanthi :

_____ 8u
_____ 8i
_____ 8a
_____ 8i
_____ 8a
_____ 8i



WULANGAN 5

I. WACAN

A. Wacanen batin !

TRANSMIGRASI

Pak Lurah : "Wah, isih esuk kok wis sengkut gawe gulutan ta, kerta. Gek arep ditanduri apa ?"

Pak Kerta : "Kirangan niki Lurahe. Dipun tanemi jagung asilipun inggih boten maremaken. Dipun tanemi pohung inggih kirang sae."

Pak Lurah : "Pancen ya ndilalah. Tegalanmu iki sarwa ngeuwake. Gek lemahe bae cengkar kaya gene. Lemah padhas putih. Banyu saka kali ngisor kae, upama bisa diunggahake ya kedhuwuren. Lha kowe kok ya tlaten temen duwe garapan kaya gene."

Pak Kerta : "Leres ngaten nggih boten tlatos, Pak. Lha nanging badhe priipun malih. Napa ajeng nggarap tegale tiyang sanes ?"

Pak Lurah : "Karepku gene lho, Pak Kerta. Tinimbang ing desa kene tegalanmu ora bisa ngetokake asil kang becik, mbok iya melu ndhaptarake transmigrasi kana."

Pak Kerta : "Wah, priipun nggih Lurahe. Menawi ndherek transmigrasi niku ketingale kok tebih sedherek. Gek manggene mawon teng tanah sabrang ngrika. Menawi sakit sinten malih ingkang dipun sambati."

Pak Lurah : (*Gumuyu*) "Ah, Pak Kerta kowe ki kok aneh. Coba Wagiman, tangga wetanmu kae, utawa Kamidi anake Wa Kasan kae ! Saiki genah uripe kenak ing Sitiung kana. Sawah duwe, omah duwe, pametu cukup. Malah gajege dhek Riyaya wingi kuwi iya bisa tilik ngomah."

Pak Kerta : "Leres ngendikan sampeyan Lurahe. Nanging niku rak sing keleresan. Pikantuk panggenan sekeca."

Pak Lurah : "Ya ora mangkono ta, Pak. Ing tanah sabrang kana racak lemahe isih subur. Alas bukakan anyar kuwi lemahe isih ngandhut humus sing gawe subure tetanduran. Apa maneh pemerintah wis nyedhiyani sekolahan, Puskesmas, pasar lan papan ngibadah ing lokasi transmigrasi kana. Gek kurang apa maneh?"

Pak Kerta : "Nanging kula mireng-mireng kok kathah kanca transmigrasi ingkang boten kraos awit tebih saking kitha tur panenanipun dipun risak kewan wana ta, Pak Lurah?"

Pak Lurah : "Kuwi rak mung saperangan bae. Ora kabeh mangkono. Manawa arep adol pametu sawah lan pategalan menyang kutha, prahoto ya wis ana. Ora beda kaya ing tanah Jawa kene. Lha tumrap wong-wong sing kesed wegah nyambut gawe, keh-kehane ya kaya sing kok kandhakake mau. Ora krasan njur minggat. Awit wong kesed mono penyakit sing kudu dibrastha. Manawa ing kene kesed, ing kana iya kesed. Kamangka ing laladan transmigrasi mono mbutuhake wong-wong sing wekel nyambut gawe."

Pak Karto : "Wah, mireng katrangan saking Lurahe kula kok lajeng kepengin sanget ndherek ndhaptar transmigrasi. Menawi leres ngendikane Lurahe kala wau, byuh . . . mendah sekecane panggesangan kula mangke teng ngrika."

Pak Lurah : "Lha, rak ya mengkono ta Pak Kerta. Lha mengko sapungkurmu saka pategalan kene, Nyaimu dijak rembugan sing becik. Bisa ketarik melu transmigrasi lan ora ngrekasa kaya ngene iki."

Pak Kerta : "Inggih Lurahe, prekawis embokne Jarot mangke gampil. Awit dereng dangu niki piyambake nate ngajak transmigrasi."

Pak Lurah : "Lha . . . rak malah kebeneran ta. Gene kuwi Mbok Kerta ya wis ngajak."

Pak Kerta : "Kriyin kula taksih dereng gadhah grenjet kok Lurahe. Lha sak niki sareng mireng katrangan saking Lurahe, eee . . . jebule kok inggih mayar menawi ditindake."

- Pak Lurah* : (*Gumuyu*) "Mula ta Pak Kerta. Transmigrasi iki wis dadi program pemerintah. Dadi iya kudu disuksesake. Ora-orane manawa mengko uripmu kapiran ing tanah sabrang kana. Malah laladan kana iki mbutuhake wong-wong tani sing wekel nyambut gawe kaya kowe kuwi. Lemah-lemah kosong apadene laladan perkebunan mau mbutuhake tenaga sing trampil. Kamangka ing kana isih kurang tenaga sing dibutuhake."
- Pak Kerta* : "Inggih Lurahe. Enjing-enjing kula tak sowan teng kelurahan. Ndherek ndhaptar dados transmigran. Prakawis pasiten lan griya ingkang badhe kula tilar, empun jagung . . . bakarane."
- Pak Lurah* : "Lho, kok jagung bakarane?"
- Pak Kerta* : "Inggih. Jagung bakarane niku, tanggung perkarane. Gampil niku."
- Pak Lurah* : "(*manthuk-manthuk*) "Kok ya pinter gawe parikan kowe Pak Kerta."

B. Wangsulana pitakon iki !

1. Nalika Pak Lurah karo Pak Kerta jagongan iku wayah apa lan ana ngendi panggonane ?
2. Lemahgarapane Pak Kerta iku golongan apa lan kepriye kaa nane ?
3. Nalika Pak Kerta diprayogakake melu transmigrasi dening Pak Lurah, sajak abot atine. Iku sababe apa ?
4. Pak Lurah nuduhake bukti manawa melu transmigrasi iku bisa ndadekake kamulyaning kulawargane !
Apa buktine ?
5. Pak Lurah ngandhakake apa sababe ana transmigran sing njur mbresot lunga. Kepriye katranganane Pak Lurah marang Pak Kerta ?
6. Apa sababe Pak Kerta njur duwe grenjet arep melu transmigrasi ?
7. Pak Kerta matur marang Pak Lurah, "Prakawis pasiten lan griya ingkang badhe kula tilar, empun . . . jagung bakarane."
Apa karepe iku ?

C. Lagu / pocapan

Ukara-ukara pangajab ing ngisor iki ucapna kanthi lagu kang luwes !

1. **Muga-muga** saya kepenak uripmu ana papan anyar mengko !
2. Ana ing papan anyar mengko, **muga-muga** uripmu saya kepenak !
3. **Mbok iya** padha kabula kang dadi panyuwunmu !
4. Anakku sing ana ing paran tansah **pinaringana** bagas kuwarasan !
5. Ya **takdongakake**, **kasembadana** kang dadi panyuwunmu !
6. **Mbok Iya** numusi tenan, ya, impenku mau bengi !
7. **Pinanjangna** ingkang yuswa !
8. **Tinebihna** ing sambe kala, **cinaketna** ing suka basuki !
9. **Maedahana** tumraping ngakathah !

II. KAWRUH BASA

A. Tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>transmigrasi</i>	= boyongan pendhudhuk menyang tanah sabrang
<i>transmigran</i>	= wong-wong sing padha melu transmigrasi
<i>lemah cengkar sawah</i>	= lemah kang kurang loh
<i>tegal</i>	= palemahan kang ditanduri pari migunakake oncoran
<i>wekel</i>	= sregep, tumemen
<i>grenjet</i>	= pepenginan kang timbule dadakan
<i>perkebunan</i>	= palemahan jembar kang digunakake kanggo tanduran mligi (kopi, karet, teh, tebu)

B Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Wong kang dadine transmigran jalaran thukul saka karepe dhewe lan wani ngetokake-wragad dhewe kalebu transmigrasi . . . lan transmigrasi
2. Para transmigran kang asale saka rakyat sadesa komplit karo lurahe kalebu transmigrasi
3. Amrih kasembadane program transmigrasi dibutuhake para transmigran kang
4. Para transmigran iku bisa dadi urip mulya manawa . . . lan gelem nglakoni
5. Palemahan kanggo transmigrasi ana sing dadi areal . . . lan areal
6. Palemahan tilas bukakan alas iku lumrahe . . . sabab ngandhut . . . sing ndadekake subure tetanduran
7. Para transmigran kang ora krasan banjur mbresot bali mulih iku sing akeh jalaran . . . lan ora gelem rekasa dhisik.

.Wekel ing gawe ; urip prasaja ; pemukiman ; garapan ; gelem rekasa ; spontan ; swakarsa ; kesed ; lumus ; lah bedhol desa

C. Tembung-tembung kang kaecap miring iki terangna karepe !

1. Ana ing papan anyar bisaa urip mulya lan katon *cepaka sewakul !*
2. Piningana *rahmating* Gusti Inkgang Maha Agung.
3. Bisaa antuk *parimarmaning* Pangeran.
4. Entuk *berkahing* para sepuh.
5. Tansah pinaringan *kayuwanan*.
6. Bisaa dadi wong kang *pantes sinudarsana* ing anak putu.
7. Piningana *katentreman lan karahayon* ana ing papan anyar.
8. Ing tembe bisaa *mikul dhuwur mendhem jero* marang wong tuwamu sakloron.
9. Ngedohna ambek *adigang adigung adiguna*.

D. Isenana tembung-tembung kang mbangetake tegese !

1. Rep *sidhem* . . . tan ana sabawane walang ngalisik.
2. Saka kene isi *adoh*
3. Prabu Puntadewa iku ratu kang *sabar*
4. *Cilaka* . . . aku ora kepethuk wong-wing.
5. Banyune *anyep*
6. Hawa ing pagunungan iku *adhem*
7. Genthonge uwis *kebak*
8. Omahe *suwung*
9. Barange kabeh *ilang*
10. *Kojur* . . . aku ora kepethuk kancaku.
11. Adhimu diciweli nganti *biru*
12. Banyune kimplah-kimplah *bening*
13. Ambok iya *blaka* bae.
14. Rupane *gandes* . . . merak ati.
15. Ah *panase* . . . kaya ngene.
16. Sumurku saiki *asat*
17. Sanajan kowe kuwi *sugih* . . . aja pamer.
18. Aja padha cecongkrahan, becik padha *sayuk*
19. Kitirane tansah *mubeng*

III. PARAMASASTRA

PANGANGGONE ATER-ATER TRIPURUSA
(DAK-, KO-, DI-)

A. Panganggone ater-ater *dak-, ko-, di-*

Ana warna 2, yaiku :

1. Manawa **dak-, ko-, di-** rumaket ing *tembung kang tanpa swara irung*, nelakake **tanggap (pasif)** utawa **pakon**, kayata :

a. **dak** (*kula, kawula*)

- *Buku iki dakwaca* (tanggap)
- *Buku punika kula waos* (tanggap)
- *Buku punika kawula waos* (tanggap)
- *Gambar iku daksawang* (tanggap)
- *Gambar punika kawula sawang* (tanggap)

- Buku-buku iku **dakwacane** (arep dakwaca) dhisik (tanggap)
- Buku-buku iku **dakwacanane** (arep dakwacani) dhisik (tanggap)
- Buku-buku iku **dakwacakne** (arep dakwacakake) embah. (tanggap)

b. **ko** (kok, sampeyan, panjenengan, dika)

- Gula pasir iki **kotimbang** ? (tanggap)
- Gula pasir iki **koktimbang** ? (tanggap)
- Gendhis pasir punika **sampeyan timbang** (pakon)
- Gendhis pasir punika **panjenengan timbang!** (pakon)
- Gendhis pasir nika **dika timbang!** (pakon)

c. **di-** (dipun)

- Celenganku **dikepruk** adhiku (tanggap)
- Celengan kula **dipun kepruk** adhi kula (tanggap)
- **Ditresna** (tresnaa) marang bapa biyung ! (pakon)
- **Dieling** (elinga) marang wong tuwamu ! (pakon)

2. Manawa **dak-**, **di-**, rumaket ing tembung kang oleh swara irung (sengau), nelakake **tanduk (aktif)**, tuladhane :

- **Dakmaca** buku iki. (tanduk)
(Aku arep maca buku iki)
- **Dingreti** marang wong tuwa ! (tanduk)
(Ngertia marang wong tuwa !)
- **Dingati-ati** ana paran. (tanduk)
(Ngati-ati ana paran)

B. Tembung tanggap tripurusa (**dak-**, **ko-**, **di-**)

1. **dak-**, **ko-**, **di-**, iku diarani **ater-ater tripurusa** (*tri* = telu, *pu-rusa* = wong), amarga nelakake manawa kang tumindak

- wong kapisan → **dak-**
dakgawa = aku sing nggawa
- wong kapindho → **ko-**
kogawa = kowe sing nggawa
- wong katelu → **di-**
digawa = dheweke sing nggawa

2. Tembung lingga kang karakteran ater-ater **dak-, ko-, di-** nelakake jejering ukarane nandhang wasesane, mula diarani **tembung kriya tanggap** (*tembung tanggap*), tuladhane :

- *dakjupuk, dakjupuki, dakjupukake*
- *dijupuk, dijupuki, dijupukake*
- *kojupuk, kojupuki, kojupukake*

3. Arane rimbag mawa **dak-, ko-, di-**

- dakbalang* rimbage : tanggap utama purusa kriya-wantah.
dakbalangi rimbage : tanggap utama purusa ikriya
dakbalangake rimbage : tanggap utama purusa kekriya.
kobalang rimbage : tanggap madyama purusa kriya-wantah
kobalangi rimbage : tanggap madyama purusa ikriya
kobalangake rimbage : tanggap madyama purusa kekriya.
dibalang rimbage : tanggap pratama purusa kriya-wantah
dibalangi rimbage : tanggap pratama purusa ikriya
dibalangake rimbage : tanggap pratama purusa kekriya

4. Ukara kang wasesane nganggo *tembung tanggap*, jejering ukara nandhang kriyaning wasesane iku diarani **ukara tanggap**, tuladhane :

- *Gula pasir iku kotimbang ?*
- *Gendhis pasir punika sampeyan timbang !*
- *Gendhis pasir punika panjenengan timbang !*
- *Gambar iki daksawang terus.*
- *Gambar punika kula sawang terus.*
- *Gambar nika dika sawang terus ?*

C. Tembung-tembung kang dikurung iki rimbagen supaya dadi : **tanggap purusa kriyawantah, tanggap purusa ikriya, utawa tanggap purusa kekriya !**

1. Bapakmu apa wis (pundhut) sarapan sing ana lemari ?
2. Bapak wingi (pundhut) dhuwit dening eyang.
3. Omah iki wis (pundhut) bapak setaun kepungkur.

4. Nalika aku piknik (sangu) ibu limang ewu rupiyah.
5. Dhuwit Rp 5000,00 (sangu) adhiku dening ibu.
6. Anakmu apa wis (sangu) Bu ?
7. Bapak (waca) koran dening ibuku.
8. Buku komik satumpuk iku wis (waca) adhiku.
9. Layangku apa wis (waca) marang embah ?
10. Koran dina iki wis (waca) awan mau.

D. Gawe ukara nganggo tembung-tembung iki !

dakpangan – dakpakani – dakpakakake
 kojupuk – kojupuki – kojupukake
 digawa – digawani – digawakake
 diwaspada – diwaspadani – dakwaspadakake
 dibekti – dibekteni – dakbekteni

V. NULIS

A. Aksara murdha (aksara gedhe)

Perlu dimangerteni manawa ora saben aksara Jawa ana murdhane. Sing ana murdhane iku sarta pasangane mung sawatara, wujud kaya ing ngisor iki.

Gatekna, tamatna, turunen !

ꦏꦏ	=	ꦏꦏ꧀	ꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦏꦏ꧀
ꦏꦺ	=	ꦏꦏ꧀ꦺ	ꦏꦏ꧀ꦺꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦏꦏ꧀ꦺꦏꦏ꧀
ꦏꦺꦃ	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦃ	ꦏꦏ꧀ꦺꦃꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦃꦏꦏ꧀ꦺꦃꦏꦏ꧀
ꦏꦺꦩ	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩ	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦏꦏ꧀ꦺꦩꦏꦏ꧀
ꦏꦺꦩꦺ	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺ	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦏꦏ꧀
ꦏꦺꦩꦺꦩ	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩ	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀
ꦏꦺꦩꦺꦩꦺꦩ	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦺꦩ	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀	=	ꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀ꦺꦩꦺꦩꦺꦩꦏꦏ꧀

3. Paningset panjenengan punika pundhutan pinten kok pantes sanget manawi ingkang ngagem panjenengan ! Ing papan transmigrasi mbok manawi dereng wonten ingkang sade.
4. Ò. panjenengan Dhimas ! Mangga kula aturi lenggah ngriki ! Punapa saking ndalem kemawon ? Rak inggih sami wilujeng. ta ?
5. Sokur benjing wonten papan enggal kersa asring paring ka-bar dhateng Wonogiri, supados langgeng sesambetan kita.

VI. KASUSASTRAN

A. Gatekna !

Ing ngarep (wulangan 2) wis diwenehi tuladha rumpakan puisi Jawa gagrag anyar kanthi irah-irahan :

- *SADAWANE DALAN*
- *PASRAH*

Rumpakan kaya iku diarani puisi Jawa gagrag anyar amarga ora kaiket dening wewaton : *cacahing gatra, guru wilangan, lan guru lagu*. Edi penining rumpakan iku mung ngendelake :

- *pilihaning tembung-tembung kang mentes*
- *purwakanthi*
- *wirama*

- B. Coba gawea rumpakan puisi Jawa gagrag anyar kanthi irah-irahan :

TRANSMIGRASI



WULANGAN 6

I. WACAN

A. Wacanen sajroning batin !

REYOG PONOROGO

Bubar ulangan semesteran, dhasar kapener malem Minggu. Langite resik, rembulane padhang njingglang. Bubar sholat Maghrib Pak Pringgo lelenggahan ing ruwang tengah sinambi maos koran kang teka sore mau. Toni sing dandan nyambi nugas anggone ngadhepi televisi. Dene Bu Pringgo lan Astuti isih iwut dandan ing kamar mburi.

Satemene wis rong dina kepungkur Toni mothah ngajak nonton THR ing Sriwedari. Nanging dening Pak Pringgo disemayani suk yen malem Minggu, tur yen ora udan. Apa maneh Astuti kang saiki wis sekolah ing SMP kapinujon ngadhepi semesteran. Karepe Pak Pringgo yen nenonton ora jangkep sakulawarga rasane ora sreg.

"Lho, Bapak kok malah maos koran, ta ?" ngendikane Bu Pringgo sawise rampung busana.

"Ah . . . aku dandan mono pira suwene ta, Bu. Srat-sret ngono bae rak rampung", wangsulane Pak Pringgo karo nyelehake korane.

"Inggih, Pak. Mangke manawi kedalon lho", Astuti nyelanya.

"Kowe Tut, rejane Maleman Sriwedari kuwi yen wis saya wengi."

Pak Pringgo enggal-enggal menyat. Ora let suwe wis ngagem busana. Hem Bathik, clana ireng meles, mawa selop saka kulit. Mangkate pancen ora perlu numpak becak utawa taksi. Awit Taman Sriwedari mono ora adoh dununge karo kampung Baron.

"Yen mlaku ngene iki idhep-idhep bisa ngematake sesawangan ing wayah bengi," ngono ngendikane Pak Pringgo.

"Inggih Pak. Kaliyan malih saged mirsani kasilipun program Berseri", sum aure Astuti.

"Kowe kok ya pinter ta, Tut. Ayo dibatang, Berseri kuwi cekakan saka apa ?" pitakone Pak Pringgo.

"Bersih Sehat Rapi Indah," Toni sing lagi kelas telu SD age-age mangsuli.

Ora nganti setengah jam lakune wis tekan sajroning gapura THR Sriwedari. Tontonan rakyat kang digelar ing kono warna-warna. Ana wayang wong, kethoprak, ludruk, dhagelan Sri-mulat, doger Bandung, bioskop, lan liya-liyane. Malah tontonan kang tansah mubeng ing glanggang maleman iya ana. Tontonan mau ora liya Reyog Ponorogo.

Lumrahe tekan papan sing rada jembar, rombongan reyog mau mandheg. Ing kono banjur jaran kepang. Macake cara satriya, nanging menganggo kaca mata ireng.

"Kuwi gegambarane satriya saka Jenggala kang kasil ngasorake prajurit kraton Bantarangin", ngono critane Pak Pringgo

Pancen Astuti lan Toni luwih kasengsem nonton Reyog Ponorogo tinimbang nonton musik dhang-dhut lan musik rock sing pating gedhombrang. Rasane keru ing kuping.

"Lha ingkang mawi lar merak arai macan menika punapa, Pak ?" pitakone Astuti.

"Kuwi rak tetindhihe prajurit Bantarangin. Lha Pentul Tembem kae ibarate panakawan ing wayang kulit. Dene sing jejogedan ngleter kae Bujangganong."

Tansaya wengi anggone main tansaya ndadi. Ana pemain sing dipecuti awake, nanging ora ngrasakake lara. Malah pemain mau mangan pari, mangan silet, mangan beling, lan mangan dhedhak barang. Katon nikmat banget, kaya patrape wong waras sing lagi mangan bakmi kae.

"Ah, kok gila aku," kandhane Astuti karo kirig-kirig. Silet lan beling kaya ngono landhepe ko dikremusi."

"Kok kaya aku yen lagi mangan krupuk kae ya, Mbak," wangsulane Toni.

"Ya kuwi wong Jawa, Ton. Nduweni kasekten lan pangeram-ngeram kang kala-kala ora tinemu nalar," wangsulane Bu Pringgo.

Bubar nonton Reyog Ponorogo Pak Pringgo sakulawarga banjur mubeng ing stand-stand pameran. Kabeh nawakake dagangan lan produksi njeron negara, kayata kerajinan saka pring, ukir-ukiran Jepara, bathik, lan liya-liyane.

Ngadhepake jam sanga kira-kira wayang wong wis wanci-ne wiwit. Pak Pringgo sakulawarga merlokake nonton. Lakone "Karno Tinandhing" yakuwi perang antarane Karna lan Perma-di ing sayembara manah kang diadani dening Pendhita Durna ing Sokalima.

"Nonton wayang wong iki luwih migunani tinimbang nonton tontonan sing mbrebegi kuping kae. Ing kene bisa methik piwulang becik, sarta wewarah luhur," ngendikane Pak Pringgo bareng wis pinarak sekalian.

B. Wangsulana !

1. Apa sababe Pak Pringgo nyemayani dina malem Minggu anggone ngajak kulawargane nonton THR ing Sriwedari ?
2. Nalika padha ribut anggone dandan, geneya Pak Pringgo kok malah maca koran ?
3. Ana apa budhale Pak Pringgo sabrayat ora padha numpak becak utawa taksi ?
4. Ing THR Sriwedari akeh tontonane nanging geneya Astuti lan Toni luwih kesengsem nonton Reyog Ponorogo ?
5. Miturut critane Pak Pringgo paraga loro kang numpak jaran kepang manganggo cara satriya iku nggambarake apa ?
6. Paraga sijine kang araj macan mawa lar merak iku nggambarake apa ?
7. Paraga kang macak penthul tembem iku nggambarake apa ?
8. Kang diarani Bujangganong iku paraga sing kepriye ?
9. Paraga kang mangan pari, beling, silet, dhedhak iku nggambarake apa ?
10. Bareng wis ngarepake jam sanga Pak Pringgo sakulawarga padha nonton wayang wong. Lakone apa, critane kepriye ?

C. Pocapan / panulisan

1. Ucapna sing bener !

- a. manuk menco – dalam mencong
golek bago – kaya bagong
dak-paido – tuku paidon
isih pelo – nemu pelor
uwis kendho – taline kendhor
- b. tuku moto – numpak motor
ora bodho – cara bodhon
bocah koplo – kuping koploh
mlebu toko – dadi tokoh
saka Solo – menyang Solor
- c. kanthong – kanthongan
jempol – jempolan
bangkol – bangkolan
senggol – senggolan
brenjol – brenjolan

2. Bukumu tutupen, ayo dhikte kaya ing dhuwur iku !

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>mothah</i>	= rewel njejaluk
<i>menyat</i>	= ngadeg
<i>dununge</i>	= panggonane
<i>glanggang</i>	= kalangan, papan kang kanggo adu-adu
<i>macak cara sa-</i> <i>triya</i>	= dandan
<i>ngasorake</i>	= ngalahake
<i>kasengsem</i>	= kepencut
<i>panakawan</i>	= abdi pandherek
<i>pangeram-eram</i>	= kaelokan, mukjijat
<i>sayembara kang</i> <i>diadani dening</i>	= diwiwiti nindakake ada-ada
<i>tansaya</i>	= sangsaya, saya

B. Isenana arane apa, pilihen endi sing mathuk ing ngisore !

1. Kagunan swara alus kang migunakake gamelan iku arane *latihan*
2. Unen-unen ing tembang iku arane . *cakepan*
3. Lelagon kang kanggo ing karawitan iku arane . *gendhing*
4. Wanita kang pakaryane nembang mbarengi gamelan iku arane . *waranggana / tledhek*
5. Nembang mbarengi gamelan tumraping waranggana iku arane . . *sinden*
6. Kekidunganing dhalang nalika arep nyritakake wayang iku arane . *suluk*
7. Tetembangan bareng karo unining gamelan iku arane . *gerong*
8. Miwiti gendhing nganggo swaraning ricikan gemelan iku arane . *buka*
9. Miwiti gendhing nganggo tembang iku arane . *bawa / wiraswara / tembang*
10. Leren (sirep) tumrap unining gamelan iku diarani . *suwuk*
11. Gamelan komplit laras Slendro thok utawa laras Pelog thok iku diarani gamelan sa *pangkon*
12. Gemalan komplit laras Slendro karo laras Pelog iku diarani gemalan sa *prangkat*
13. Wong lanang sing sok mbawani gendhing iku arane . *wiraswara*
14. Uyon-uyon nabuh gamelan nganggo ricikan kang pepak kanthi waranggana lan wiraswara iku arane . *klenengan jangkep*
15. Uyon-uyon nabuh gamelan kang mung nganggo ricikan gamelan sing perlu-perlu bae (kenong, kempul, bonang, saron, bedhug, gong gantung) kanthi waranggana lan wiraswara iku arane . *gadhon*
16. Uyon-uyon kang mung nganggo ricikan kendhang, gender, siter, gong kemedong kanthi disindheni iku arane . *cakekan*

*bawa ; buka ; suwuk ; karawitan ; klenengan jangkep ;
prangkat ; pangkon ; gerong ; suluk ; gadhon ; sinden ;
wiraswara ; waranggana ; gendhing ; cakepan ; cokekan*

C. Arane kagunan iki golekana ing ngisore kang mathuk !

1. Kagunan joged kang katindakake wong wadon cacaha papat iku arane . . *stimpi*
2. Kagunan joged kang katindakake tledhek kang ora ditayub iku arane . . *gambang*

3. Kagunan joged kang katindakake wanita kang nggambarake mentas nglairake anak (pirantine kendhi, payung bonkah) iku arane . *bondhan*
4. Kagunan joged sing katindakake dening para priya utawa wanita kang nggambarake gladhen kaprajuritan iku arane . . . *wireng*
5. Kagunan joged sing katindakake dening priya utawa wanita kang nggambarake pethikaning lakon nganggo guneman lan tembang iku arane . *wireng langen driya*
6. Kagunan joged sing katindakake dening wanita kang nggambarake kenya lagi nedheng birahi (cacah ora mesathi) tanpa guneman, tanpa nembang iku arane . *pethilan*
7. Kagunan joged sing katindakake dening priya lan wanita kang nggambarake lelakon Ramawijaya (wanitane mung Dewi Sinta, Trijatha, emban sawetara) arane . *langen wanara*
8. Kagunan joged kang para paragane nganggo topeng kang nggambarake lelakon Panji arane . *topeng*
9. Kagunan joged kang nggambarake crita warna-warna nganggo tetembangan kang cakepan adhapur parikan iku arane . *ludruk*
10. Kagunan kang nggambarake crita utawa dongeng warna-warna, antawacanane nganggo tembang lan gancaran, iku arane . . . *kethoprak*
11. Kagunan kang mligi mitontonake keprigelan jogeding priya bebarengan karo jogede waranggana (ledhek) iku arane . *tayub*

golek ; kethoprak ; ludruk ; tayub; topeng ; langen driya ; langen wanara ; srimpi ; gambyong ; bondhan ; wireng ; pethilan

D. Apa tegese tetembungan kang kacithak kandel iki !

1. Serat kabar **murakabi** sanget, langkung-langkung tumraping **kaum dagang**. *murakabi, gawangan, para wong, sing panggonan saka dagang*
2. Anggonmu nyambut gawe aja **didagang**. *dipenthung*
3. Pedhete lagi **ndagangi**. *nyambut gawe*
4. Iki barang **dagangan**. *kulakan, manawa ana juragan*
5. Marja punika sugih **seserepan**. *kapinteran, pengalaman / sugih karo ah*

kungo : prawan

6. Sanajan dipun serep-serepaken kok meksa boten purun nggega.
7. Kula dipun-dhawuhi eyang nyurupaken dom.
8. Kula boten dipun-sukani sumerep bab punika.
9. Srengengenipun sampun serap.
10. Ing wanci serap lawa kalong sami medal saking pandhelikan.
11. Wosipun sampun dipun-surupi ibu.
12. Darma iku bocah ora urus.
13. Dinten punika kula urus-urus.
14. Bab iku urusen karo adhimu.
15. Iki urusanku dhewe, kowe aja melu-melu!
16. Punika griya kula.
17. Anggenipun gegriya sampun tumata.
18. Ing ngriki kathah griya-griya sae.

III. PARAMASASTRA

UKARA APOLA : JEJER - WASESA - LESAN - KATRANGAN

A. Gawe a ukara tanduk transitip kang mawa gatra :

1. Katrangan panggonan (keterangan tempat)
2. Katrangan mangsa (keterangan waktu)
3. Katrangan ubaya (keterangan syarat)
4. Katrangan tujuan (keterangan tujuan)
5. Katrangan karena (keterangan sebab)
6. Katrangan sarana (keterangan alat)
7. Katrangan cacah (keterangan jumlah)
8. Katrangan wewatesan (keterangan perbatasan)
9. Katrangan katemtuan (keterangan kepastian)
10. Katrangan asal (keterangan asal)
11. Katrangan akibat (keterangan akibat)

B. Ukara-ukara ing ngisor iki udhalen (racuten) !

Tuladha :

Kancaku nggawa salin marga nginep.

Carane ngudhal (ngracut)


(1). Gatra-gatrane kapilah-pilah adhedhasar lagu:

Kancaku / nggawa salin / marga nginep.

(2). Kanggo mbuktekake manawa pamilahing gatra iku be-
ner, manawa panggonane gatra kajjol-ijolake ora owah
kareping ukara.

- *Nggawa salin / kancaku / marga nginep.*
- *Marga nginep / nggawa salin / kancaku.*
- *Kancaku / marga nginep / nggawa salin.*

(3). Sing kudu ditemokake dhisik *wasesa - lesan*, marga
wasesane tembung tanduk transitip, yaiku :



Sapa sing *nggawa salin*, wangsulane : *aku = jejer.*

Apa gayutane *nggawa salin - marga nginep = sabab*
(karana)

(4). Udhalane (racutane) ukara :

<i>Aku</i>	= jejer
<i>nggawa</i>	= wasesa
<i>salin</i>	= lesan
<i>marga nginep</i>	= katrangan karena

Tindakna kaya tuladha !

1. Kula ngentosi panjenengan wonten ngriki.
2. Ing mangsa rendheng para among tani ngolah sawahe.
3. Saiki kanca-kancaku nyelengi dhuwite ana BRI.
4. Aku karo adhiku bola-bali ngusungi watu saka kali.
5. Kanca-kancaku nglumpukake dhuwit kanggo urunan tuku bal.
6. Sarehne udan aku golek godhong gedhang kanggo pa-
yungan.
7. Saben Minggu sore aku mesthi nonton bal-balan ana ing
setadhion.
8. Budi kerep mbebeda adhine nganti nangis.

IV. NULIS

Ing wektu iki TVRI kerep nggiyaraké lelangen kethoprak amatir utawa kethoprak profesional saka dhaerah-dhaerah. Iku mratandhani manawa masyarakat wiwit gumregah mbudidaya nglestarekake kethoprak. Malah TVRI ing Yogyakarta nganakake sayembara mbatang kepriye babaraning lelakon kethoprak kang digiyarake.

Coba gawea karangan gancaran nganggo basa krama kang irah-irahane :

LOMBA KETHOPRAK

Penget :

- Topik-topik sing perlu kocritakake cathetana dhisik, banjur pilih kang perlu-perlu !
- Aja lali gawe cengkorongan karangan !
- Topik-topik kang kasebut ana karangan dadekna paragraf-paragraf !
- Ukara-ukarane gawenen kang prasaja lan cetha !
- Tulisane sing bener, rapi, lan nengsemake !

V. UNGGAH-UNGGUH

A. Salinana nganggo *basa ngoko andhap* !

1. Bapak Menteri rawuh ing Madiun, dipun caosi pasugatan kagunan reyog.
2. Bapak Menteri sapandherekipun dalah para tani sami karenan ing panggalih mriksani kagunan reyog saking wewengkon Panaraga.
3. Wontenipun kagunan reyog ing Panaraga punika miturut pangandikanipun para pinisepuh sampun atusan taun kapengker.
4. Manawi wonten pengetan pahargyan dinten ageng asring sanget ngginakaken kagunan reyog kangge ngregengaken pahargyan.
5. Para tamu saking manca negara ugi kathah ingkang ngerusakaken mriksani kagunan reyog.

B. Salinana nganggo basa krama !

1. Para Bapak Menteri rena panggalihe mriksani kagunan reyog lan kerep mundhut katrangan-katrangan kang perlu.
2. Bapak Bupati kang padha rawuh ing Madiun uga nyaosi katrangan-katrangan bab kagunan reyog marang panjenengane Bapak Menteri.
3. Bapak Menteri uga ngendika marang para tamu kang padha rawuh ing Madiun, kajaba kagunan reyog ana maneh kagunan apa kang bisa dipamerake marang tamu manca negara.
4. Para tamu uga nyaosi katrangan marang Bapak Menteri manawa ing Jawa Wetan iki akeh kagunan kang nengsemake kaya ta : ludrug, gandrung Banyuwangi, tayub, kethoprak, lan liya-liyane.
5. Sawise pahargyan rampung tamu-tamu padha kondur menyang ndalème dhewe-dhewe kanthi ora lali ngaturake salam marang Bapak Menteri lan pandhereke.

Handwritten notes:
 sawijang dathing, kang, sawijang, nyukati, dateng, manawa, kagunan, kang nengsemake kaya ta, sandes, sandesipun, supa, pangawasa, sak rombongan.

VI. KASUSASTRAN

TEMBANG MACAPAT

A. Tembang Macapat iki, tamatna, wacanen alon-alon, banjur tembangna !

SINOM

Handwritten notes: BARIJ, Tujak, jeruk-part, jatha, gajah, aum
 Nuladha laku utama,
 tumrapping wong tanah Jawi,
 Wong agung ing Ngeksiganda,
 Panembahan Senapati,
 kepati amarsudi,
 sudane hawa lan nepsu,
 pinesu tapa brata,
 tanapi ing siyang ratri,
 amamangun karyenak tyasing sasama.

Handwritten notes:
 Nirua findak derik
 kanggo tanah Jawi
 wong agung ing Mataram
 yaitu Panembahan Senapati
 turu sing angler bagek

Handwritten notes:
 ora kindel away bangi
 manggoné direwangi tapa brata
 bisa gawe enake atiné
 wong liya sasama

Tegese tembung :

nuladha	= nirua
laku utama	= tumindak becik
wong agung	= priyayi luhur, tiyang kathah
kapati amarsudi	= sanget-sanget anggenipun ngudi (= nggegulang supados)
pinesu tapa brata	= kanthi temen-temen anggenipun nglampahi mati raga sarta sumingkir saking alam rame.
tanapi ing	= lan ugi, ananging
siyang-ratri	= siyang-dalu
amamangun karyenak tyasing sasama	= tansah adamel sekeca manahipun sesami


Gatekna !

Tembang *Sinom* iku kalebu ewoning **tembang Macapat (tembang cilik)** yaiku tembang kang nganggo wewaton (**guru**) mangkene :

- a. *guru gatra* : cacahing gatra saben sapada.
- b. *guru wilangan* : cacahing wanda ing saben gatrane. *lame*
- c. *guru lagu* : dhong-dhing ing saben pungkasaning gatra

Unen-unen ing tembang iku diarani **cakepan**.

Cengkorongane :



Cacahe tembang macapat ana 11 iji :

- a. Gambuh : 7u, 10u, 12i, 8u, 8o (5 gatra)
- b. Mijil : 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u (6 gatra)
- c. Pucung : 12u, 6a, 8i, 12a *Wilangan* (4 gatra)
- d. Megatruh : 12u, 8i, 8u, 8i, 8o *lagu* (5 gatra)
- e. Kinanthi : 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i (6 gatra)

WULANGAN 7

I. WAGAN

A. Wacanen sajroning batin I

LISTRİK MASUK DESA

- Pak Umar* : (mlebu omah karo mesem-ngguyu) 110 1
- Bu Umar* : "Lho, bubar rapat teng Bale Dhusun kok sajak ketinggal gumbira. Gek wonten napa ta, Pakne?"
- Siti* : "Inggih, Pak. Bokbilih wonten kabar sae?"
- Bu Umar* : "Empun, Pak. Gek enggal ngendika. Ampun mesam-mesem mawon ngoten niku."
- Pak Umar* : (ndudut rokok saeler, diemut, banjur disumet, kumebul ngebaki ruwangan). "Ngene lho, Bune. Ora suwe maneh desa kene iki bakal kesrambah kemajuan gedhe. Kemajuan sing seprana-seprene tansah diarep-arep wargane."
- Bu Umar* : "Kok aneh Paaak, sampeyan niku! Gek kemajuan niku kemajuan napa malih? Dalan gedhe ngge liwat mobil nggih empun onten. Saluran irigasi nggih cumepak."
- Pak Umar* : "Nanging isih ana kekurangane, Bune! Ya kekurangane iki kang bakal maujud! Ora suwe maneh!"
- Siti* : "Lajeng punapa malih, Pak, ingkang badhe dipun wujudaken benjang?"
- Pak Umar* : "Oalah, Pak! Ming ngoten mawon kok... sampeyan niku ndadak mesam-mesem!"
- Pak Umar* : "Lho, ora mesem kepriye ta Bune. Desane dhewe sing kulina peteng dhedhet yen bengi, bakal padhang kencar-kencar manawa wis kesrambah listrik." *padhang banget*
- Bu Umar* : "Ah, Pak! Wiwit cilik biyen kula ming trima dipadhangi lampu petromak kalih lampu teplok, kok inggih boten pripun-pipun." 110 5
- Pak Umar* : "Bune, manawa kabeh nduwe pikiran kolot kaya kowe kuwi gek majune desa iki suk kapan? Ngeritiya, Bune! Manawa tinemune piranti-piranti listrik mono nggawa kemajuan kang ngedab-edabi ing jagad iki."

Katingal : katon
bilik : yen / monawa
cucul wragad : ngetiki wragad
cancut tali wanda : tala

- Siti** : "Inggih leres ngaten, Pak. Pak Guru inggih sampun nyariyosaken kados pundi wigatosipun alat ingkang dipun panggihaken Thomas Alva Edison punika."
- Pak Umar** : "Lha . . . harak bener ta kandhaku."
- Bu Umar** : "Inggih, Pakne. Nanging benjing manawi empun wiwit pasang instalasi lan sabangsane niku rak inggih kedah cucul wragad kangge mbayar ta?"
- Siti** : "Inggih mesthi kemawon ta, Bu ! Menapa inggih purun pasang gratis."
- Pak Umar** : "Bener kandhamu, Siti ! Nanging tumrap desa kene ana kaenthengan-kaenthengan. Awit bakal anane listrik ing desa kene iki klebu programe pemerintah, yaiku Listrik Masuk Desa. Lha wragade saperangan antuk bantuwan saka Inpres. Tur warga anggone nragadi bisa dicitil."
- Bu Umar** : "Waaah, nggih mathuk, Pakne, manawi ngaten carane. Kula setuju. Lan manawi sampun onten padharige listrik kula kalih gendhuk Lastri rak inggih saged mbathik wanci dalu." 10 2
- Pak Umar** : "Lha yakuwi antara liya kauntungane. Lan aku bakal wiraswasta gawe panetesan telur, Bune. Kanthi listrik mengko bisa netesake endhog pitik utawa bebek, tanpa diengkremi babone kaya kang ana saiki."
- Siti** : "Kula inggih saged methik mumpangatipun, Pak. Kula saged sinau kanthi lancar, sawanci-wanci."
- Pak Umar** : "Bener, ndhuk. Apa maneh manawa pekarangan-pekarangan lan pinggir-pinggir dalan wis dipasangi lampu listrik, sabangsane maling-maling kuwi mesthi wedi lumebu desa kene."
- Bu Umar** : "Leres, Pak. Nanging inggih ampun terus lirwa. Dupeh wis ana listrike, turune dikepenak-kepenakake. Banjur sembrana."
- Pak Umar** : "Ah, ya ora mangkono ta, Bune. Kepriye bae sing jeneng Siskamling iya kudu tumindak."
- Siti** : "Lan punika rak inggih kuwajibanipun warga sakampung ngriki ta, Pak ! Boten sepuh boten enem kedah cancut taliwanda njagi keamanan dhusun."

lirwa = sembrana
benjing = esuk
nem = nem
ngupang ah pun = pigunane
dupah = ngandel - sandel dlu
tumrap = kanggo

Pak Umar : "Bener kandhamu, cah ayu. Wis saiki ayo padha madhang kana. Bareng Bapak. Bubar rapat mau bapak durung dhahar jare."

Bu Umar : "Inggih, Pak ! Mangga kula dherekaken ! Wis Ti, bukune ditinggal dhisik ! Ayo madhang pisan !"
(Wong telu banjur mlebu kamar makan. Mangan bebarengan).

B. Wangsulana !

1. Kabar bab "listrik masuk desa" ing desane ditampa gum-bira dening rakyat desa kono, mangkono uga kulawargane Pak Umar. Buktine apa ?
2. Kepriye idham-idhamane Bu Umar karo Siti manawa sida ana "listrik masuk desa" temenan ?
3. Tinemune piranti-piranti listrik iku nggawa kemajuwan kang ngedab-edabi. Buktekna ! *industri ; komunikasi, transportasi*
4. Kanggo ngenhengake sanggane rakyat pasang listrik, kepriye eguhe pamarentah ? *Mbantu beayane, kanthi ngasil-*
5. Kepriye tanggapane rakyat kang durung maju karo sing wis maju bab anane "listrik masuk desa" ? *id mpres*
6. Cekake anane "listrik masuk desa" iku ndayani kemajuwane masarakat kang ora baen-baen. Coba jlentrehna !

C. Pocapan / panulisan !

1. Ucapna sing bener !

a. *margi buntu* – gadhah buntut
kula kemu – pados kemul
kraos lesu – damel lesung

b. *mundur* – *mundura* – *ngunduri*
kemul – *kemula* – *ngemuli*
macul – *macula* – *maculi*
pupur – *pupuran* – *mupuri*
nutul – *nutula* – *nutuli*

c. *kula kungkum* *lari kunthing*
juru sungging *dipun bungkem*
radi mundur *nuntun wedhus*
boten tumbas *wantun mlumpat*
sampun mungkur *ngundhuh tuntut*

2. Bukumu tutupen, ayo dhikte kaya ing dhuwur iku !

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>bale</i>	= omah, pandhapa, amben
<i>kesrambah</i>	= kambah, kacakan
<i>wira</i>	= pahlawan, priya
<i>swasta</i>	= madeg dhewe
<i>wiraswasta</i>	= usaha mandhuwur kang ora gumantung ing liyan.
<i>lirwa</i>	= sembrana, kurang weweka
<i>cancut</i>	= nyalikake jarik disuwelake ing sabuk
<i>cancut taliwan-</i> <i>da</i>	= cancut jarite kaubetake ing bangkekan
<i>madhang</i>	= mangan sega
<i>madhangan</i>	= lawuh

B. Tegese bebasan kang kandel pangcape iki golekana ing ngisore kang mathuk !

1. Indonesia saiki kena diarani **padhang jagade** ngendi-endi wis ora ana rerusuh. *tata tentrem*
2. Budi saiki dadi **rupak jagade**, nganti saiki ora wani dolan menyang tangga teparo, marga saka tindake dhewe sing ora bener. *Kapaten para ban*
3. Mbok iya sing **jembar segarane**, wong mung luput sepele bae kosrengeni entek amek kurang golek. *sugih pangapuri*
4. Sesrawungan ana ing kampung kudu dilambari **budi sagara**, perlune ora disirik ing tangga teparo. *sabar*
5. Padha-padha dolan wong loro, kowe mampir menyang enggone embahmu oleh suguhan, aku ngenteni ana ndalan kanthi **ngemut driji**. *ora oleh apa apa*
6. Yen arep nyenyuwun marang wong tuwa iku ya kudu nganggo **angon kosok**, aja waton nembung. *angon mangsa*
7. Pitakonmu ngono iku rak mung kanggo **mbuwang tilas** bae, sajatine aku ngerti yen sing tumindak iku mau kowe dhewe. *tumindak ora ketara (nubupi tumindak)*
8. Ana piyayi sepuh padha lenggahan anggonmu matur karo ngadeg nggejejer iku nuduhake yen kowe **ora ndalan**. *ora manut aturan (ora weruh ing tata)*

9. Nalika isih diendel juragane mubra-mubru uripe, bareng diwetokake jalaran konangan anggone tumindak ala, lagi setaun wae wis **ilang jarake**. *mind kasugihane*
10. Bola-bali kowe ki mung **ngenaki ati** bae, nyatane ya ora tau nindakake pakone wong tuwa. *mung gawe resungati*

- sugih pangapura	- kepaten pasaban
- ora oleh apa-apa	- sabar
- aling-aling supaya	- ora weruh ing tata
- tumindake ora ketara	- tata tentrem
- entek kasugihane	- mung gawe senenge ati
- angon mangsa	


C. Apa kosok baline tembung-tembung kang kacithak kandel ing ngisor iki ?

1. Anggone tumandang ing gawe sarwa **nglemer**.
2. Jaran kae playune **cukat** banget.
3. Kowe kuwi pancen **sembrana** temenan.
4. Pituture wong tuwa aja **dilirwakake**.
5. Kretege sing jebol lagi **didandani**.
6. Sumure saiki **asat nggereng**.
7. Klambine isih **teles kebes**.
8. Dalane **pating brenjul**.
9. Wengi iku **padhang njingglang**.
10. Tini iku watake **mbangun turut**.
11. Yen ora cethil rejekimu malah **lumintu**.
12. Wong **cethil** iku mesthi disirik ing wong.
13. Amarga saka kalakuane Amir **disirik** kanca-kancane.
14. Tanduranmu bayem **ledhung-ledhung**.
15. Lemah iki ora bisa **kempel**.
16. Omahe Rinah **nyangklek** saka kene.
17. Aja mangkat, udane isih **deres** !
18. Darman iku **ludhuk**, yen memangan sarwa akeh.

D. Apa tegese tembung-tembung kang kacithak kandel ing ukara-ukara iki !

1. Kawarasan dadi **saka guruning** pembangunan.
2. Omah modhel kuna iki ana **saka gurune**.

3. Wong wadon kang omah-omah iku wajib bekti marang guru lakine.
4. Bocah sing guru aleman iku lumrahe diece kanca-kancane.
5. Tembang Macapat iku duwe pathokan guru lagu lan guru wilangan.
6. Jaman biyen nagara kang teluk wajib asok glondhong pengareng-areng, guru bakal guru dadi marang nagara kang nelukake.



III. PARAMASASTRA

PANGANGGONE ATER-ATER KA, KE LAN IN

A. Panganggone ater-ater ka

1. Pangrimbag

- ka + tulis* → *katulis* (kriya)
- ka + waca* → *kawaca* (kriya tanggap)
- ka + arep* → *kaarep* → *karep* (tembung aran)
- ka + arsa* → *kaarsa* → *karsa* (tambung aran)
- ka + sanga* → *kasanga* (unda-usuk)
- ka + ro* → *karo* (unda-usuk)
- ka + pinter + an* → *kapinteran* (tembung aran)
- ka + bupati + an* → *kabupaten* (tembung aran)
- ka + tulis + i* → *katulisi* → *katulisan* (kriya tanggap)
- ka + jaluk + i* → *kajaluki* → *kajalukan* (kriya tanggap)

Katrangan :

- Ater-ater ka kang diraketake bareng karo panambang I, panambang I malih dadi an.
- Tembung-tembung kang karakteretan ater-ater ka bisa mujudake tembung kriya tanggap, tembung aran.

2. Tegese ater-ater ka

a. Nelakake tanggap kang tegese padha karo ater-ater di

- *katulis* = ditulis
- *kawaca* = diwaca
- *katulisan* = ditulisi
- *kajalukan* = dijuluki

tangga tepara . tangga kiwa . tinggen
 ing d' amek . ngonok . d'ale . sampak . entek
 ngabra - ngabra . ara . tau k' d'arangan

b. nelakake *bak, panggonan, apasing*.

- *karep* = apa sing *diarepake*
- *karsa* = apa sing *diarsakake*
- *kapinteran* = bab kang nuduhake *pinter*
- *kabupaten* = panggonan *bupati*.

c. nelakake *undha usuk* (urutan)

- *kasanga* = urutan nomer *sanga*
- *karo* = sing nomer *loro*.

B. Panganggone ater-ater *ke*

1. Pangrimbag :

- ke + sabet* → *kesabet*
- ke + perang* → *keperang*

Ana sing luluh karo purwaning lingga, kaya ta :

- ke + ulu* → *keulu* → *kolu*
- ke + andheg* → *kaandheg* → *kandheg*
- ke + embet* → *keembet* → *kembet*
- ke + obong* → *keobong* → *kobong*
- ke + esuk* → *kesuk* → *kesuk*
- ke + ili* → *keili* → *keli*

2. Tegese ater-ater *ke*

Nelakake kaya dene kaanan kang ateges *ketaman pakaryan kang ora dijara* (kaya dene *awalan ter*).

- *kesabet* = ketaman (kena) *sabet*
- *kethuthuk* = ketaman *thuthuk*
- *kobong* = ketaman *obong*
- *kembet* = kena *embet*
- *kesuk* = ketaman *esuk*

3. Rasakna bedane tegese ater-ater *ka lan ke* !

- *kasabet* = disabet
- *kesabet* = ketaman *sabet*
- *kathuthuk* = dithuthuk
- *kethuthuk* = ketaman *thuthuk*

C. Panganggone seselan *in* !

1. Pangrimbag :

Lumrahe kanggo ana .ing *basa pacakan*, kaya ta :

(1). Ing tembung lingga kang apurwa aksara sastra (konsonan).

- | | | | |
|------------------|--------------------|---------------|-----------------|
| - <i>tulis</i> | → <i>tinulis</i> | - <i>sung</i> | → <i>sinung</i> |
| - <i>waca</i> | → <i>winaca</i> | - <i>wor</i> | → <i>winor</i> |
| - <i>gawa</i> | → <i>ginawa</i> | - <i>ken</i> | → <i>kinen</i> |
| - <i>thuthuk</i> | → <i>thinuthuk</i> | - <i>ton</i> | → <i>tinon</i> |
| - <i>satriya</i> | → <i>sinatriya</i> | - <i>sih</i> | → <i>sinih</i> |

(2). Ing tembung lingga kang apurwa aksara swara (vokal), seselan in iku dumunung ing sangareping lingga, kaya ta :

- adang : *in + adang* → *ingadang*
- eman : *in + eman* → *ingeman*
- obong : *in + obong* → *ingobong*
- inum : *in + inum* → *inginum*
- edum : *in + edum* → *ingedum*
- ulik : *in + ulik* → *ingulik*

(3). Manawa linggane apurwa ny, ng, n, seselan in dumunung ing ngareping linggane awujud I, kaya ta :

- nyunyuk : *in + nyunyuk* → *inyunyuk*
- nunul : *in + nunul* → *inunul*
- ngengeh : *in + ngengeh* → *ingengeh(an)*

2. Tegese seselan in

a. Tegese seselan in padha karo tegese ater-ater ka, di lan ke,

Tuladhane :

- tinulis* = katulis = ditulis
- ginawa* = kagawa = digawa
- linangkung* = kelangkung
- pinanggih* = kepanggih

b. Seselan in kang dikantheni panambang I, panambang I owah dadi an, tegese padha karo ater-ater di lan panambang I, tuladhane :

- *tinakoni* → *tinakonan* = ditakoni
- *jinaluki* → *jinalukan* = dijaluhi
- *thinuthuki* → *thinuthukan* = dithuthuki

c. Tembung kang sineselan in kagandheng karo tembung lingga, ateges gentenan, ambal-ambalan.

- *tabok - tinabok* = tabok-tabokan (gentenan ditabok)
- *kandha - kinandhakake* = gentenan dikandhakake
- *sinuwek - suwek* = disuwek ambal-ambalan

D. Latihan :

Kepriye pangrimbage tembung-tembung iki. Apa tegese, ater-ater, panambang, utawa seselan kang rinaketake ?

- winelahan
- kawelahan *diwelahani*
- sinambungan
- kasambungan
- kawangsulan
- winangsulan
- ginered-gered
- gered-ginered
- katungka
- sih-sinihan
- ketabok
- katabok

Gawea ukara nganggo tembung-tembung ing dhuwur lku !

IV. NULIS

SANDHANGAN CAKRA ()

A. Tamatna, wacanen, banjur turunen !

- ကျ ဟ ကျ နှိ = kulak srabi
- မိ ကိ ဟ နှိ = sikil semut
- မြိ ဟ ကျ မြိ = sripat-sripit
- ကျ ဟ ကျ နှိ = kulak srutu
- ညှိ ကျ ကျ နှိ ကျ ကျ = srebet-srebet
- မိ ဟ ကျ နှိ = dipun srempèt
- မိ ဟ ကျ နှိ = dipun sronggot
- ဟ ကျ နှိ = adol trasi
- ကျ နှိ = boten trimah
- ကျ ကျ နှိ = nyekel trebang
- ဟ ကျ နှိ = payon trocoh
- ဟ ကျ နှိ = sampun trubus
- ဟ ကျ နှိ = mbréngkal watu
- ကျ ကျ နှိ = kretegé ambrol
- ကျ ကျ နှိ = omah ambruk

B. Tullisen nganggo aksara Jawa sing bener !

pating trembel
saweg jrumat-jrumat
dhemem criwis
cruwat-cruwet
dibacok cros
padharan mrongkol

lumayu nggendring
wasis nyrobot
ngidak krikil
kulak krupuk
awak ndhrodhog
krenggas-krenggos

V. UKARA PANGUWUH

A. Ukara-ukara ing ngisor iki wacanen kanthi lagu sing cocog karo surasane !

1. **Adhuh**, larane ! Aja seru-seru anggonmu mijet !
2. **Dhuh**, wetengku kemrucug, tambane apa !
3. **lo**, hla kok ngono anggonmu nggarap !
4. **Lah**, rak ya ngono kuwi !
5. **O**, payunge lali ora tak-gawa !
6. **Hem**, mangsa klebua ujian, bocah kesed iku !
7. **Wah**, sregepe ta anakmu kuwi !
8. **O alah**, wong wis direwangi kangelan kok ora ana welase !
9. **E lah**, wong udan deres kok lunga nonton !
10. **Masa**, bocah semono gedhene durung bisa sikatan !

Katrangan :

Ukara-ukara kang surasane nelakake rasa pangrasa (*su-sah, gela, kepingin, marem, nrima*) kaya ing dhuwur iku diarani **ukara panguwuh**. Lumrahe nganggo **tembung panguwuh** (*lo, adhuh, wah* lsp.)

B. Ukara-ukara iki wenehana tembung panguwuh sing mathuk

1. . . . wong dikandhani kok ora nggugu !
2. . . . kesandhung sikilku !
3. . . . mangsa bodhoa kowe kono !
4. . . . layanganku muluk !
5. . . . kok kowe ! Kapan tekamu !
6. . . . mrucut olehku nyekeli glathik !
7. . . . kowe mrene ! Kene-kene linggiha kene !
8. . . . jebule mung kaya ngono bae, ta !
9. . . . ana pohung gedhene sakempol-kempol !
10. . . . anak wani karo wong tuwa !

C. Gawe ukara-ukara nganggo tembung panguwuh ing ngisor iki !

1. We lah,
2. Hus,
3. E, kae lo,
4. Lah dalah,
5. Dubilah,
6. Ah, wis ta,
7. Hore,
8. Lah lidok,
9. Lah layak,
10. . . . dilalah

VI. KASUSASTRAN

A. Tembang ing ngisor iki wacanen batin alon-alon, rasakna banjur tembangna !

TRIPAMA
(Dhandhanggula)

Yogyanira kang para prajurit,
lamun bisa sami anulada,
kadya nguni caritane,
andelira Sang Prabu,
Sasrabau ing Maespati,
aran Patih Suwanda,
lelabuhanipun,
kang ginelung tri prakara,
guna kaya purun ingkang den antepi,
nuhoni trah utama.

Lire lelabuhan tri prakawis,
guna bisa saniskareng karya,
binudi dadi unggule
kaya sayektinipun,
duk mbantu prang Manggada nagri,
amboyong putri dhomas,
katur ratunipun,
purune sampun tetela,

diyakoni

kabehing kawajiban

saktene

karanggupane wis tetela

aprang tandhing lan ditya Ngalengka aji,
Suwanda mati ngrana.

Wonten malih tuladan prayogi,
satriya gung ing nagri Ngalengka,
sang Kumbakarna namane,
tur iku warna diyu,
suprandene nggayuh utami,
duk awit prang Ngalengka, =
dennya darbe atur, : ngelengka
mring raka amrih raharja,
Dasamuka tan keguh ing atur yekti,
de mung mungsuh wanara.

prayogi opik

Kumbakarna kinen mangsah jurit, = perang
mring kang raka sira tan lenggana, = mangsi kakange kowe
nglungguhi kasatriyane, ora mangsa
ing tekad datan purun, = tekade emoh
amung cipta labuh nagari, = noleh tapo itung
lan nolih yayah rena, =
myang leluhuripun kencana
wus mukti aneng Ngalengka, = arep diurus karo prajurit
mangke arsa rinusak ing bala kapi, = ing me dan pamerangan
punagi mati ngrana. : janji mah

Yogya malih kinarya palupi, = wnta
Suryaputra narpati Ngawangga, = anak betara surya
lan Pandhawa tur kadange, rahane Wong Ngawangga
len yayah tunggil ibu, = beda bapak pada ibu
suwita mring Sri Kurupati,
aneng nagri Ngastina,
kinarya gul-agul, = didadekake tameng
manggala golonganang prang,
Bratayuda ingadegken senapati,
Ngalaga ing Kurawa. id diangkat / dijunjung

.....
narpati = ratane wong
manggala yuda panglima perang
K.G.P.A.A. Mangkunagare VI

B. Gatekna !

1. Layang TRIPAMA kang adhapur tembang iku salah sawiji-ning anggitané K.G.P.A.A Mangkunagara IV ing Surakarta. Kajaba iku isih akeh anggitané, kaya ta :

- *Wedhatama*
- *Salokatama*
- *Buratwangi*
- *Sendhon langgen swara*
- *Panembrama*
- *Sekar-sekaran lsp.*
- *Panji Wulung*
- *Rerepen*
- *Wirawiyata*

2. Priyagung liyane kang kagungan anggitan, yaiku :

a. **Sinuwun PB IV**, anggitané :

- *Wulang reh*
- *Wulang sunu*
- *Wulang dalem*

b. **Sinuwun PB V**, anggitané :

- *Centhini*

c. **Sinuwun PB VII**, anggitané :

- *Angger nawala pradata*

d. **Sinuwun PB IX**, anggitané :

- *Candrarini Wira Iswara*

e. **Kangjeng Sultan Agung**, anggitané :

- *Nitipraja*
- *Sastragendhing*



WULANGAN 8

I. WACAN

A. Wacanen sajroning batin !

SULTAN AGUNG ANYAKRAKUSUMA

Ing wayah esuk alun-alun Mataram katon regeng. Para priyayi padha ndlidir tekane, jalaran ing sitinggil arep ana pasowanan agung.

Wiwit sedane Sang Nata ing Krapyak, iya lagi dina kuwi kutha Mataram katon reja maneh. Wis sawatara suwe para kawula anggone padha prihatin, luwih-luwih para santana dalem.

Sawise pasowanan pepak, Adipati Mandaraka miyos ing sitinggil nganthi putra dalem kang nandhang lara owah, peparab Raden Mas Martapura. Solah tingkahe katon berag. Raden Mas Martapura nuli diaturi lenggah ing dhampar keprabon. Para nayaka bupati padha cingak, nanging ora ana sing wani cemuwit.

Ora antara suwe Adipati Mandaraka mbisiki, "Angger Wayah Prabu, saka welinge swargi ramamu, yen wis lenggah dhampar iki enggal jengkara"

Prabu Martapura iya manut, jengkar nuli ngedhaton didhe-rekake para parekan.

Raden Mas Rangsang kang uga marak ing sitinggil banjur diaturi lenggah ing dhampar.

Pangeran Purbaya jumeneng ing sisihe, ngendika, "Para santana dalah nayaka bupati kabeh. Padha seksenana, yen Raden Mas Rangsang dina iki jumeneng nata, nggenteni Ingkang Rama swargi, ajejuluk Sultan Agung Anyakrakusuma Senapati ing Ngalaga Ngabdurrahman. Sapa wong Mataram kang ora sarujuk, padha enggal matura. Aku sing bakal mangsuli."

Sakabehe kang andher ing sitinggil padha jumurung, banjur bebarengan nyembah marang Sang Prabu.

Sultan Agung kepara kukuh anggone ngasta pusaraning praja. Sakabehe paugeran sarta angger-anggering praja ora kena kalangkahan dening sapa bae. Sing wani nerak wewaler

mesthi kapatrapan paukuman. Nanging Sang Nata iya adil. Kabeh para kawula kudu nyambut gawe manut kabisane dhewe-dhewe. Luwih-luwih para kawula tani, tansah dipredi supaya wekel lan taberi nyambut gawe. Alas-alas padha dibabadi, didadekake pasawahan lan pategalan. Para nonoman kang dharsare kendel padha didadekake prajurit. Wadyabala Mataram pancen saya wuwuh cacahé, dene para manggalane racak padha dig daya kabeh.

Adipati Mandaraka sing menangi ratu nganti kaping telu, putrane kabeh ana papat, yaiku Pangeran Mandura, Adipati Wirapraba, Adipati Jurukithing, lan ragile putri, kagarwa dening Adipati Batang. Pangeran Mandura peputra loro, yaiku Pangeran Mandurareja lan Pangeran Upasanta.

Adipati Mandaraka sawise nandhang gerah sepuh nuli seda. Sultan Agung prihatin banget, rumangsa ditinggal eyange kang sarwa prigel ngembat saliring reh kaprajan. Luwih-luwih yen ngelingi lelabetane, wiwit anggone mbiyantu eyang buyute, yaiku Ki Ageng Pemanahan, nganti adege Mataram.

Sultan Agung pancen rumangsa yen nampa warisan negara gedhe. Mula kudu tansah dijaga, supaya aja nganti katerak ing bebaya, sarta aja nganti ana kraman kang njalari rerusuh. Kanggo njaga katentremaning praja, luwih-luwih ing laladan pesisir, Sultan Agung kagungan gegayuhan ngelar wewengkon. Kabupaten-kabupaten ing bang wetan kang durung kabawah Mataram nedya ditelukake.

Sultan Agung nimbali Tumenggung Suratani, yakuwi sawijining manggala Mataram kang misuwur digdaya tur wasis nata barisan.

"Suratani", dhawuh pangandikane Sultan, "Sira dakdhawuhi nindhihi barisan, nglurug menyang bang wetan. Tatanen wadyabala Mataram sagegamane kabeh."

Sultan Agung iya dhawuh marang Tumenggung Alap-alap supaya mbiyantu Tumenggung Suratani. Tumenggung Alap-alap mono sawijining agul-agul Mataram kang uga pinter marang tata-rakite perang.

Wadyabala Mataram akeh banget cacache. Prajurit-prajurit saka kadipaten-kadipaten pesisir sing wis kereh Mataram uga padha mbiyantu. Mula cacache prasasat tanpa wilangan. Sadurunge budhal saben dina tansah gladhen ulah kridhaning perang ing alun-alun.

Ing wayah esuk, srengenge lagi bae mlethek, bala Mataram budhal. Barisan sing mucuki padha nunggang jaran, perlu golek dalan. Barisan sing laku dharat padha mandhi tumbak utawa canggah. Tamenge pating krelap. Lakune padha katon giyak. Barisan sing ana mburi dhewe, sabregada kehe, padha mikul pasedhiyan pangan lan gegaman. Lakune gegancangan mangetan.

Kapethik saka : **Babad Tanah Jawa**; Jilid II
dening Sugiarta Sriwibawa

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana !

1. Sultan Agung Anyakrakusuma iku sapa lan jumeneng nata gumantine sapa ?
2. Raden Mas Martapura iku sapa lan apa perlune diaturi lenggah ing dhampar dening Adipati Mandaraka ?
3. Raden Mas Rangsang iku sapa, lan nalika jumeneng nata jejuluk sapa ?
4. Sultan Agung kukuh anggone ngasta puseraning praja lan tumindak adil. Apa buktine ?
5. Kanggo nggayuh kemakmuran lan karaharjaning wewengkon Mataram Sultan Agung nemtokake kepriye ?
6. Adipati Mandaraka iku sapa lan apa lelabuhan tumrap praja Mataram ?
7. Apa kalenggahane Tumenggung Suratani lan Tumenggung Alap-alap ana ing praja Mataram ? Terangna kaluwihane !

C. Lagu / pocapan

Ukara-ukara upama kang kalebu ukara sambawa iki ucapna nganggo lagu kang luwes !

1. Upama siasate Sultan Agung ora kasumurupan Kompeni, Sultan Agung bakal menang !
2. Udana, aku ora bisa teka !
3. Dakbubutana sukete rak wis katon ngresepake !

4. Kowea sing nggarap, ya mesthi ora bisa. Pancen soale sing kleru !
5. Dakparanana, ya ora bakal gelem nemoni ! Wong pancen wiwit biyen mula ora tau gathuk atine !
6. Dartu kuwi gelema ujian, rak mesthi bisa lulus !
7. Waja mau jupuken pisan rak kena kanggo gegaman !
8. Kowe mau, ajaa dakgondheli, mesthi sida kecemplung jurang !

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>sultan</i>	= ratu
<i>agung</i>	= gedhe
<i>kusuma</i>	= kembang, trahing ngaluhur
<i>nyakrawati</i>	= ngereh jagad (ratu agung)
<i>anyakrakusuma</i>	= trahing ngaluhur kang ngereh jagad
<i>peparab</i>	= jeneng, jejuluk
<i>dhampar keprabon</i>	= palenggahaning ratu
<i>cingak</i>	= mandeng ndengangak marga gumun
<i>nayaka</i>	= pangarep, pangkat sadhuwuring bupati, menteri
<i>jengkar</i>	= budhal, lunga
<i>parekan</i>	= para nyai ing kraton
<i>marak</i>	= seba ngadhep
<i>jumeneng nata</i>	= madeg ratu
<i>ajejuluk</i>	= jeneng, peparab
<i>andher</i>	= padha linggih jejer-jejer
<i>jumurung</i>	= nayogyani
<i>pusaraning praja</i>	= kendhalining negara, pangrehing negara
<i>manggala</i>	= pangarep
<i>ngembat</i>	= ngrembug
<i>saliring</i>	= sawernaning
<i>reh kaprajan</i>	= peprentahaning negara
<i>agul-agul</i>	= gegedhug, andel-andel
<i>ulah kridhaning perang</i>	= latihan perang, nggegulang perang
<i>mandhi tumbak</i>	= manggul tumbak
<i>gegancangan</i>	= rerikatan

B. Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Wong sesrawungan ana kalangan apa bae, yen didhasari watak . . . bakal kajen keringan. *andhap asor*
2. Wong kang ana bebrayan ngendelake karosane (. . .), ngendelake kaluhurane (. . .) lan ngendelake kapinterane (. . .) iku bakal dicenges ing liyan. *adigang ; adigung ; adiguna*
3. Kebangeten temen olehmu . . . wong dhuwit ora mingsra bae petungmu nemen. *mata dhuwiten*
4. Pak Lurah iku pancen sawijining pamong kang . . . katitik Bu Lurah iku priyayi kang . . . , mula ora aneh manawa nalika mantu tamune mbludak. *blater*
5. Bambang Sumantri iku satriya kang . . . nganti ndadekake mirising mungsuh. *sureng yuda*
6. Prabu Yudhisthira iku kawentar ratu kang seneng paring dana driyah (. . .) lan apa sing wis dingendikakake mesthi ditindakake (. . .). *bawa leksana*
7. Ana ing crita Layang Seta lan Layang Kumitir awatak . . . amarga ora seneng nyawang marang Damarwulan kang isih kulit daging dhewe. Kosok baline Anjas mara iku watake . . . , ngajeni marang sapa bae. *lembah manah*
8. Nuduhake barang kang ana ngisor aja pisan-pisan nganggo sikil, mundhak, mundhak diarani wong kang . . . *degura*

drengki srei ; degsura ; berbudi ; bawa leksana ; lembah manah ; andhap asor ; adigang ; adigung ; adiguna ; sureng yuda ; momot atine ; blater ; mata-dhuwiten

C. Isenana kosok baline tembung-tembung kang kacithak kandel iki !

1. Padha njagaa katentreman, aja gawe . . . *ruuh*
2. Mbok iya sing gemi, aja . . . uripmu. *ngabadi*
3. Anggone nyambut gawe wekel, ora
4. Becik sing andhap asor, aja . . . *kuwira*
5. Anggone tumandang ing gawe sarwa kebat, ora . . . *ketar-keta*
6. Prayoga blaka bae, aja . . . *dera*
7. Adhine Ali ladak, nanging kakange . . . *lembah manah*
8. Sing sabar atimu, aja . . . *karuru*

9. **Beja** . . . iku iya kowe dhewe sing bakal nyangga.
10. Anggone duwe gawe **gedhen** temenan, ora mung . . . bae.
11. Sing **nriman** atimu, aja . . . mangkono !
12. **Rukun** agawe santosa, . . . agawe bubrah.
13. Sing **temenan** anggonmu nyambut gawe, aja sok . . . ku-wajibanmu !
14. Ndhedhera budi kang **luhur**, singkirana budi kang . . .
15. Mbok iya sing **sugih akal**, aja . . . ngono !
16. Amir iku mula bocah **isinan**, ora . . . kaya kowe kuwi.

D. Pepindhan ing ngisor iki tumrap apa ?

1. . . . lengket-lengket kaya macan luwe.
2. . . . kaya emas sinangling.
3. . . . kaya Bathara Kamajaya tumurun.
4. . . . kaya Dewi Ratih.
5. . . . lir tinubruk ing mong tuna, sinamber ing gelap lepat.
6. . . . lir wulan purnama.
7. . . . lir baskara kembar.
8. . . . kaya katiban daru.
9. . . . kaya mbelah-belaha bumi.
10. . . . mbanyu mili.
11. . . . kaya bisa mutung wesi gligen.

III. PARAMASASTRA

UKARA CAMBORAN-TUNGGAL

(kalimat majemuk bertingkat)

A. Endi sing kalebu ukara camboran tunggal, lan terangna ciri-cirine !

1. Ocehe mencoku apik, mulane aku seneng banget
2. Aku seneng maca, adhiku seneng crita.
3. Guruku nerangake, manawa sekolahan kudu ana piket.
4. Senajan udan deres, aku uga mlebu sekolah.
5. Jalaran aku ora duwe dhuwit, aku ora jajan.
6. Aku ngeterake bukumu utawa kowe marani menyang omahku.

B. Kalungguhane gatra-gatra ing ukara camboran tunggal

Tuladha :

Nalika / bapak tindak / eyang rawuh
(a) (b) (c)

Katrangan :

(1). Ukara ing dhuwur iku kadadean saka :

(a). *Nalika* = tembung pangiket

(b). *bapak tindak* = gatra apola **jejer wasesa** (S/P) =
gatra J/W

(c). *eyang rawuh* = gatra apola **jejer wasesa** (S/P) =
gatra J/W

(2). Nitik pangikete *nalika*, nelakake manawa :

– gatra (b) iku nerangake wektu tumraping gatra (c) ; te-
gese gatra (b) iku dadi andhahane gatra (c), buktine :

Pitakon : *kapan eyang rawuh ?*

bisa diwangsulni : *nalika bapak tindak.*

(3). *bapak tindak* (b) iku *gatra J/W* kang dadi andhahane ga-
tra *J/W* liya, diarani **ukara gatra** (anak kalimat).

(4). *eyang rawuh* (c) iku *gatra J/W* kang mengku gatra *J/W*
liya, diarani **ukara lajer** (induk kalimat).

(5). *nalika* (a) iku pangiket.

C. Pangudhale (pangracute) ukara camboran tunggal

(a). *nalika* = pangiket

(b). *bapak tindak* = ukara gatra nelakake *mangsa*

– *bapak* = jejer

– *tindak* = wasesa

(c). *eyang rawuh* = ukara lajer

– *eyang* = jejer

– *rawuh* = wasesa

D. Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha !

1. Manawa kowe lega, aku nyilih bukumu.
2. Marga udane deres aku nggawa payung.
3. Adhi kula sakit milanipun kula tumbas obat.
4. Aku gelem teka ing omahmu, anggere kowe gelem ngeter-ake mulih.
5. Kancaku ngabari aku, manawa kowe lara.

IV. NULIS

Wacan paragraf 1 lan paragraf 2 ing ngarep iku tulisen nganggo aksara Jawa sing bener !

V. UNGGAH-UNGGUH

Pacelathon iki salinana nganggo basa ngoko andhap !

Suparta : "Kula nuwun !"

Brata : "O, Dhi Parta ! Mangga lenggah ngriki kemawon ! Kersanipun Adhi punapa, sonten-sonten kok rawuh mriki ?"

Suparta : "Anu Kangmas, manawi panjenengan ngersakaken mriksani ringgit tiyang badhe kula caosi karcis. Kula dipun sukani karcis kalih. Manawi Kangmas kersa badhe kula dherekaken."

Brata : "Keleresan sanget, Dhimas ! Kula sampun dangu boten nate ningali ringgit. Kula wau malah sampun kengkenan tumbas karcis, jebul sampun telas. Manah kula inggih gela mangka lampahanipun sae. Dados anggen panjenengan maringi karcis punika keleresan sanget. Dhimas rak inggih enggal tindak ta ? Panjenengan kula aturi lenggah rumiyin, kula badhe dandos."

Suparta : "Inggih, mangga. Anggenipun busana Kangmas sampun kesesa, tiyang wekdalipun taksih kathah, dados boten badhe kasep."

VI. KASUSASTRAN

- A. Rumpakan adhapur puisi Jawa gagrag anyar ing ngisor iki wacanen batin lan rasakna temenan !

MBARANG

*Bocah cilik manis, kakang adhi
runtang-runtung nyang endi-endi
nyangking angklung saka bumbung
mlebu lurung metu lurung*

*Bocah cilik manis kedhana-kedhini
runtang-runtung mbarang saparan-paran
ngupa-boga nyambung panguripan sadulitan
nambal nistha sing lunga teka wira-wiri, nrenyuhi
Nembang lagu-lagu, memelasi
mbukak babad genesi ati
koncatan bapa biyung dheweke tininggal keru*

*Bocah cilik manis kedhana-kedhini
runtang-runtung nyang endi-endi
dina-dina uripe kaliput ayang-ayangane mega*

Dyan Animataya Soer,
1959

- B. Rumpakan puisi Jawa gagrag anyar ing dhuwur iku, ucapna ing ngarep kelas kanthi lagu lan mimik kang cocog karo isine !
- C. Rumpakan 2 pada ing ngisor iki apa bisa kagolongake rumpakan puisi Jawa gagrag anyar ? Terangna buktine !
- (1). *Duh Pangeran mugi paringa aksami,
dhumateng kawula,
bangsa Indonesia sami,
tebihna saking cintraka.*
 - (2). *Mung Paduka ingkang kawula tangisi,
reribet rubeda,
piala samya sumingkir,
saking kuwaos Paduka.*
- D. Gawe a kliping rumpakan puisi Jawa gagrag anyar 3 judul bae !

— ΔΔΔ —

cumengkling = swara sing cilik banter lan banyu

neisah
dudu
johar
ajar
magrib

sembahyang
swarto

WULANGAN 9

I. WACAN

A. Wacanen batin sing premati !

TAQWA MARANG ALLAH TA'ALA

Swara adzan lagi bae ngumandhang. Tanpa diprentah Jatmiko banjur nggelar klasa. Bubar mangkono dheweke uga banjur adzan, swarane cumengkling. Pancen wis dadi pakulinan, manawa pinuju nglumpuk kabeh ngono kuwi, kulawargane Pak Nurhadi padha sholat bebarengan. Pak Nurhadi sing madeg dadi imam, dene Bu Nurhadi, Sri Rejeki, Jatmiko lan Yu Pariyem dadi makmum. *ad wang sing mau sembahyang*

Sholat bebarengan iki katindakake, lumrahe manawa pinuju sholat Maghrib utawa ngisak.

"Sholat bebarengan mono gedhe ganjarane," ngendikane Pak Nurhadi sawise rampung maca dzikir. Lumrahe Pak Nurhadi banjur awèh pitutur, kanthi lelandhesan marang Qur'an lan Hadis. *sembahyang abotan*

Pitutur mangkono mau pancen migunani. Iya pitutur kanggo kulawarga, kanggo putra-putra, apa dene pitutur kanggo rewange. Tumrap Pak Nurhadi senajan rewang pisan, manawa wis nunggal saomah wis dianggep kaya dene kulawarga dhewe. Contone Yu Pariyem iku. Dheweke wis tetaunan ndherek kulawargane Pak Nurhadi.

"Taqwa lan bekti marang Gusti Allah, satemene ora yemung kelingan wae. Nanging sawanci-wanci, kudu tansah kelingan. Manawa kelingan mung kadhangkala wae, kapinujon lali banjur dileboni setan," ngono ngendikane.

"Pak, setan kuwi kok diumbar terus ta ? Mbok dikunjara bae kareben ora bisa uwal lan ora nggodha manungsa," Jatmiko nyela-nyela.

Pak Nurhadi gumujeng. Semono uga Bu Nurhadi lan Sri Rejeki. "Wah pinter banget kowe Jat. Senajan isih cilik nanging pikiranmu urip," ngono Pak Nurhadi ngalembana.

"Lha dhik Jatmiko kuwi, ora basa karo bapak kuwi iya digodha setan," Sri Rejeki sing dhasare wis sekolah SMP mbede-da.

percaya mata = percaya mata
di percaya
istingarah = sindir karepe

"Ah, ya ora. Suk yen wis gedhe rak pinter basa. Iki rak isih cilik," sambunge Jatmiko.

"Iya, iya. Bener kandhamu Nang. Setan kuwi uga makh-luke Gusti Allah. Lan setan mono dikeparengake nggodha ma-nungsa. Nanging ing janji mbesuk saguh manggon ing neraka. Lha saiki kari manungsa sing kudu pinter milih. Gelem digodha setan banjur ninggal taqwa lan bektine marang Gusti Allah, apa ora nggugu ajakane setan lan tetep taqwa sarta bekti marang Gusti Allah?"

bebarengan

Piwelinge Pak Nurhadi pancen dirungokake kanthi tume-men. Kira-kira ana sepuluh menit lumrahe Pak Nurhadi aweh pitutur mangkono iku. Lan manawa bubar sholat jama'ah, iya Jatmiko kuwi sing iwut nglempit klasa lan sajadah.

Kulawargane Pak Nurhadi senajan ngrungkebi agama Is-lam pancen tansah digulawenthah amrih rukun lan urip beba-rengan karo tangga kang nduweni agama liya. Iki dingendika-kake rikala sholat jemaah wingi kae, "Aja seneng ngina marang agama liya. Awit ngina agama liya ngono padha bae kowe ngi-na agamamu dhewe."

baleni

Mulane Bu Nurhadi, Sri Rejeki, Jatmiko lan Aminah uga ora mbedak-mbedakake. Contone Bu Nurhadi mono raket karo Bu Daniel. Uga Jatmiko memitran becik karo Adreas. Lan Sri Reje-ki uga mangkat bebarengan karo Margaretha, putrine Pak An-tonius.

Nggulawenthah putra tumrap Pak Nurhadi pancen diwiwiti rikala bocah isih cilik. Iya ing babagan pendidikan apadene ing babagan agama. Aja nganti putra-putrane ing tembe dadi bo-cah kang fanatik mung mberung ngugemi benere dhewe tanpa ngajeni lan ngormati liyan. wata = ngandhoni

Lan ngendikane Pak Nurhadi sing kudu tansah dieling-eling marang kulawargane, yaiku sadurunge turu kudu ndedo-nga dhisik. "Gusti Allah mono ngersakake umate ing sawayah-wayah, tanpa wara-wara luwih dhisik. Manawa kowe ndedonga dhisik sadurunge turu, istingarah bisa slamet ora diganggu ga-we setan. Upama kapundhuta bali, klebu ewone wong-wong kang khusnul khotimah." ana ing sajroning

Yen bubar antuk pituduh mangkono, Jatmiko lan Aminah lumrahe banjur dikeparengake nonton tivi. Dene Sri Rejeki nu-tugake anggone sinau. sajadah = klara kangge sembahyang

dedonga = sembahyang
mberung = nguguh karepe dewe
uwat = ucul

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki !

1. Pak Nurhadi tansah nggegulang kulawargane supaya taqwa marang Allah Ta'ala. Buktine kepriye ?
2. Kepriye tangkepe kulawargane Pak Nurhadi marang rewang ? Buktine apa ?
3. Wong kang taqwa marang Allah Ta'ala iku kudu kepriye ?
4. Kepriye katrangane Pak Nurhadi ing bab setan iku ?
5. Kepriye pituture Pak Nurhadi marang kulawargane gegandhengan karo tangga teparo kang nduweni agama liya ?
6. Ngendikane Pak Nurhadi sing kudu tansah dieling-eling saben dina dening kulawargane iku ing bab apa ?

C. Lagu / pocapan

1. Ucapna sing bener tembung-tembung iki !

a. *mundur* – *mundura* – *ngunduri*
kemul – *kemula* – *ngemuli*
pupur – *pupuran* – *mupuri*
macul – *macula* – *maculi*
nutul – *nutula* – *nutuli*

b. *lesung* – *lesunge*
buntut – *buntutipun*
suruh – *suruhipun*
buruh – *buruhe*
glepung – *glepunge*

c. *nyingkir* – *nyingkliri*
nangis – *nangisipun*
nguntir – *nguntiri*
milih – *millihe*
pipis – *pipisipun*

d. *linggih* – *linggihe*
pinggir – *pinggiripun*
pamrih – *pamrihe*
ngglindhing – *ngglindhinge*
mbenjing – *mbenjingipun*

2. Bukumu tutupen, ayo dhikte kaya ing dhuwur iku !

II. KAWRUH BASA

- A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

taqwa = *takwa* = setya nindakake dhawuhing Allah lan ngedohi larangane Allah.

Allah Ta'ala = Gusti Allah kang mahaluhur

<i>imam</i>	= pengareping wong sembahyang
<i>Iman</i>	= piandel (babagan agama)
<i>makmum</i>	= melu sembahyang karo imam
<i>lelandhesan</i>	= wewaton
<i>solat jama'ah</i>	= solat bebarengan
<i>ngrungkebi a-</i>	
<i>gama</i>	= ngantepi agama
<i>ngina</i>	= nyepelekake, nganggep asor
<i>fanatik</i>	= banget keyakinanane marang wulangan (agama, politik)
<i>umat</i>	= wong-wong kang nglakoni agama
<i>wara-wara</i>	= kandha-kandha
<i>istingarah</i>	= prasasat, kena diarani

B) Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor kang mathuk !

1. Mangga sami ngindhakaken ^{tagwa} . . . kita dhateng Allah
2. Mugi-mugi musibah punika sageda katampi kanthi . . . lan tansah . . . dhumateng Allah Ingkang Mahaasih.
3. Kabeh dhokter wis ora saguh nambani larane sedulurmu iku, yen bisa mari jalaran mung diurut-urut bae iku sawiji-ning
4. Pati urip iku ana astane Pangeran, jer manungsa ora bisa uwal saka
5. Mbok bilih boten wonten . . . , kula badhe merlokaken so-wan panjenengan benjing-enjing sonten.
6. Wong sing didadekake . . . ana ing solat jamangah iku lum-rahe wong sing kandel e.
7. Wis dadi . . . lumrahe yen wong urip ana ing bebrayan iku kudu tulung-tinulung.
8. Kepriye bisane kasembadan panjangkamu kudu korewa-ngi . . . kanthi temen-temen.
9. Mugi-mugi sih kadarman punika sageda nambahi . . . pan-jenengan.

*setiyar ; iman ; imam ; jamak ; takwa ; tawakal ;
istipar ; mukjijat ; subhanahu wa tangala ;
tangadur ; takdir ; ngamal*

id pang alam - alam

katbah = kotib

jenabat : makmum

ramunin : imam

C. Tegese tembung-tembung sabawa (kata seru) ing ngisor iki gatekna, lan terangna kepriye panganggone !

1. *insya'allah* = yen Gusti Allah amarengaken
2. *alkamdulillah* = sakabehing puji kagem Allah
3. *Wallahu a'lam* = lan Allah sing luwih wuninga
4. *masa 'Allah* = karsa dalem Gusti Allah
5. *astaga* = Gusti Allah kang ngayomi
6. *la ilaha illa'llah* = ora ana Pangeran kajaba Allah
7. *innalillahi wa inna ilaihi raji'un* = sabenere kita iku saka Allah lan sabenere kita iki bali marang Allah
8. *wala-wala kuwata* = muga-muga piningan kuwat

D. Apa tegese tembung-tembung kang kacithak kandel iki ?

1. Gusti Allah iku **Mahawikan, Mahaasih, lan Mahaluhur.**
2. Kula badhe **ngemah-emahaken** anak kula.
3. **Pemahanipun** pak Marta jembar.
4. Tiyang **emah-emah** makaten kedah ngengeti **bibit, bebet, bobot.**
5. Narti pinter sanget nata **bale griya.**
6. **Griyanipun** magrong-magrong.
7. Tiyang **gegriya** makaten kedah ngatos-atos.
8. **Puji basuki** kang dakjaluk marang kowe.
9. Kula ngaturaken **puji rahayu.**
10. Ingkang kula ajeng-ajeng **puji rahayu** panjenengan.
11. Aku kabeh kudu ngaturake **puji sukur** marang Pangeran.
12. Sesuk aku arep **sukuran.**
13. **Sokur** tiba, lah wong ora nggugu kandhaku.
14. Ya **sokur** dene kowe wis lulus sekolahmu.
15. **Sokur bage** kowe bisa njunjung drajating wong tuwamu.

III. PARAMASASTRA

RIMBAG AGNYA (PAKON)

PANAMBANG EN

A. Pangrimbag :

1. Yen rinaketake ing tembung kang wandane wekasan sigeg tetep en.

- *pangan + en* → *panganen*
- *kirim + en* → *kirimen*
- *cukur + en* → *cukuren*
- *gudheg + en* → *gudhegen*
- *cakot + en* → *cakoten*

2. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane wekasan menga, **en** owah dadi **nen** :

- waca + **en** → wacanen
- gawa + **en** → gawanen
- pati + **en** → patinen
- wedhi + **en** → wedhinen
- tuku + **en** → tukunen
- tebu + **en** → tebunen
- tape + **en** → tapenen
- sate + **en** → satenen
- ijo + **en** → ijonen
- paido + **en** → paidonen

3. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane wekasan l utawa u, pa-nambang **en** owah dadi **en**, **on**.

- (ke) legi + **en** → (ke) legen
- (ke) jero + **en** → (ke) jeron
- (ke) gedhe + **en** → (ke) gedhen
- (ke) sepi + **en** → (ke) sepen
- (ke) amba + **en** → (ke) kamban

B. Tegese parlambang en

1. Panambang **en** kang nelakake tembung kaanan :

- *Bokonge wudunen* = nandhang wudun
- *Tangane gudhigen* = nandhang gudhig
- *Lungguhmu kemajon* = kakehan (luwih) maju.

2. Panambang **en** kang nelakake tembung kriya :

- *Bukumu jaluken* = supaya kojalu
- *Bukumu wacanen* = supaya kowaca
- *Kakangku jenggoten* kadunungan jenggot

PANAMBANG A

1. Kanggo nelakake pakon tanduk (tanpa lesan / lesan ora kocap):

- *Ngakua bae aja goroh* = supaya ngaku
- *Njaluka dhuwit bapakmu* = supaya njaluk

Cathetan :

Kanggo nelakake pakon tanggap kang lesane gumathok, panambange dudu **a**, nanging **en** → **nen**

- *Ombenen wedangmu* = supaya diombe.
- *Jaluken dhuwitmu* = supaya kojalu

2. Ateges upama, pangarep-arep, sanajan, muga-muga, mokal

- *Udana* aku ora bisa teka = upama *udan*
- *Kondura* saiki mana bapak = upama *kondur*
- *Udana* kae aku sida lunga = sanajan *udan*.
- Kowe *dadla* mulya supaya bisa ngayomi sedulur. (muga-muga *dadi* mulya).
- Sing kowe bae ora, dahimu maneh *bisaa* = (mokal yen bisa)

3. Ana panambang a kang ora gumathok tegese :

- Ora patia lara
- Ora *sapiraa* abote

PANAMBANG ANA

A. Pangrimbage :

1. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane wekasan sigeg, ana ora owah.

- *sabet + ana* → *sabetana*
- *ubeng + ana* → *ubengana*

2. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane pungkasan menga, wanda iku disigegake n dhisik, banjur i, e owah dadi e lan u owah dadi o

- *teka + ana* → *tekan + ana* → *tekanana*
- *dadi + ana* → *daden + ana* → *dadenana*
- *tuku + ana* → *tukon + ana* → *tukonana*
- *sade + ana* → *saden + ana* → *sadenana*

B. Panambang ana yen dirasakake saka an + a, nelakake :

1. Pakon tanduk

- *makonana* meja = supaya *makoni* meja
- *mbubutana* suket = supaya *mbubuti* suket

2. Pakon tanggap

- *Bututana* sukete = supaya *dibubuti* sukete
- *Jupukna* kertas iku = supaya *dijupuki* kertas iku

3. Ateges : upama, pangarep-arep, sanajan, muga-muga, mokal

- *Dakwenehana* dhuwit kowe bisa tuku buku (= upama *diwenehi*)
- *Dikandhanana* sabendina ya ora owah kelakuane. (= sanajan *dikandhani*)
- *Disrengenanana* mana ben kapok (= muga-muga *disrengeni*)
- *Adhine* ora dipasrahi, wong liya maneh *dipasrahana* (= mokal *manawa dipasrahi*)

PANAMBANG NA

A. Pangrimbage

1. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane pungkasan wanda sigeg, na cukup dijejerake bae, yen pungkasane wanda sigeg n, na owah dadi k.

- *jaluk* + *na* → *jalukna*
- *takon* + *na* → *takokna*

2. Manawa rinaketake ing tembung kang wandane pungkasan wanda menga, kudu disigegake k dhisik. Dene *i*, *e* → *u*, *u* → *o*

- *padha* + *na* → *padhak* + *na* → *padhakna*
- *dadi* + *na* → *dadek* + *na* → *dadekna*
- *gedhe* + *na* → *gedhek* + *na* → *gedhekna*
- *tuku* + *na* → *tukok* + *na* → *tukokna*
- *conto* + *na* → *contok* + *na* → *contokna*

B. Panambang na nelakake :

1. Pakon tanduk

- *Ngliwetna* ibumu = supaya ngliwetake
- *Nukokna* buku adhimu = supaya nukokake

2. Pakon tanggap

- *Aku tukokna* sega = supaya ditukokake
- *Aku jalukna* dhuwit = supaya dijulukake.

C. Panambang na ateges : upama, pangarep-arep, sanajan, muga-muga, mokal

- *Dhuwite dakwenehna* wingi saiki wis mangkat (= upama dakwenehake)
- *Dhuwitku diparingna* saiki mana aku sida mulih (= muga-muga diparingake)
- *Kotukokna* sandhangan pisan aku emoh melu kowe (= sanajan kotukokake)
- *Dieclingna* adhimu marang Pangeran (muga-muga dielingake)
- *Wong tuwane dhewe bae ora ditukokake* kancane maneh *ditukokna* (= mokal ditukokake)

LATIHAN

1. Tembung-tembung ing ngisor iki rimbagen nganggo panambang en, banjur gawenen ukara !

genti, wada, suru, gule, soto

2. Tembung-tembung iki rimbagen nganggo panambang a supaya dadi pakon tanduk, banjur gawenen ukara !

genti, wada, suru, gule, paro.

3. Rimbagen nganggo panambang **ana** supaya dadi **pakon tanggap** lan **pakon tanduk**, banjur gawenen ukara !

suru, genti, waca, sate paro

4. Rimbagen nganggo panambang **na** supaya dadi **pakon tanduk** lan **pakon tanggap**, banjur gawenen ukara !

suru, genti, waca, sate, paro

IV. NULIS

PANULISE TEMBUNG-TEMBUNG AGNYA (PAKON) NGANGGO AKSARA JAWA

A. Tamatna, wacanen, banjur turunen !

ꦒꦮꦤꦺꦤ꧀ = gawanen

ꦠꦸꦏꦸꦤꦺꦤ꧀ = tukunen

ꦒꦢꦲꦺꦤ꧀ = gadhonen

ꦧꦠꦲꦺꦤ꧀ = bathinen

ꦱꦠꦺꦤꦺꦤ꧀ = satenen

ꦩꦫꦤꦺꦤ꧀ = mranaa

ꦱꦮꦺꦤ꧀ = sawoa

ꦥꦿꦶꦪꦪꦶꦤ꧀ = priyayia

ꦏꦥꦿꦶꦪꦺꦤ꧀ = kapriyee

ꦠꦮꦸꦤ꧀ = tawua

ꦠꦸꦏꦸꦤ꧀ = tukua

ꦤꦒꦏꦸꦤ꧀ = ngakua

ꦩꦫꦺꦤꦺꦤ꧀ = mronoa

ꦤꦒꦒꦢꦲꦺꦤ꧀ = nggadhoa

ဇေကျကျ jalukna	—	ဇေကျကျီက jalukena
တူလိယ tulisna	—	တူလိယအီက tulisena
ကယကျ gawakna	—	ကယကျီက gawakena
ယကျကျ dadekna	—	ယကျကျီက dadekena
တူကျကျ tukokna	—	တူကျကျီက tukokena
ယကျကျ satekna	—	ယကျကျီက satekena
ကျယကျ ngokokna	—	ကျယကျီက ngokokena

ကယကျီက	= gawanana
ယကျကျီက	= patenana
ကျယကျီက	= pepenana
ကျယကျီက	= gadhonana
တူလိယအီက	= nulisana
ကျယကျီက	= copotana
ကျယကျီက	= dondomana

B. Tullisen nganggo aksara Jawa sing bener !

turonana
surunen
nyurua
nglawua
majua
nutua
nyaotoa
mrenea
mronoa
duwea

tukonana
tukunen
nglukokna
pancatana
ngedumana
cekelana
gopekana
atosana
panjerana
buwangen

V. UNGGAH-UNGGUH

Kramakna sing bener !

1. Muga-muga Gusti Kang Maha Asih paring katentreman lan pangayoman adhi sakukuban.
2. Supaya bisa kasembadan gegayuhanmu aja nganti kendhat anggonmu duwe panyuwun marang Pangeran Kang Maha Agung lan Maha Murah.
3. Nindakake apa dhawuhing Allah lan ngedohi laranganing iku diarani takwa marang Kang Murbeng Dumadi.
4. Mas, awit saka pangestu panjenengan aku wis oleh pagawean ana Pertamina. Mula iku aku nyuwun pamit arep budhal sesuk-esuk. Mbok manawa ana luputku bae marang panjenengan aku nyuwun pangapura.
5. Iya sokur Dhimas aku nderek bungah banget dene Dhimas wis piningan kanugrahan saka Pangeran. Aku mung nderek memuji muga-muga Dhimas bisa nindakake kewajiban kanthi ora ana godha rencana.

VI. KASUSASTRAN

A. Gatekna !

Kang diarani **layang-layang kekawin** yaiku layang-layang kuna kang katulis nganggo basa Jawa Kuna adhapur tembang gedhe kuna, tuladhane :

WULANGAN 10

I. WACAN

A. Wacanen batin kanthi premati !

BALE SAGALA-GALA (Pustakaraja)

1. Jejer ing kadipaten praja Ngastina, Prabuanom Duryudana miyos siniwaka ka-adepe Patih Sangkuni, Raden Kartawarma lan pepak para kadang wadya. Ingang karembag anggenipun sami boten narimahaken dene para kadang Pandawa tansah sarwa linangkung ing samudayanipun tinimbang lan Kurawa, sarta inggang rama Prabu Drestarastra ugi katingal ing tresnanipun dateng kadang Pandawa, ing mangka panganggepipun para Kurawa, bilih Pandawa punika satru mungging cangklakan, sanget ambebayani. Kacariyos Prabuanom Duryudana sampun utusan nimbali kadang Pandawa, mila boten dangu kadang Pandawa lajeng sowan. Sareng sampun satata lenggah, lajeng dipun pangandikani, manawi saking karsanipun inggang rama Prabu Drestarastra, kadang Pandawa sami kaparingan lenggah wonten ing talatah Waranawata, kaprenah sakidulipun nagari, inggang padaleman lan sadayanipun bade kadamelaken dening para kadang Kurawa. Kadang Pandawa matur sanget nuwun nedya ngestokaken dawuh, lajeng nyuwun pamit, kalilan, nunten bidal.

Ing sakesahipun para Pandawa, Prabuanom Duryudana tuwin patih saha kadang nunten sami ngrembag anggenipun nedya numpes para Pandawa, sarana andamelaken griya inggang sae, nanging sampun kareka ing nglebetipun ingisenan damar inggang gampil kabesmi, mangke manawi para Pandawa nuju kapati sare wonten salebeting griya wau, saking supados enggal kabesmi griyanipun, konten-kontenipun sami kakancinga saking njawi. Sadaya sami ngestokaken dawuh lajeng bibaran pasewakan, gapuran.

2. Ing gupit mandrakini praja Ngastina, Prabu Drestarastra saha prameswari Dewi Gandari tuwin putra Dewi Dursilawati

sami lalenggahan ka-adep para parekan, mirsani gebyagan beksan badaya srimpi, katungka rawuhipun Prabuanom Duryudana, lajeng ka-acaran lenggah. Sareng sampun satata nunten sami imbal pangandika bab kawontenanipun kadipaten, lajeng sami kembang bojana.

3. Ing pasowanan jawi nagari Ngastina, Patih Sangkuni, Raden Dursasana, Durmagati, Citraksa, Citraksi, Kartawarma lan pepak para kadang wadya, ngrembag andum damel anggenipun andamelaken griyanipun kadang Pandawa wonten ing Waranawata, ingkang sampun kaisen an obat lan damar amrih gampil dipun besmi, mila griya wau umumipun lajeng dipun wastani Bale sagala-gala utawi Jatu-griha, pikajengipun, griya ingkang sampun dipun iseni obat, gampil dipun besmi. Sareng sampun samapta sadaya, lajeng bidal, kapal, prang ampyak.
4. Madeg ing kasatriyan praja Ngastina, Dewi Kunti ka-adep para putra kadang Pandawa saha panakawan, ngrembag anggenipun nedya pindah griya enggal dateng ing Waranawata, sareng sampun samapta, lajeng bidal.

Dewi Kunti lumampah darat kaderekaken para putra lan panakawan, dene Raden Bratasena lampahipun mlumpat, boten dangu kapapag kaliyan denawa ageng-ageng kalih, nama ditya Purocana lan Purobaya. Ditya kakalih wau ngalang-alangi lampahipun Raden Bratasena, sulayaning rembag, dados pancakara, wekasan ditya kakalih sami nemahi pejah, kuwanda muksa, babar dados sang Hyang Brahma lan sang Hyang Indra, paring sumerep bilih para Kurawa sami anggadahi sedy a won, benjing manawi griya wau kabesmi, supados Raden Bratasena lan kadang saha ibu ngetutaken salampahing garangan petak, ing ngriku margining manggih wilujeng. Sasampunipun wewarah, dewa kakalih nunten kondur dateng Kahyangan, Raden Bratasena saha kadang ibu nglajengaken lampah.

5. Madeg ing bale sagala-gala ingkang dumunung wonten satengahing Waranawata, Dewi Kunti saha para putra sami rumaos marem dene manggen wonten ing padaleman ingkang sakalangkung adi, anggenipun andamelaken para kadang Kurawa, namung sang Bratasena ingkang sampun

waspada ing semu, katungka sowanipun para buyut, pandita, wiku lan sapanunggilanipun, ingkang sami mangayubagyo dene para Pandawa sapunika pindah dudunung wonten ing ngriku, ingkang ugi ateges saged ngayomi dateng para ingkang sami dudunung ing sakiwa tengenipun ngriku. Boten dangu katungka rawhipun Prabuanom Duryudana, Patih Sangkuni saha para kadang Kurawa lan wadya, sarwi ambekta dedaharan inuman ingkang eca-eca, lajeng sami kembul bojana andrawina, inum-inuman waragang katah ingkang sami wuru, sinambi dolanan main catur, namung Raden Bratasena ingkang waspada ing semu.

Kocap sareng para kadang Pandawa sami wuru, Patih Sangkuni lajeng dawuh dateng kadang Kurawa kapurih ambesmi griya waù, Raden Bratasena sareng sumerep latu mangalad-alad, lajeng ngrangkus kadang-kadangipun lan ingkang ibu, nunten wonten garangan petak, lajeng dipun turut selampahipun, garangan lumebet dateng trowongan, terus dipun turut.

Kocap sareng latu sampun telas, kadang Kurawa lajeng sami ngupadosi kunarpanipun kadang Pandawa, ing ngriku pinanggih wonten kunarpanipun pawestri satunggal saha anakipun jaler gangsa., nanging saestunipun sadaya wau kunarpanipun tiyang estri bangsa brahmana nama Bila saha anak-anakipun jaler gangsal. Kunarpa sadaya wau kakinten kunarpanipun Dewi Kunti lan kadang Pandawa sadaya, mila lajeng dipun rukti, nedya katur dateng Prabu Drestarastra, nunten bidal.

.....

Pethikane : PAKEM WAYANG PURWA IV.
dening R.S. Probohardjono.

B. Wangsulana !

1. Jejer ing kadipaten praja Ngastina iku pasebane sapa bae marang sapa ? Apa sing dirembug ana ing paseban iku ?
2. Nalika Pandhawa padha ngabeyandara ana ing paseban iku, dingendikani apa dening Prabuanom Duryudana ?

3. Sapungkure pisowane para Pandhawa, apa sing dirembug ing paseban iku ?
4. Kepriye akale para Kurawa anggone arep numpes para Pandhawa ?
5. Bale sagala-gala utawa Jatu-griha iku apa, sing digawe saka apa, sapa sing nggawe, ana ngendi, lan pamrihe apa ?
6. Nalika Pandhawa boyongan menyang Waranawata kepe-thuk Ditya Purocana lan Purobaya. Ditya loro sajatine sapa, bareng wis babar dadi dewa paring pituhu apa marang Raden Bratasena ?
7. Nalika Pandhawa ana Waranawata, kepriye tangkepe para kadang Kurawa marang para Pandhawa ?
8. Nalika Bale sagala-gala wis dadi awu, para Kurawa padha duwe pangira manawa para Pandhawa wis tumpes. Kanggo bukti apa ? Nanging sanyatane kepriye ?

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>bale</i>	= bangsal, omah, pandhapa
<i>gala</i>	= damar, lak
<i>bale sagala-gala</i>	= omah (bangsal) kang digawe saka lak (gampang kobonge)
<i>adipati</i>	= ratu
<i>kadipaten</i>	= panggone ratu, kraton
<i>praja</i>	= negara, kedhaton
<i>kadang</i>	= sedulur
<i>prabu anom</i>	= pangeran adipati
<i>numpes</i>	= nyirnakake kabeh
<i>pasewakan</i>	= paseban, pasowanan
<i>parekan</i>	= para nyai (ing kraton)
<i>gebyagan</i>	= kepyakan, semuwan
<i>bedhaya</i>	= tledhek bangsaning Srimpi ing kraton
<i>Srimpi</i>	= lelangen jaged sing ditindakake para wanita cacahé 4
<i>imbal pangandika</i>	= ngendikan, jagongan, guneman

<i>bojana</i>	= pesta mangan enak
<i>kembul bojana</i>	= mangan bebarengan
<i>jatu (skt)</i>	= damar, lak
<i>jatu-griha</i>	= omah sing digawe saka lak (damar)
<i>griha → griya</i>	= omah
<i>panakawan</i>	= abdi pandherek, parepat
<i>samapta</i>	= siyaga
<i>adi</i>	= becik, linuwih
<i>katungka</i>	= ketekan dadakan
<i>kunarpa</i>	= layon

B. Golekana ing ngisor araning papan panggonan kang kerep keprungu ing padhalangan iki !

1. Pengadilan ing kapatihan
2. Papan patapaning pandhita
3. Pandhapaning pandhita kanggo mulang para cantrik
4. Paseban ing sitinggil
5. Dalem gedhe kagem sinuwun ing kraton
6. Papan sing dhuwur samburining alun-alun (pasowanan) arane
7. Regol (bangsal) sangareping kraton kanggo methukake/nguntapake tamu kraton arane
8. Kahyangan (kraton)-e Bathara Guru iku
9. Dalam tumuju menyang alun-alun iku arane

sitinggil, bale mangu, pagelaran, padhepokan, pangurakan, pacrabakan, prabayasa (prabasuyasa) jungring saloka, srimanganti

C. Arane papan/omah iki golekana ana ing ngisor kang ma-thuk !

1. Omah darbeking desa dianggo pakumpulan arane
2. Omah-omahan ing tengahing blumbang (segaran) arane
3. Omah sarta pekarangan iku diarani ...
4. Omah-omahan kanggo jaga kampung iku diarani
5. Panggonane wong kang padha nginep
6. Papan kanggo sinau ngaji arane

7. Omah cilik papan marung arane
8. Omah-omahan cilik tunggu tanduran ing sawah/tegal arane
9. Rumah sakit kanggo wong lara TBC arane
10. Papan kanggo penelitian arane
11. Papan kanggo siaran radio/TVRI arane
12. Papan kanggo nyimpen pari arane
13. Papan kanggo nyimpen beras arane
14. Papan kanggo nyimpen barang-barang arane
15. Papan kanggo mandhe arane

bale pomahan, bale kambang, bale desa, gubug, bango, hotel, pondhok, cakruk, sanatorium, laboratorium, studio, lumbung, padaringan, besalen, gudhang

D. Apa tegese tembung-tembung sing kacithak kandel ing ngisor iki ?

1. Lampahipun R. Wrekudara sakadang tumuju dhateng Waranawata.
2. Nalika taksih enem ageng lampahipun. Sareng sepuh manggih kamulyan.
3. Ringgit dalu punika mendhet lampahan Bale sagala-gala.
4. Surya sampun serap.
5. Sapunika surya kaping 26 Rejeb.
6. Swaraning peksi sampun sirep.
7. Benteripun badan sampun sirep.
8. Resi Drona ing Soka Lima.
9. Resi kintunan arta saking Pos.

III. PARAMASASTRA

A. Ukara-ukara lamda iki dhapuken supaya dadi ukara camboran, migunakna tembung pangiket sing trep !

- a. – Aku ora pati pinter.
– Aku sregep sinau.
– Aku bisa lulus.
- b. – Aku dipenging nerusake sekolahku.

- Aku tetep nekad sekolah.
- Aku saiki dadi dhokter.
- c. - Aku ora duwe dhewe sasedulurku.
- Aku emoh njejaluk marang sadulurku.
- Sadulur-sadulurku padha ngajeni aku.
- d. - Jakarta iku kutha gedhe.
- Semarang iku kutha gedhe.
- Surabaya iku kutha gedhe.
- e. - Umar iku murid SMP sing sregep banget.
- Ali iku murid SMP sing sregep banget.
- Sardi iku murid SMP sing sregep banget.
- f. - Sarjana iku murid kang sregep.
- Sarjana iku murid kang lantip.
- Sarjana iku murid kang alus bebudene.

B. Wenehana tembung pangiket kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Aku iya gelem melu kowe, ... sekolahku diragadi.
2. Malinge gelem ngaku, ... digiri-giri arep dipenthungi.
3. Barja kuwi kemaki banget, ... digethingi kanca-kancane.
4. Kowe kudu gemi setiti, ... besuk uripmu kepenak.
5. Darma iku wani rekasa, ... saiki uripe kepenak.
6. ... kowe disrengeni ibumu, aja pisan-pisan kowe mangsuli.
7. Indonesia ing tembe dadi nagara kang makmur, ... sugih barang-barang apa bae.
8. Amir iku anake wong sugih, ... ora umuk.
9. Marna arang kekurangan sandhang pangan, ... uripe ngati-ati banget.
10. ... kowe enggal lulus, kowe kudu sregep sinau.

bareng, supaya, amarga, supaya, anggare, mulane, nanging, mulane, manawa, jalaran

C. Gawe a ukara nganggo tembung-tembung pangiket ing ngisor iki !

dene, ewadene, suprandene, apa dene, mangka, apa maneh, bilih, mbok bilih, sarehne, awit, nalika, bareng

IV. NULIS

Tulisen nganggo aksara Jawa !

Paragraf 2 wacan ing dhuwur !

V. JANTURAN JEJER ING PAWAYANGAN

Wacanen batin alon-alon lan rasakna, banjur nirokna lagu lan pocapane dhalang !

JANTURAN JEJER ING PAWAYANGAN

Swuh rep data pitana, anenggih nagari pundi ingkang kaeka adi dasa purwa. Eka sawiji adi luwih dasa sepuluh purwa kawitan. Sadyan kathah titahing dewa ingkang kasongan ing akasa kasangga ing pretiwi kaapit ing samodra, kathah ingkang sami anggana raras boten wonten kados nagari Dwarawati ya Dwaraka ingkang pantes kinarya bebukaning carita. Mila kinarya bebuka, ngupayaa nagari satus tan angsal kalih, sewu datan antuk sedasa. Mila winastan ing Dwarawati : palawanganing jagad utawi wewenganing rahsa, Dwaraka panggenan pambuka.

Dhasar nagari panjang punjung pasir wukir loh jinawi gemah ripah karta tur raharja. Panjang dawa pocapane, punjung luhur kawibawane, pasir samodra wukir gunung, dene nagari Dwarawati angungkuraken pagunungan ngeringaken pasabinan nengenaken benawi angayunake bandharan gedhe. Loh tulus ingkang sarwa titandur, jinawi murah kang sarwa tinuku. Gemah wong kang lumaku dagang rintan dalu datan ana pedhate labet tan ana sangsayane margi. Aripah janma manca kang sami gegriya ing salebeting praja jejel apipit pangsrasa aben cukit tepung taritis papan wiyar katingal rupak saking arjaning nagari. Karta kawula ing padhusunan padha tentrem atine, mungkul pangulahing tetanen. Ingon-ingon kebo, sapi, pitik, iwen datan ana cinancangan, rahina aglar ing pangonan yen bengi padha mulih marang kandhange dhewe-dhewe. Raharja tebih ing parangmuka, dene para mantri bupati padha kontap kautamane, wicaksana limpad ing kawruh putus marang wajib pangerehing praja, tansah ambudi wewahe kaluhuraning Nata. Dhasar nagara gedhe obore padhang jagate dhuwur kukuse adoh kuncarane. Boten tanah Jawi kemawon ingkang sumuyud, sana-

dyan ing tanah sabrang kathah ingkang sami sumawita tanpa kala-
wan krananing bandayuda, amung kayungyun pepoyaning kauta-
man, bebasan ingkang celak manglung ingkang tebih tumiyung,
saben antara mangsa asok bulu bekti glondhong pangareng-areng,
peni-peni raja peni guru bakal guru dadi.

VI. KASUSASTRAN

A. Kagunan Wayang iki gatekna !

WAYANG

Wayang iku sawijining tontonan kang wis sumrambah, ing
sa-Indonesia : ing tanah Jawa, ing Bali, ing Kalimantan, ing
Sumatra lsp.

Ing jaman Majapahit perbawane wayang iku malah tekan
ing nagara Cempa lan Kamboja. Nagara-nagara iku njupuk
lakon Panji saka tanah Jawa.

Wayang iku warna-warna sing digawe, kayata :

- a. saka lulang utawa kulit (diarani wayang kulit utawa wayang
lulang),
- b. saka kayu,
- c. saka tetuwuhan,
- d. saka mori,
- e. saka kerdhus (kertas),
- f. saka logam.

Awewaton critane wayang iku kena kapilih-pilih dadi pirang-
pirang warna :

1. **Wayang Rama**, critane njupuk saka buku *Ramayana*. Ing
wektu saiki digolongake Wayang purwa.
2. **Wayang Purwa**, critane saka **parwa-parwa** peranganing
buku *Mahabarata* ing bab Pandhawa lan Kurawa.
3. **Wayang Madya**, critane saka Parikesit tekan Jayabaya.
4. **Wayang Gedhog** (kedhok = topeng), critane saka layang
Panji.
5. **Wayang Klithik (Wayang Krucil)** nyritakake lakon jaman
Pajajaran tekan Majapahit, Prabu Brawijaya wekasan. Sing
kondhang lakon Darmawulan-Menakjingga.

6. **Wayang Dupara**, critane saka layang babad, kayata : *Jaka Tingkir, Jaka Tarub, Babad Pajang lsp.*
7. **Wayang Menak**, critane saka tanah Arab.
8. **Wayang Suluh**, critane warna-warna kanggo aweh sesuluh.
9. **Wayang Kancil**, critane saka dongeng kancil.
10. **Wayang Golek**, asline saka Jawa Kulon (Jawa Barat), nyritakake lakon ing Mahabarata utawa lelakone Wong Agung Menak (Jayengrana).
11. **Wayang Wong**, critane saka Mahabarata, ditindakake dening wong (kagolong wayang Purwa).
12. **Wayang Beber**, njupuk crita Panji awujud gambar-gambar ing mori kang kabeber, banjur dicritakake.
13. **Wayang Wahana**, critane bab perjuangan saka babad Demak tekan Perang Diponegara.
14. **Wayang Wahyu**, critane gegayutan karo agama Katholik.
15. **Wayang Perjuangan**, critane sakajuangane bangsa Indonesia wiwit taun 1945, yasane Jawatan Penerangan.
16. **Wayang Pancasila**, padha karo Wayang Perjuangan, mung wujud wayang bae sing beda.

B. Suluk pathetan Slendro 9 iki lagokna niru lagu/pocapane dhalang !

Sangsaya dalu araras abyor kang lintang kumedhap.

Titi sonya tengah wengi lumrang gandaning puspita.


O,

Karengwaning pudyanira, O,

Sang Dwijawara mbrengengeng.

Lir swaraning madubranta.

O. O.



WULANGAN 11

I. WACAN

A. Wacanen sajroning batin !

GUGUR GUNUNG

Saka pendhapa kalurahan wis keprungu kenthongan ditabuh ambal-ambalan dening punggawa pamong desa.

Pak Noyo : (*Metu karo nggawa pacul*)

"Kang ... ! Kang Setra ! Ayo gek enggal metu. Galo wis dioprak-oprak Kyaine !"

Pak Setra : Kosik Dhi. Dhela engkas. Dak golek gawan dhisik."

(*keprungu swara saka njero*).

Pak Noyo : "Wah ... wah ... wah !

Gek gawan apa ta Kang sing arep kok goleki ?"

Pak Setro : (*Metu karo klithah-klithih*).

"Ha ... ya. Apa maneh ta yen ora pecok karo wadung iki ! Genah arep nggawa pacul kowe dhewe ya wis nggawa ngono, kok."

Pak Noyo : "Iya ta. Mesthine mengko ya genti-genten. Ora kabeh nyambut gawe bareng."

Pak Setro : "Kosik ta, Dhi. Iki mengko dalan sisih ngendi ta sing arep dikroyok wong sakampung iki ?"

Pak Noyo : "Lho, priye ta, Kang. Genah wis dirembug rapat ing Bale Desa wingi kae ngono kok. Dalan kulon sekolahan kae yen udan jeblog. Kamangka suk wulan ngarep iki wis diwiwiti lomba desa. Lan Pak Bupati sarombongan arep miyos kene."

Pak Setra : "Ooo ... kulon sekolahan, cedhak warunge Sastro Kardi kae ta ?"

Pak Noyo : "Lha iyo ta. Ngendi maneh. Gajege wingi kae Pak Lurah wis nekakake watu sak trek. Lha mengko aku kowe iki kari nata."

Pak Setra : "Yen mung ditata tanpa ditumbuk ya malah ngrekasakake wong liwat ta, Dhi."

- Pak Kamdi* : "Waaah ... iki ora gek enggal mangkat, kok malah jagongan neng kene ta ?" (*Teka karo nggawa pukul besi lan pacul*)."
- Pak Setra* : "Iki lho Pakdhe. Yen dalam kulon sekolahan kae mung dibruki watu lan ora dirata, lha rak ya malah gawe cilaka ta. Saben ana montor liwat sopire mesthi sambat."
- Pak Kamdi* : "Ah, ya ora ngono ta. Wingi kae gajege ing rapat wis dirembug. Carike saguh golek silihan montor tumbuk menyang kantor pemerintah daerah. Mung bae kanggo ijole tuku solar ya kudu dipikirake."
- Pak Bayan* : (*Teka saka njero*). "Bener Pak Kamdi. Aku karo Carike mengko arep sowan nyang kantor Pekerjaan Umum, ngampil mobil tumbuk. Wis dikeparengake, kok."
- Pak Setra* : "Ooo ya sukur ta. Yen dalam-dalam kene wis alus kabeh, tetumpakan mesthi alur-selur ora ana pedhote."
- Pak Kamdi* : "Iya bae ta, Dhi. Wong asil bumi desa kene sing digawa menyang pasar kutha ya klebu akeh. Dadi mobil trek, grobag, lan tetumpakan liyane akeh kang liwat desa kene."
- Pak Bayan* : "Apa maneh kreteg wetan desa kae wis dadi lan ora suwe iya diresmekake. Mendah ramene mengko desa kene."
- Pak Noyo* : "Nanging manawa kaanan saya rame, dalam-dalam sing rusak iya kudu enggal didandani. Aja nganti rusake tansaya akeh. Lan manawa rusake akeh, mesthi bae mbutuhake wragad sing saya akeh maneh."
- Pak Kamdi* : "Mula wis samesthine ta, warga kampung kene kudu sayuk rukun gotong royong. Yen ana dalam rusak, utawa kalen buntet, pos kamling bocor, ya aja mung disawang bae. Sing genah kudu enggal ditandangi kanthi gugur gunung kaya esuk iki."
- Pak Bayan* : "Bener ! Bener ! Lha iki mumpung isih esuk ayo enggal digarap. Galo, Pak Lurah karo Pak Carik

wis nunggu. Ayo dha mangkat !"

Pak Noyo : "Inggih ! Mangga Pak ! Mangga !"

Pak Kamdi : "Iya ayo enggal diangkat pirantine. Enggal digarap bebarengan kareben enggal rampung !"

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana !

1. Wacan ing dhuwur iku pacelathone sapa, ngrembug bab apa ?
2. Sadurunge nindakake gugur gunung, luwih dhisik kudu nindakake apa lan perlune apa ?
3. Gugur gunung kang kasebut ing wacan iku arep ngayaki apa ?
4. Wragad kanggo apa sing perlu kanggo nindadake gugur gunung andandani dalan kang kasebut ing wacan iku ?
5. Padha duwe gambaran apa wong-wong kang ngayaki gugur gunung iku manawa dalane sing digarap iku wis alus temenan ?
6. Apa bae kang bisa diayaki kanthi gugur gunung ana ing kampung iku ?

C. Beda lagune uga beda karepe

Ukara-ukara iki ucapna nganggo lagu kang beda-beda, miturut tandha-tandhane !

- / = kapedhot sedhela, ora mandheg
// = kapedhot sawetara, ora mandheg
kandel = kaucapake mantep
arang = kaucapake alon

Rasakna beda-bedane lan isenana titik-titik iki !

1. Bapak, lurah kula gugur gunung.
(sing gugur gunung ...)
2. Bapak lurah, kula gugur gunung.
(sing gugur gunung ...)
3. Bapak, lurah, kula, gugur gunung.
(sing gugur gunung ...)
4. B a p a k, l u r a h, k u l a, gugur gunung.
(sing gugur Gunung ...)

5. Omahe // kebrukan / wit ambruk.
(sing ambruk)
6. Omahe / kebrukan wit // ambruk.
(sing ambruk)
7. **Bapak** // kondur dina iki ?
(wangsulane)
8. Bapak // **kondur** / dina iki ?
(wangsulane)
9. Bapak / kondur // **dina iki** ?
(wangsulane)

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

- gugur gunung* = pakaryan negara kang sarana nggerakake wong padesan tanpa opahan
- dioprak-oprak* = digusah supaya enggal metu
- klithah-klithih* = tansah mlaku wira-wiri sajak bingung semune nggegoleki
- sayuk rukun* = padha rukun, padha sarujuk
- gotong-royong* = tumandang gawe bebarengan

B. Isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Para warga desa kerep nindakake ndandani dalan-dalan lan kalen-kalen kanggo kaperluane desa kono.
2. Saben taun Kraton Surakarta lan Ngayogyakarta nganakake upacara sekatenan kanthi ngarak ... digawa menyang mesjid gedhe.
3. Ing kampungku ana wanita kang kagolong ..., kerep gawe kecelike para priya kang lagi ketemben weruh.
4. Wengi sore ibuku ditekani sawijining para nawakake ali-ali dhapur ... kang regane rong yuta rupiah.
5. Sore wiwit tumapake wayah ... ing mangsa ketiga iku mujudake sesawange kang endah banget.
6. Bocah wadon kang mbok sir iku yen pesthine dadi jodhomu, keletana sagara lan ... mesthi ya mesthi bisa ketemu.

7. Tanggaku kang lagi ... iku gawe trenyuhing sanak sedulur lan tangga teparo. Lah ya pancen lagi apese. Bandhane dirampog uwong, kathik anake loro pisan kasengsaran marga tabrakan.
8. Sri Bathara Kresna bisa malih buto kang gedhene sa

kerubuhan gunung, gugur gunung, tunggang gunung, gunung sepikul, gunungan, srigunung, gunung sap pitu, gunung anakan

C. Bebasan iki trapna ing ukara sangisore, pilih endi sing mathuk !

- *ketepang ngrangsang gunung*
- *kejugrangan gunung menyan*
- *ngontragake gunung*
- *kemladheyan ngajak sempal*
- *satru mungging cangklakan*
- *kutuk marani sunduk*
- *nguyahi segara*
- *pitik trondhol diumbar ing padaringan*

1. Kowe ana daleme pamanmu iku rak dunung mondhok. Yen kowe ngajani tumindak ora apik marang putrane pamanmu iki rak jebles karo unine bebasan
2. Rewangmu iki pancen clemer wiwit biyen. Mula yen dadi rewangmu lan kerep kotinggal lunga jeneh
3. Duwe anak wadon kang wis gedhe mono kena diarani
4. Kesedmu ngudubilah, senenganmu nikmat-nikmatan nganti sandhanganmu bae thok-ji mbi-ji kok kepengin duwe Mercedes ki rak ya jeneng ta kuwi !
5. Kowe bisa entuk warisan saka embokmu pangaji 500 yuta iku, kanggone ukuraning awakmu rak jeneng
6. Ing Minggu wingi aku enak-enak maca-maca majalah. Kancaku ngajak lunga, aku gelem numpak Honda lali ora nggawa SIM, ana ndalan ditangkep pulisi. Dadine aku
7. Wong sugih mblegedu ngono ko-punjung. Ngono kuwi rak ... ta !
8. Olehe pinter badminton ki rak durung ana sesasi. Nanging yen kowe bisa ngalahake Icuk Sugiarto arak jeneng

D. Isenana tembung-tembung kang mbangetake tegese !

1. Rep *sidhem* ... tan ana sabawane walang ngalisik.
2. Saka kene isih *adoh*
3. Prabu Puntadewa iku ratu kang *sabar*
4. *Cilaka* ... aku ora kepethuk wong-wing.
5. Banyune *anyep*
6. Hawa ing pagunungan iku *adhem*
7. Genthonge uwis *kebak*
8. Omahe *suwung*
9. Barange kabeh *ilang*
10. *Kojur* ... aku ora kepethuk kancaku.
11. Adhimu diciweli nganti *biru*
12. Banyune kimplah-kimplah *bening*
13. ambok iya *blaka* bae.
14. Rupane *gandes* ... merak ati.
15. Ah *panase* ... kaya ngene.
16. Sumurku saiki *asat*
17. Sanajan kowe kuwi *sugih* ... aja pamer.
18. Aja padha cecongkranan, becik padha *sayuk*
19. Kitirane tansah *mubeng*

III. PARAMASASTRA

RIMBAG GUNA : EN

1. Panambang en kajaba mujudake **rimbag agnya**, (**pakon**) uga mujudake **rimbag guna**, yaiku nelakake *kaanan* kang ateges : *tansah naridhang kaanan, kadunungan*.

Tuladha :

- *Bokongku wudunen.* (= nandhang wudun)
- *Awakku gatelen.* (= nandhang gatel)
- *Kakangku wis jenggoten.* (= kadunungan jenggot)

2. Apa tegese panambang en ing ngisor iki ?

- *Sikile kadhasen.*
- *Kancaku lelaranen.*
- *Tembakone wis jamuren.*
- *Adhike kreminen.*
- *Aku ketok-ketoken ibu.*
- *Jambu sauwit uleren kabeh.*

RIMBAG ADIGUNA : KE - EN

1. Ater-ater lan panambang ke - an ana kang owah dadi ke - en, yen karaketaking iingga mujudake rimbag adiguna yaiku nelakake kaanan kang ateges : *keladuk* (luwih saka mesthine), *banget*

Tuladha :

- Klamine *kegedhen*. (= keladuk *gedhene*)
 - Gulane *kakehan* → *kakehen*. (= keladuk *akehe*)
2. Apa tegese ater-ater lan panambang ke - an (ke - en) ing ngisor iki ?
 - Tampare *kedawan/kedawanen*.
 - Kowe rada *kemangidulen*.
 - Sepedhamu *kapiken* kanggomu.
 - Aku *kesepe* ana ing *desa*.
 - Jugangane *kejeron*.
 - Karpete *kamban* kanggo kamar iki.

IV. NULIS

A. Tulisen nganggo aksara Latin !

ᑲ ᑲᑦ 2 ᑲᑦ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

ᑲ ᑲᑲ 2 ᑲᑲ 2 ᑲᑲ

B. Tulisen nganggo aksara Jawa !

bandha	– bandhane
nangka	– nangkane
ganda	– gandane
tampa	– tampane
kombong	– kombongipun
prongkol	– prongkolipun
brondong	– brondonge
ganja	– ganjane
gembol	– gembolen
glondhong	– glondhonge

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa mudha krama ing pacelathon iki salinana nganggo basa **ngoko andhap** banjur tirokna ana ngarep klas !

TETEMON ANA ING SETASIUN

- Mas Kartanadi** : Lho Adhi, bade *tindak* dhateng pundi ?
Raden Subyakta : Badhe dhateng Klathen, dipun timbali bapak.
Mas Kartanadi : Kok sajakipun wonten prakawis ingkang wigatos, tandhanipun *ingkang rama* mawi nimbali Adi.
- Raden Subyakta** : Anu, kala wingi kula tampi serat saking Klathen, ngendikanipun bapak, Ibu ngajeng-ajeng sangeget, tiyang sampun watawis 4 taun punika kula boten nate tuwi. Wulan punika adhi-adhi kula ngleresi liburan, sami mantuk dhateng Klathen sadaya. Waleh-waleh punapa, sajatosipun sami badhe kangen-kangenan.
- Mas Kartanadi** : O, makaten. Lah *konduripun* benjing punapa ?
Raden Subyakta : Bok manawi minggu ngajeng, tiyang angkah kula ngiras badhe dhateng Pengging punapa, sowan embah.
- Mas Kartanadi** : *Inkang rayl* ingkang taksih sekolah pinten ?
Raden Subyakta : Tiga, pun Sukirja, Sukarsa, kaliyan Soekemi. Namung Sukirja wulan punika sampun tamat sinaunipun. Malah criosipun badhe nyambut

damel Sampun kepareng, punika sepuripun sampun dhateng.

Mas Kartanadi : Inggih mangga, *ndherekaken sugeng*.

Raden Subyakta : Inggih, nuwun.

VI. KASUSASTRAN

A. Lelagon anyar iki wacanen alon-alon, banjur ayo padha dilagokake !

MBANGUN DESA

(PI Br)

Ora smaya sesuk-ra smaya mangko dhisik ayo wiwit yo mbangun desa.

Mbangun desane rakyat mental budi pakerti kaprigelan myang tekad tatarakiting desa bebrayan kang guyub rukun.

Kanthe rembug desa maju bareng gotong-royong golong gilig guyub gayeng grengseng manunggale kawula Gusti.

B. Wangsulana !

1. Sapa bae kang kondhang akeh rumpakane kang awujud dolanan gagrag anyar ? Kandhakna apa bae rumpakane iku !
2. Dolanan-dolanan gagrag anyar ing ngisor iki rumpakane sapa ?
 - Gugur Gunung
 - Lumbung Desa
 - Lesung Jumengglung
 - Ngundha Layangan
 - Tahu Tempe
3. Ngaranana jenenge dolanan kang kagolong gagrag lawas (tradisional) 5 bae !
4. **Tembang Macapat** iku ana warna pira ? kandakna !
5. Kang kalebu ewone **tembang Tengahan** iku apa bae ?
6. Buku kang critane nganggo tembang Tengahan iku arane apa lan wenehana tuladhane !
7. Ngaranana jenenge **tembang Gedhe** telu bae !

WULANGAN 12

I. WACAN

A. Wacanen sajroning batin !

PALANG MERAH INDONESIA

Prasasat ing saben kutha Kabupaten ana organisasi utawa kantor Palang Merah Indonesia, kang lumrahe dicekak PMI. Satemene organisasi sosial kayadene PMI iki wis lawas banget madeg ing Indonesia. Yaiku wiwit jaman penjajahan Walanda biyen. Kang ada-ada ngedegake PMI ing Indonesia yakuwi dokter RCL Senduk lan dokter Bahder Johan. Rikala semana taun 1930 lan Indonesia durung mardika. Ewasemono gegayuhane dokter sakloron iki antuk pangalembana lan panyengkuyung saka para winasis.

Eman banget, ana ing sajroning Konperensi Palang Merah Hindia Belanda taun 1940, gegayuhan ngedegake organisasi Palang Merah iki ora diakoni, awit Indonesia durung mardhika. Engga mbledhose Perang Donya kapindho, gegayuhan iki isih durung kaleksanan. Lire apa kang dibudidaya dening dokter RCL Senduk lan dokter Bahder Johan iya mung awujud gagasan mangkono bae, durung nduweni kegiatan kang nyata.

Dene sawise Proklamasi Kamardikan 17 Agustus 1945 dibiwarakake Presiden Sukarno wis ndhawuhake lumantar layang kekancingan tanggal 3 September 1945 supaya enggal-enggal dibentuk Perhimpunan Palang Merah Nasional. Ya wiwit dina iku Perhimpunan Palang Merah Nasional sengkud makarya, lan akire ing tanggal 5 September 1945 dokter Buntaran Martoatmojo kang rikala semana ngasta Menteri Kesehatan ngimpun para winasis lan mranata uba-rampene organisasi kang bakal lair. Rampunge karya tanggal 17 September 1945 organisasi kasbut kasil diresmekake lan penguruse diwisudha dening Wakil Presiden Drs. Mohammad Hatta.

Mula saka kuwi engga saprene tanggal 17 September tetep kita pengeti minangka dina laire Palang Merah Indonesia (PMI) ing bumi Indonesia kene. Malah ing tanggal 15 Juni 1950 Palang Merah Indonesia wis diakoni dening Palang Merah Internasional,

kanthi pikukuh layang saka Palang Merah Internasional nomer 392, lan Palang Merah Indonesia kacathet minangka anggota kang kaping 68. Madege PMI iki tansaya kuwat lan ngrembaka awit dening pamarentah RI uga wis disahake rikala tanggal 16 Januari 1950. Ing kono ditetepake manawa PMI mujudake siji-sijine organisasi Palang Merah ing Indonesia. Lan nitik kaanan kang tansaya ngrembaka, saprene cabang-cabang PMI wis sumebar warata ing saindenging bumi Indonesia. Kacihna ing meh saben kutha kabupaten apadene kotamadya bisa diprangguli anane kantor-kantor PMI.

Lelabuhane PMI

Sawatara wektu sawise mandireng dadi organisasi sosial, PMI antuk tugas abot kang ndarbeni sifat internasional. Tugas-tugas kasbut yaiku :

1. PMI duwe kuwajiban masrahake wong-wong Walanda cacah 35.000 marang Sekutu, kamangka papane pating slebar ing saindenge Indonesia.
2. Mbalekake wong-wong Cina menyang dhaerah pendudukan Walanda.
3. Mbalekake para romusha menyang desane dhewe-dhewe.

Wondene bab-bab liya kang kudu digarap dening PMI pancen ora entheng lan ora sethithik. Prastawa-prastawa alam iya kang abot apadene kang entheng, dadi kuwajibane PMI kang kudu diprantasi. Kejaba saka iku pakaryan-pakaryan sosial, iya kang arupa bantuwan pangan, sandhang apa dene bantuwan liyane, PMI kudu saguh dadi penyalur kang nekakake kiriman marang kang wajib nampa.

Ana maneh sumbangan ing babagan kasarasan yakuwi kang asring sinebut PPPK, ngumpulake para donor getih lan nindakake transfusi getih. Mula saka kuwi senajan katone sepele, nanging miturut kanyatane pakaryan kang kudu diayahi PMI satemene cukup abot. Apa maneh manawa pinuju akeh prastawa alam kayadene banjir bandhang, lindhu, pakampungan kang katrajang lesus saengga nuwuhake kurban atusan cacah, kabeh mau PMI kang kudu cancut.

Mula marang sadhengah warga, sapa bae iya kang sugih apadene kang kesrakat, manawa ana kang nandhang lara lan mbutuhake getih, utawa rumangsa sumadya getih marang sapa-padha ora ana bebadan liya kang kudu nandangi, kejaba PMI.

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki !

1. Kapan wiwit anane PMI lan iku ada-adane sapa ?
2. Apa sababe Konperensi Palang Merah Hindia Belanda taun 1940 ora ngakoni marang ngadege PMI ?
3. Apa sababe saben tanggal 17 September ana pengetan dina laire Palang Merah Indonesia (PMI) ?
4. Wiwit dhek kapan PMI diakoni dening Palang Merah Internasional ?
5. Apa buktine manawa organisasi PMI wis sumebar warata ing lumating bumi Indonesia ?
6. PMI ngemban ayahan kang asipat internasional yaiku apa bae ?
7. Apa lelabuhane PMI tumrap bangsa Indonesia ?
8. Ayahan PMI kang dicekak dadi PPPK iku satemene apa ?

II. KAWRUH BASA

A. Tegese tembung-tembung iki gatekna, banjur gawenen ukara !

<i>organisasi sosial</i>	= organisasi kemasarakatan
<i>konperensi</i>	= rapat kang asipat musawarah/mbat-batan ngenani sawijining bab
<i>perang donya</i>	= perang sarana kekuatan gegaman kang ngembetake saperangan gedhe negara-negara ing donya iki
<i>dibiwarakake</i>	= diumumake, disiyarake
<i>para winasis</i>	= para wong pinter
<i>uba rampe</i>	= apa-apa sing klebu prabot
<i>diwisudha</i>	= diunggahake pangkate, sinengkakake ing ngaluhuran
<i>layang pikukuh</i>	= layang kakancingan (beslit)
<i>bisa diprangguli</i>	= bisa dipethuk
<i>mandireng</i>	= madeg dhewe
<i>ndarbeni</i>	= nduweni

donor getih = derma getih
transfusi getih = pemindhahan getih

B. Tembung-tembung kang kaecap miring iki gantinen nganggo tembung kang cumawis ing ngisor sing mathuk !

1. Yen kowe tinitah dadi wong sing kecukupan aja lali *aweh pasumbang* marang wong kang lagi ketaman reribed.
2. Sapa sing ora *kami welasen* krungu sambate wong lelungan ana paran sing keluwen marga sangune entek dicopet uwong.
3. Perlu banget para putra tansah digladhi amrih nduweni *rasa mesakake* marang bocah yatim.
4. Dak rewangi nyambut gawe rekasa ngene iki beteke supaya aku bisa netepi *kuwajibaning* wong tuwa marang anak.
5. Ana pasrawungan iku *sabisa-bisa* tansah nindakna *ulah kautaman* ana ngendi bae, perlune bisa njunjung drajate wong tuwa.
6. Kabeh sing jejere dadi wong tuwa iku mesthi tansah nggulawenthah marang anak supaya *dhemen tetulung*, ngedohi *watak siya* lan *patrap umuk-umukan*.
7. Prabu Judhithira iku kondhange sawijining ratu *awatak welasan*.

welas, tetulung, trenyuh atine, darma, darmalaksana, ambek darma, sesongaran, ambeksiya, ambeg paramarta

C. Apa kosok baline tembung-tembung kang kacithak kandel ing ngisor iki ?

1. Kowe ora tau **ngugemi** rembugmu.
2. Bocah iku atine **srel** banget.
3. Anggone mantu **gedhen** temenan.
4. Uripmu iku **ngebreh**.
5. Aja seneng **nyldrani** janji.
6. Aja sok **congkrah** karo tangga teparo !
7. Bocah iku wiwit cilik kok **lelaranen** bae.
8. Aja sok **nglirwakake** marang kuajibanmu !
9. **Sembrana** temenan kowe kuwi.
10. Ali iku yen nyambut gawe **klelar-kleler**.

11. Polatan sing apik iku sing **luruh**.
12. Mbok ija sing **tatag** atimu !
13. Tembungmu aja **srogol** ngono !

D. Unen-unen ing ngisor iki terangna tegese lan gawenen ukara !

- *angon kosok*
- *tanpa tedheng aling-aling*
- *mbuwang tilas*
- *ora ndalan*
- *ngemut driji*
- *padhang jagade*
- *rupak jagade*
- *entek jarake*
- *anjukul wuwul*
- *ngenaki ati*
- *nggadho ati*
- *atine ana wulune*
- *kraket ing galar*
- *mrojol selaning garu*
- *nggayuh-nggayuh luput*
- *emban cindhe-emban siladan*
- *digarokake – dilukokake*
- *Baladewa ilang gapite*
- *dudu berase ditempurake*
- *dadia suket suthik nyenggut*

III. PARAMASASTRA

RIMBAG RANGKEP

A. Gatekna !

- (1). *Aja padha udan-udan !*
 - *Udan-udan* linggane *udan* diucapake kaping loro (= dwi) mula diarani tembung **dwillingga**.
- (2). *Aku arep golek papadhang*
 - *Papadhang* linggane *padhang*, wandane kang ngarep (= purwa) diucapake kaping loro (= dwi), mula diarani tembung **dwipurwa**.
- (3). *Aja pating cengenges ngono kuwi !*

- *Cengenges* iku linggane *cenges*, wandane sing buri (= wasana) diucapake kaping loro (= dwi), mula diarani tembung *dwiwasana*.

B. Golekana endi sing klebu golongan tembung *dwilingga*, *dwipurwa*, lan *dwiwasana* !

<i>pepeteng</i>	<i>lelara/lalara</i>
<i>omah-omah</i>	<i>cengingis</i>
<i>jedhidhik</i>	<i>abang-abang</i>
<i>sesulih</i>	<i>tetulung/tutulung</i>
<i>kekejer</i>	<i>pepeling/papeling</i>
<i>cekikik</i>	<i>gegujengan</i>
<i>anak-anakan</i>	<i>sesilih/sisilih</i>

DWILINGGA

A. Wujude tembung kang dhapur *dwilingga*

1. Dhapur *dwilingga* iku warna-warna wujude, yaiku :

a. *Dwilingga wantah*

Yaiku *dwilingga* kang dumadine mung sarana karangkep tembungé bae, tanpa owah-owahan.

bocah-bocah *mbalang-mbalang*
mangan-mangan *weruh-weruh*

b. *Dwilingga salin swara*

Yaiku *dwilingga* kang dumadine sarana ngowahi :

(1). *Swaraning tembungé kang ngarep.*

sapa → *sopa-sopa*
sendhen → *sendhan-sendhen*
bali → *bola-bali*

(2). *Swaraning tembungé kang buri :*

pindhah → *pundhah-pindheh*
kembang → *kembang-kembeng*
slendhang → *slendhang-slendheng*

(3). *Swaraning tembungé loro pisan :*

madhang → *modhang-medheng*
gampang → *gompang-gempeng*
abang → *obang-ebeng*

2. *Caboran tunggal* yen digawe *dwilingga*, karangkep kabeh :

semar mendem → *semar mendem-semar mendem*
parang rusak → *parang rusak-parang rusak*
kala menjing → *kala menjeng-kala menjeng*

3. *Camboran wudhar* yen digawe *dwilingga*, kang karangkep tembungé kang ngarep

pager wesi → *pager-pager wesi*
omah sewan → *omah-omah sewan*
gudhang kopi → *gudhang-gudhang kopi*

4. Tembung andhahan kang luwih saka rong wanda yen karangkep mung dicekak :

tineter → *tineter-teter*
saolehe → *saoleh-olehe*
tumimbal → *tumimbal-timbal*

5. Tembung kang karaketan ater-ater **sa, pa, pi, pra, ka** (kang nelakake tembung aran) yen didwilinggakake karangkep kabeh (manawa tanpa panambang) :

sapele → *sapele-sapele*
pituduh → *pituduh-pituduh*
prakara → *prakara-prakara*
panemu → *panemu-panemu*
kakasih → *kakasih-kakasih*

6. Tembung lingga kang oleh ater-ater anuswara didwilinggakake :

- a. manawa ora luluh, tembunge kang buri tanpa ater-ater :

njupuk → *njupuk-jupuk*
nggambar → *nggambar-gambar*
mbalang → *mbalang-balang*

- b. manawa luluh, tembunge kang mburi uga diluluhake

mangan → *mangan-mangan*
nulis → *nulis-nulis*
ngukur → *ngukur-ngukur*

B. Tegese rimbag dwilingga

- a. kang kagolong tembung aran, tegese warna-warna :

- *Kabupaten-kabupaten wis padha ana PMI-ne* (= saben kabupaten)
- *Murid-murid wis padha sinau* (= kabeh murid)
- *Aku kok kepengin ngemil, golekn nyamikan kacang-kacang kana to.* (= upamane/kaya ta kacang).
- *Aja sok wani nerak angger-angger* (= sing minangka dadi angger)
- *Aja seneng njajan saenggon-enggon* (= sadhengah enggon).
- *Kancaku saklas encik-encik* (= sing akeh encik).

- b. Kang kagolong tembung kriya, tegese warna-warna :

- *Liburan kok mung tura-turu bae, bok ya maca-maca* (= tansah turu). (= kaya ta maca)
- *Yen durung tekan panggonane aja mandheg-mandheg* (= kongsi mandheg).

- Yen gelem tumandang ya aja **sagelem-geleme** (= waton sageleme)
- Uruna to **sabisa-bisamu** (= sapira bisamu).

c. Kang kagolong tembung kaanan, tegese warna-warna :

- Sadurunge kowe njedhul atiku **melang-melang** (= tansah melang).
- Yen kowe tlaten neniteni **suwe-suwe** bisa dadi pinter (= sangsaya suwe).
- Bocah iki **gedhe-gedhe** kok dadi nakal (= bareng gedhe).
- Ayo **banter-banteran** numpak sepedha (= adu banter).
- Gulane ya mung kari kuwi, mula anggonmu ngolak ya **salegl-leglne** (= apa anane legi).
- **Sathithik-sathithik** isih ana sing diarep-arep (= sanajan sethithik).

DWIPURWA

A. Gatekna !

1. Rimbag dwipurwa iku wanda kawitane kudu katulis nganggo e (pepet)

lara → lalara → lelara
 tuku → tutuku → tetuku
 pitu → pipitu → pepitu
 wèwèh → wèwèweh → wèwèweh
 donga → dodonga → dedonga
 njupuk → njujupuk → njejupuk
 griya → gigriya → gegriya
 gramang → gagramang → gegramang

2. Kang ora kena didwipurwakake :

- Tembung kang luwih saka rong wanda, kaya ta :
prasaja, pitutur, tembako
- Tembung kang apurwa aksara swara (a; i, u, e, é, o)
amék, idin, udan, eman, obah

B. Tegese rimbag dwipurwa

- **kekudhung godhong gedhang** (= nganggo kudhung)
- **Sapa tetuwane kamping iki ?** (= sing dianggep tuwa)
- **Bakul bumbon iku menyang pasar kekulak** (= ngayah apa sing di kulak)
- **Aja padha nglalekake leluhur** (= kabeh sing kagolong luhur)
- **Dokter nglarani mangan pepedhes** (= kabeh kang pedhes)
- **Tetiyang dhusun sami tetanen** (= umume tiyang) (= nindakake pakaryan tani)

DWIWASANA

A. Gatekna !

Rimbag dwiwasana iku dumadine saka tembung ngrong wanda kang karangkep wandane wekasan kaucapake kaping pindho, wandane kapisan aswara e (pepet).

- Yen wandane wekasan sigeg, sesigege dibuwang dhisik :

cenges → *ce-nges-nges* → *cengenges*

celuk → *ce-luk-luk* → *celuluk*

jegik → *je-gik-gik* → *jegigik*

- Yen wandane kang kapindho nganggo sandhangan *cakra* utawa *keret*, yen diseselake cakra lan kerete ilang, kaya ta :

jegreg → *je-greg-greg* → *jegegreg*

cekruk → *ce-kruk-kruk* → *cekukruk*

B. Tegese rimbag dwiwasana

Sapa sing *celuluk* kuwi mau ? (= ambal-ambalan nglairake celuk).
 Apa padha pating *cengenges* (= tansah nindakake cenges)

LATIHAN

1. Tembung-tembung iki dadekna rimbag **dwilingga wantah** lan **dwilingga salin swara**, banjur gawenen ukara !

- | | | |
|----------|-----------|----------|
| - kandha | - njambak | - ngajak |
| - muni | - ndudud | - alon |
| - wegah | - mangan | - beling |

2. Tembung-tembung iki dadekna rimbag **dwipurwa** lan gawenen ukara !

- | | |
|------------|-------------|
| - mbuwang | - nyandhang |
| - suguhan | - njaluk |
| - dagangan | - mangan |

3. Dadekna rimbag **dwiwasana** lan gawenen ukara !

- | | |
|----------|----------|
| - dengek | - cekak |
| - cekik | - bedhug |
| - cengis | |

4. Apa tegese rimbag **dwilingga** ing ngisor iki ?

- Aja **njowal-njawil** adhimu, ta !
- Wit pelemku uwohe **gedhe-gedhe**.
- **Kanca-kancaku** mengko padha dolan mrene.
- Prei ana ngomah bok ya **nyapu-nyapu** rak ya bisa ta kowe ?
- Kancamu siji kuwa **mrena-mrene** kuwi ana perlu apa ta ?
- Coba kowe nyuwaraa **sauni-unilmu** !

IV. NULIS

Tulisen nganggo aksara Jawa sing bener !

Paragraf kapisan wacan ing dhuwur iku.

V. UKARA SAMBAWA

A. Gatekna !

- Ukara **sambawa** iku ukara kang nduweni teges : *upama, pangarep-arep (pamuji), pangajab (muga-muga), mokal* ing bab kalakone prastawa.
- Lumrahe migunakake *tembung kriya* kang karaketan panambang : **a, ana** utawa **na**.

Tuladhane :

- a. 1). *Udana* aku ora bisa teka. (tegese : *upama udan*)
- 2). *Kondura* saiki mana bapak. (tegese : *ngarep-arep kondure*).
- 3). *Udana* kae aku sida mangkat. (tegese : *sanajan udan*).
- 4). *Udana* mana karben ijo tandurku. (tegese : *muga-muga udan*).
- 5). *Kowe* maneh bisaa, aku bae ora bisa. (tegese : *mokal kowe bisa*).
- b. 1). *Dak-bubutana* sukete wis mati saiki. (tegese : *upama dak bubuti*).
- 2). *Disrengenanana* mana Sardi, karben kapok. (tegese : *ngarep-arep disrengeni*).
- 3). *Dituturana* kae Narta ora gelem nggugu. (tegese : *sanajan dituturi*).
- 4). *Diudanana* mana tandure karben enggal lemu. (tegese : *muga-muga diudani*).
- 5). Aku maneh *dikandhanana*, ibune bae ora dikandhani. (tegese : *mokal dikandhani*).
- c. 1). *Ditambakna* wis mari larane. (tegese : *upama ditambakake*).
- 2). *Diunggahna* saiki mana pangkatku. (tegese : *ngarep-arep diunggahake*).
- 3). *Ko-tukokake* sandhangan kae aku emoh melu kowe. (tegese : *sanajan ditukokake*).

- 4). *Dielingna Pangeran mana Sidi kae saka tindake kang ora bener. (tegese : muga-muga dielingake).*
- 5). *Kowe maneh dijelukna dhuwit, aku bae ora. (tegese : mokal dijelukake).*

B. Latihan

Gawea ukara kang nelakake *upama, pangare-arep, pangajab, mokal kelakone* kang adhapur kaya ing tuladha a, b, c ing dhuwur iku **niji bae !**

VI. KASUSASTRAN

- A. Pethikan **candraning alam** ing ngisor iki wacanen batin lan rasakna, banjur wacanen kang sora kanthi lagu/pocapan kang cocog karo isine !

REMBULAN ANDHADHARI

*Ing tancebing langit ing sisih wetan katingal cahya aman-
corong, anyoroti sawarnaning mega lelapisan, saweneh wonten
ing kang abrit mereh-mereh, wonten ing kang jene sepuh kados
mas sinangling, wonten ing kang kapuranta, saha wonten ing-
kang pethak memplak, kados-kados minangka sumber asaling
sorot wau sadaya, jer sakiwa tengenipun katingal cetha ngegla,
tandha bilih pancen punika wau saestu ing kang nyata suka pa-
padhang, suka lejar ing manah dhateng sok sintena ing kang
purun ngraosaken dhateng endah edining bawana.*

*Punapa ta ing kang njalari wontenipun cahya endah edi ma-
rakata makaten punika. Boten sanes inggih punika badhe
jumedhulipun sang sitaresmi, jumedhul angleresi wulan pur-
nama. Saya sakedhik saya dangu pasuryanipun sang hyang
Badra saya katingal ngalela wetah cetha wela-wela andedel
mumbul, sakedhap-sakedhap kasaput ing mega sawatawis,
katingal surem-surem adamel lam-laming manah. Sareng mega
ing kang nutupi wau kabuncang ing samirana aris, sang hyang
Wulan katingal sumeblak mancorong mandhangi jagad raya,
anggelar praba, cahyanipun mancur sumirat, kados-kados ang-*

*gentosi kalenggahanipun sang hyang Praptanggapati ingkang
nembe kemawon jengkar sumilem ing dhasar ing bumi ing
imbang pracima.*

*(Cariyos kekesahan saking tanah Jawi dhateng
nagari Walandi, dening R.M.A Suryosuparta).*

B. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana !


- 1). Bab apa bae kang dicritakake ing anggitan iku ?
- 2). Ing sisih wetan ana apa ? Ing wayah apa iku ?
- 3). Molah-malihing mega iku marga apa ? Megane katon pirang warna ? Aranana !
- 4). Apa sababe dene rembulan iku sok katon ngegla, lan sok katon surem-surem ?
- 5). Yen wong gelem ngrasakake rembulan banjur kapriye ?
- 6). Rembulan ing kene dikandhakake "nggentosi kalenggahan". Kalenggahane sapa ? Apa sababe dicandra mangkono ?

C. Goleka tuladha gancaran Ija kang isine candraning alam cacache siji bae, banjur wacanen ana ngarep klas !

— 000 —

KAPUSTAKAN

- Dalil Prawirodihardjo, *Paribasan*, Spring, Yogyakarta.
- Hadisoebroto, T. *Paramasastra Jawi*, Widya Duta, Surakarta, 1974.
- , *Sarwa-Sarwi*, Widya Duta, Surakarta 1974.
- Poerwadarminta, W.J.S., *Baoesastra Djawa*, J.B. Wolters, Vitgevers. Maatschappy NV Groningen Batavia, 1939.
- , *Sarining Paramasastra Djawa*, Noordhoff Kolff N.V. Jakarta, 1953.
- Prawiro Atmodjo, S. *Bausastra Jawa*, Yayasan "Djojo Bojo", Surabaya, 1987.
- Porbatjaraka, M. Ng. Prof. Dr., *Kepustakaan Djawa*, Djambangan, Jakarta 1952.
- Probohardjono R.S., *Pakem Wayang Purwa*, RATNA, Solo, 1960.
- Padmosoekatjo, S., *Ngengrengan Kasusastran Djawa I, II, Hien Hoo Sing, Yogyakarta, 1958.*
- Prawirodihardjo, S., Burat Sari, Harapan Masa, Jakarta, 1957.*
- , *Burat Sari I*, Citra Jaya, Surabaya 1980.
- Kementerian "Pengajaran, Pendidikan dan Kebudayaan, Karti Basa Jakarta, 1946.
- Kats, J., *Serat Warna Sari Djawi*, Boekhandel Visser & Co, Weltevreden, 1922
- , *Punika Pethikan Saking Serat Jawi Tanpa Sekar*, Visser & Co, Weltevreden, 1928.
- , *Serat Bab Dapoekanipoen Basa Djawi*, Boekhandel en Drukkery Visser & Co, Batavia. C, 1935.
- Ras, J.J., *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*, Grafiti Pers, Jakarta, 1985.
- Samsirliardja, Mas., *Layang Neka, Tjatoer Djawa*, Drukkery Ruygrok & Co., Batavia, 1917.
- Soelardi, R.B., *Serat Rijanto*, Balai Pustaka, Weltevreden, 1920.
- Soetarno – Soebroto, *Sari Jawi I, II, III*, Widya Duta, Surakarta, 1981.
- Soetarno, *Bisa Jawa II, III, IV, V, VI*, Widya Duta, Surakarta, 1981



Catatan:







Penerbit
WIDYA DUTA
Surakarta

Jl. Honggowongso 139
☎ 6053 Surakarta